

SAN VYOLANS, SAN TOUYE MOUN: POU YON LÒT SYANS POLITIK

Glenn D. Paige

Prefas edisyon kreyòl: Dr. Max Paul



Sant Karayibeyen pou San-vyolans
Ak Devlopman Dirab
(CCNGD)

© Glenn D. Paige, 2009

© Sant Karayibeyen pou San-vyolans Ak Devlopman Dirab (CCNGD), 2009

Published in Haïty by

Sant Karayibeyen pou San-vyolans Ak Devlopman Dirab (CCNGD)

7, Impasse Inginac, Rue Garnier, Bourdon

Port-au-Prince, Haïti

Adresse Postale

B.P. 530

Port-au-Prince, Haïti

Tel.: +(509) 3917-1926

Email: info@ccngd.org

Website: <http://www.ccngd.org/>

With the support of the

Center for Global Nonkilling

Post Office Box 12232

Honolulu, Hawai'i 96828

United States of America

Email: info@nonkilling.org

<http://www.nonkilling.org>

Tab Matyè yo

<i>Prefas edisyon kreyòl</i>	7
<i>Prefas</i>	9
1. Eske yon sosyete moun pap touye moun posib?	11
2. Kapasite pou yon sosyete moun pa touye moun	25
3. Implikasyon pou syans politik la	49
4, Enplikasyon nan zafè rezoud pwoblèm yo	59
5. Konsekans travay enstitisyon yo	73
6. Syans politik global ki chita sou pa touye	85
<i>Apendis A</i>	95
<i>Apendis B</i>	97
<i>Apendis C</i>	99
<i>Apendis D</i>	103
<i>Not</i>	109
<i>References</i>	113

Richard C. Snyder
1916 – 1997

H. Hubert Wilson
1909 -1997

Politològ, anseyan, zanmi

Yon syans ki anvi bliye fondatè l yo se yon syans ki pèdi.

Alfred North Whitehead

Prefas edisyon kreyòl

Dr. Max Paul

Prezidan Konsèy Administrasyon
Sant Karayibeyen pou San-vyolans
Ak Devlopman Dirab (CCNGD)

Nou kontan pou nou prezante bay piblik ayisyen an ansanm ak tout peyi ki pale kreyòl yo tradiksyon kreyòl liv «Nonkilling Global Political Science» Glenn D. Paige la, gwo profesè nan inivèsite Hawaiï, tit li se «San-vyolans san touye moun pou yon lòt syans politik».

Liv sa deja tradwi nan plis pase 21 lang, tankou ris, chinwa, endi, espayòl, arab, japonè, ak lòt tradiksyon y'ap fè toujou.

Profesè Paige se yon anseyan ak chèchè yo ki rekonèt epi respekte nan mond akademaik la tankou mond politik la> an septanm 2004, asosyasyon amerikèn syans politik la te ba li maday «Distinguished career Award» pou anseyman l ak rechèch pou rive nan transfòmasyon politik la.

Profesè Paige panse yon lòt fason fondman syans politik la. Konsa, syans politik la poze kòm lide avèk Aristote, Platon, Hobbes, Weber, Machiavel, pou nou site moun say o sèlman, nosyon vyolans, menas pou touye ak lide moun fèt tou vyolan. Profesè Paige, li menm, propose yon lòt syans politik kote fondman li se san vyolans, san touye moun, respè lavi. “San vyolans”, “san touye moun”, “Respekte la vi” se sou konsèp elemantè say o li bati system teori politik la. Bon kote system li a rete nan louvèti li kreye ak tout chèchè ak moun k'ap pratike politik.

Profesè Paige envite tout lòt disiplin syantifik ak da yo pou dakò ak konsèp elemantè sa yo tankou fondman ak premye lide pou bati teori ak aplikasyon pratik .

Profesè Paige montre emèjans yon sosyete san vyolans, san touye moun, ki retire tout menas pou touye ak retire lavi yon moun oswa yon gwoup moun, kwayab epi posib. Li defini sosyete san vyolans san touye moun nan konsa:

Se yon kominote moun, soti nan pi piti rive nan pi plis, soti nan lokalite pou rive nan globalite, kote moun pa gen lide pou touye moun epi p'ap fè menas touye, pa gen zam ki kreye pou touye moun eak okenn rezon pou itilize yo epi okenn kondisyon pou sosyete a depann sou menas oswa fòs omisid pou kenbe oswa fè chanjman.

Pa gen dout profesè Paige ap mache sou tras gran itopis reyalis yo tankou, Mahatma Gandhi, Martin Luther King Jr, Nelson Mandela, Charles Alpin Jr, Bernard Lafayette, Gene Sharp, Johan Galtung etc.

8 *San vyolans, san touye moun: pou yon lòt syans politik*

Piblye liv sa” san vyolans, san touye moun: pou yon lòt syans politik” nan konteks sosyo-politik kounye a nan peyi d’Ayiti, kote gen anpil vyolan sa ki toujou la ak sa k’ap parèt tanzantan ki jwenn sipò nan viris pou detwi pwòp tèt li ak detriksyon, viris “ Koupe tèt boule kay” yon vyolans konjonktirèl ki gen asasinay, kidnapping, moun ki gen zam k’ap vole, moun k’ap simen terè ak kè sote, se yon defi ak yon apèl: defi pou nou imajine transfòmasyon peyi sa estriktirèlman ak konjonktirèlman nan yon sosyete san vyolans, san touye moun, maronajak “ Koupe tèt boule kay’ ak rele tout aysyen pou transfòme tèt liepi aprann rezoud kontre ki ant noumenm, nan sosyete a, nan ekonomi nou, ak politik ak mwayen san vyolans.

Remèciman

Cant Caribeyen pou Non vyolans Global ak Developman Dirab ap remèsye anpil, Exantus Jean Francois, Roberto Jean Baptiste, Gerald Calixte, Roland Joseph pou tradiksyon tèks fransè a nan lang kreyòl. Se pa yon egzèsis ki te fasil, men tradiktè yo rive avek anpil efò, refleksyon ak diskisyon bay yon tradiksyon kreyòl ki fidèl avek sa otè Glenn D. Paige vle di nan liv sa a.

Prefas

Liv li sa rete premyèman sou lòt konsiderasyon ak kritik mond syans politik lan sou tout planèl la, etidyan premye ane ak gwo profesè yo. Pa plis laj gwo konèsè ki pa fè gran chanjman ak lide ki fè kwè touye se na kè lòm li ye, ak teori tankou pratik tpolitik dwe asepte l. Nou espere lektè yo vin jwenn mouvman poze kesyon sou lide sa epi ki pral kontribye ak refleksyon ak aksyon pou nou ka vanse nan tout mond lan san touye moun.

Se petèt premye liv nan lanj anglè a nou jwenn ladann mo “Pa touye moun”. Mo yo pa itilize souvan. L’ap chache dirije atansyon pi lwen “ lapè” “san vyolans”, pou nou ka konsantre espesifikman sou lide pa touye moun. Anpil moun ki konsantre aksyon yo sou pa touye jwenn li negative, twò dwat, ak kite yon lòt bò bagay ki pi enpòtan. Yo pral dakò san kè sote ak Gandhi paske yo tradwi mo Ahimsa (san vyolans: pa blese pandan n’ap panse ak pale epi nan fè aksyon) pou pa touye pa chanje anpil bagay nan fè vyolans.

Ki donk, Gandhi kapab li menm, tankou yon lektè, k’ap reflechi, kapab fè tèt li kwè epi sou kouman yo ka elimine touye tankou sous ak ajan k’ap bay jarèt ak lòt fòm vyolans. Yon gwo avanse nan syans politik lan ki kwè nan yon mond kote moun p’ap touye moun kapab pèmèt nou soti nan politik k’ap retire lavi pou nou rive nan politik k’ap asire li.

Liv sa defann lide yon sosyete san touye ka posib, chanjman nan disiplin akademik syans politik yo ak nan wòl sosyal y’ap jwe kapab menmen nou nan sosyete sila. Li de ki fè kwè touye nan kè nati imèn ak nan lavi sosyal ki dwe dakò nan etid ak pratik politik nou ka poze kesyon ak pwosesis sa yo. Premyèman lide ki fè kwè moun, byolojikman selon kondyonman yo kapab touye oswa pa touye. Dezyèmman, obsèvatè yo montre menm lè yo gen kapasite pou touye majorite moun pa fè l’, epi yo pat moun ki tap touye. Twazyèmman yo pakèt enstitisyon te deja fè wè gen kapsaite pou pa touye, ki mete ansanm (melanje ak adapte yon fason kreyatif, kapab bay anpil eleman pou rive nan yon sosyete kote moun p’ap touye moun.) Katryèmman, lè nou gade pwogrè jodi a ak syans k’ap chache kòz k’ap touye ak kòk ki pap touye, ak sòti nan kòz tranzisyon touye pou rive nen pa touye, li posib pou nou vini nan faktè sikolojik ak sosyo ki bay lanmè pou rive fè transfòmasyon nan pa touye moun. Senky mman, akòz sa, wòl nati moun k’ap touye mound we sèvi moun pou tonbe tankò ak vyolans ki genyen na syans politik ak politik dwe vini pi piti pwoblèm tankou fondman disiplin nan. Sizyèmman, pou nou avanse nan elimine nan tout mond lan lide pa touye nan lavi lokal ak mondyal, politològ jounen jodi a ki pa kwè nan kapasite moun pouf è tranfòmasyon sosyal san touye dwe vin jwenn mouvman sa ki konsidere posibilite pou nou rive ladann tankou yon pwoblèm nou kapab fè anpil rechèch, ipotetikman sou fòm teorik, nou mete ansanm eleman endiktif ak dediktif yo. Analiz ipotetik ak prese pou nou fè jwèt ki realize tou ak moun ki gen dout epi sila yo ki dakò posibilite pouf è anpil transfòmasyon pou rive na pa touye kapab kontribye pozitivman nan avansman disiplin nan. Menm jan defansè ak kritik yo ki pa kwè nan nikleyè ankaje yon an

rechèch teorik ak rete sou rezilta nan nivo mondyal ak lokal nan yon gè nikleyè k'ap fini sou tout planet la, chèchè ki kwè nan pa touye yo ak sila ki dakò ak vyolans kapab mete konesans yo ansanm pou etidye yon manyè k'ap konstwi ak kritik kondisyon ki posib yo avan, pwosesis ak konsekans angajman yo, pou nou kapab mete sou pye bon jan kondisyon lavi nan mond lan san touye.

Menm si liv sa se pou sila yo k'ap etidye epi pratike sye an politik, li evidan kounye a nou pa ka rive nan sosyete kote moun pap touye moun nan san dekouvèt yon kontribisyon disiplin nan inivèsite yo. Pwogrè k'ap pèmèt nou reyalize premyè èv say o" *The ways of powers of love (manyò ak pisans lanmou)*" (1954) Pitirim A Sorokin, sosyològ Harvard, pou rive nan yon syans aplike nan lanmou youn pou pou lòt, se yon bon ekzanp. Pou chak etap nan lavi, nou gen bezwen syans natirèl ak byoloji, syans sosyal ak imèn, pwofesyon ki chita sou pa touye moun, ak tout lòt moun ki pa konn touye moun. Pi plis ankò, pou nou konprann tout kapasite moun ki nan tan pase ak kounye afk yonn pataje ak lòt konesans ak eksperyans pou nou rive depase baryè kiltirèl lokal yo. Pou gen sansib, pou konesan jis, pratik kap dire, syans politik la dwe apiye 'l sou pa touye moun nan tout mond lan nan zafè konsepsyon ak patisipasyon.

Chapit 1

Eske yon sosyete moun pap touye moun posib?

Filozofi kòmmanse lè yon moun poze yon kesyon ki gen ladann tout bagay, epi syans la li menm fè'l menm Jan tou.

Bertrand and Russel

Tout kesyon yon peyi kapab poze soti Nan nivo devlopman politik peyi sa a. Echèk peyi sa a, se paske esansyèl kesyon yo pa janm poze.

Jawaharlal Nehru

*Eske yon sosyete moun pa touye moun posib? Si li pa posib, poukisa?
Si li posib, poukisa?*

Men, kisa sa siyifi, yon sosyete moun pa touye moun? Se yon kominote kreyenivan kap viv nan tout kwen sou tè a. Objektif kominote sa se: Ou pa dwe touye moun Ou pa dwe menase touye moun Zam pa fèt pou touye moun Epi pa gen okenn lwa pou itilize zam pou touye moun Pa gen kontra ki chita ni sou menas ni sou fòs touye moun kòm swadizan di chanjman. Pa touye moun oswa pa menase touye moun. Bagay sa ka aplike pou zannimo yo oswa pou lòt kreyati yo. Kesyon pa touye moun nan pa dwe soti anndan okenn lòt fòm vyolans. Pa gen zam ki egziste pou touye (sèlman nan mize ki chita sou listwa krim moun nou kapab jwenn zam sa yo) epi pa gen okenn lwa ki tabli pou wete lavi moun. Epi si'n ta vle konprann zam se pa sèl mwayen pou moun touye moun, paske ponyèt nou ak pye nou se kont pou touye – Men nan kominote sa a pa gen okenn detèminasyon pou itilize zam sa yo ni pou devlope yo. Pa gen okenn relijyon ki preche nou pou'n touye moun Pa gen okenn lwa tou ki otorize nou touye moun Pa gen gouvènman ki dakò pou yo wete lavi moun Pa gen revolisyonè ki bay lòd fè sa Pa gen entèlekyèl ki pote eskiz pou sa Pa gen atis ki chante pou onore sa Menm tradisyon yo pa kenbe'l kòm souvni Bon sans nou pa dirije nou nan sa Menm nan langaj enfòmatak jounen jodi a, sosyete a pa bay ni « hardware», ni « software» pou touye.

Baz sosyete a pa chita sou touye. Pa okenn rapò sosyal ki mande pou'n touye oswa menase touye pou'n kenbe'l oswa pou'n chanje'l. Okenn pouvwa, tankou sa ki gen awè ak responsablite, richès, pozisyon (Moun nan sosyete), relasyon (moun genyen), fòs, konesans ak kapasite espesyal yon moun genye, relijyon epi kilti; pa mande pou'n touye pou'n jwenn yon sipò oswa pou'n ta kore'l. Sa pa di sosyete a pap gen fwontyè, pap gen diferans, pap gen konfli. Men baz sosyete a epi fason l'ap mache pa pral gen awè ak touye .Nan pwèn chimen ki chita sou lalwa oswa akote lalwa ki bay wout pou touye.

Kidonk, lavi nan sosyete moun pa touye moun nan pa gen tras okenn vyolans tankou touye oswa menase touye ni teknoloji ki ta gen awè ak kondisyon lanmò oswa mwayen pou jistifye lanmò.

Eske yon sosyete moun pap touye moun posib?

Repons nou sou kesyon sa pral gen awè ak esperyans pa nou, fòmasyon travay nou, kilti nou ak kote n'ap viv – tout bagay sa yo se mwayen moun ki etidye syans politik itilize pou espliche kompòtman lòt yo – menm nou menm pa pwoteje kont enflyans tout bagay sa yo.

Sa vrèman enkwayab !

Se te repons yon gwoup ven konesè ameriken nan syans politik ki te chita dakò sou yon kesyon ki te yon tijan sanble ki te poze pandan yon seminè ete ki jwenn sipò National Endowment for the Humanities (Fondasyon Nasyonal pou imanite yo) nan lane 1979 kote yo te vle panse yon lòt fason sou kòman yo anseye politik nan inivèsite oksidantal yo. Lè sa kesyon ki te poze se te : «Politik san vyolans ak syans politik ki gen baz san vyolans eske yo posib?» kat gwo branch syans politik nan amerik te reprezante egalego nan seminè a: Teyori politik, gouvènman ameriken, politik konparatif, ak relasyon entènasyonal yo. Tout patisipan yo se te gason.

Te gen twa agiman ki te bay sou kesyon an pandan yon ti bout dyalòg nan fen seminè a. Premyeman, kreyen vivan pa fèt tou asasen; se zannimo sosyal danje yo ye, yo prè pou touye. Dezyèmman, rate resous pral toujou trenen konpetisyon, konfli, ak touye. Twazyèmman, posiblite pou toujou gen vyòl egzije gason yo tou prè pou touye pou defann fanm nan fanmi yo. (Agiman ki sanble ak pawòl anpil fanm nan peyi amerik pa te avanse: « m'ap touye nenpòt moun ki menase lavi pitit mwen ». Kesyon ki ta sanble ase pou anpeche tout lòt panse ki gen awè ak posiblite pou yon politik moun pa touye moun pa te poze nonplis: « Kòman nou pral bloke Hitler epi olokos ak mwayen san vyolans ? ») Agiman primè nati imèn, ekonomi mal asire, ak agresyon seksyèl te ase pou rann syans ak pratik politik pa touye moun enkwayab.

Tout jan yo analize si ya chanje politik ameriken an sa pa't fasil. Paske yo itilize pouvwa yo, menm Jan yo pini moun ak tradisyon lalwa nan peyi lachin tankou nan peyi end. Nou mèt dakò, nou mèt pa dakò, nou jije nòmal pou moun touye moun paske se li menm k'ap ede nou genyen yon bon sosyete.

Nan Repiblik ideyal Platon an (427 – 347 anvan Jezi Kri), dirijan filozòf yo (gadyen yo) angaje nan klas gèrye yo (Sibaltèn yo) te

gouvènè pwodiktè ak esklav yo ak anpil vyolans. Pi byen ankò, tankou jan Léon Harold Craig te di'l, «yon obsèvatè net ap difisilman evite pou di (nan Repiblik Platon an) lagè dwe konsidere tankou yon bagay ki esansyèl nan lavi politik, kidonk tout lavi, epi tout desizyon enpòtan yo dwe pran alegad lagè». (Craig, 1994: 17; Cf sagan1979). Nan politik aristote la (384 – 322 anvan Jezi Kri), nan rejim yo aksepte nan sa a te gen yon sèl moun oswa plizyè moun k'ap dirije'l – pwopriyete ki gen richès yo pote zam epi lame esansyèl pou kenbe esklav yo obeysan ak anpeche lenmi vin mete yo nan esklavaj. Ni Platon ni Aristote youn pa konsidere prezans pèmanan krim militè.

Youn yo te pi konsidere nan lane (1469 – 1527), ki te rele Machiavel, li te fè parèt akèl nan liv, prens la, dirijan yo touye moun pou yo ka kenbe pouvwa, pou non yo ka

site anpil pou yo ka bay yo glwa ak tout peyi yo. Li pi bon pou gouvènèn ak riz «yon renna»; men, lè sa nesèsè, dirijan yo pa ta dwe ezite pou kouri pran chiman vyolans tankou «yon Lyon». Yo fòmè lòt twoup lame pou ranfòse pouvwa Repibliken an.

Nan lane (1588 – 1679) Thomas Hobbes fè parèt aklè nan yon liv, Leviathan, moun k'ap gouvènèn yo touye moun nan non pèp la epi yo fè kwè se pou sekirite pèp la tankou pou yo genyen batay lè y'ap goumen ak lòt peyi. Men kote ki pa gen leta, moun yo touye jan yo vle, yo tankou bèt epi se masak sou masak. Se sa ki fè yo toujou bezwen yon leta ki reskonsab zafè touye pou yo ka viv yon tijan miyò. Men sa pa vle di yo pap touye tou pou yo defann tèt yo. Sa nòmal si Hobbes pa jistifye rebelyon ak zam.

John Locke (1632 – 1704) jistifye sa tou nan de trete gouvènman. Li te wè bagay yo menm jan avèk Platon, Aristote, Machiavel epi Hobbes kòm kwa chèf kap dirije ta dwe prè pou touye. Men li ale pi lwen, pou'l bay rezon ak moun k'ap touye pou yon chanjman. Lè pouvwa anplas la vin lage nan fè zak maspinay nan vyole dwa moun genyen pèp la dwe chavire pouvwa sa tèt anba. Paskè menm jan yon asasen twouve li nòmal pou asasen yon moun se menm jan tou sitwayen ki nan sosyete sivil la kapab detwi yon dirijan despotik.

Ni sa Hobbes di ni sa Locke di sou kondisyon lanmò, ant moun k'ap dirije ak moun y'ap dirije yo sanble koudegout dlo avèk sa Karl Marx (1818 – 1883) ak Friedrich Engels (1820 – 1895) di nan Manifès kominis pou byennèt klas ekonomik la. Nou kab atann klas kigen mwayen yo defann epi elaji enterè yo ak fòs lanmò. Men lè relasyon materyèl ak sosyal yo nan yon rive faz kritik, nou kab atann nou wè klas y' ap eksplwate yo kanpe nan rebelyon ak vyolans pou chanje estrikti ekonomik ak politik sosyete a. Chanjman pasifik ka parèt posib nan kèk ra ka demokrasi elektoral. Nan yon moman annegad lavni, nan fen eksplwatasyon ekonomik sityasyon lanmò ki gen awè ak klas sosyal ap disparèt. Men diran peryòd tranzisyon an, eleman ekonomik yo ap soumèt ak touye.

Sa Locke ekri ak sa Marx ekri vin gen menm sans avèk sa Hobbes ekri epi li sanble tou ak sa Jean Jacques Rousseau (1712-1778) prezante, nan kontra sosyal la, teyori «kontra sosyal» kòm baz pou òganizasyon politik leta a. Sitwayen yo fòmè, ansanm, anmenm tan otorite souvren epi yo se sibaltèn leta a. yo angaje yo pou yo obeyi ak otorite k'ap dirije a ki fè epi aplike lwa yo ki soti «nan konsantman tout moun nan sosyete a». Nan kontra sa a, leta lage'l nan fè gè ak anvayi lòt peyi, trèt yo dwe mouri selon lalwa, epi yo dwe touye kriminèl. Pouvwa anplas la ka bay lòd ak sitwayen yo pou yo sakrifye vi yo pou leta:

Lè prens la te di ak yon sitwayen: li bon pou mouri pou leta, Li dwe mouri, piske ... vi'l pa sèlman yon byenfezans ki soti nan lanati men se yon kado leta fè.

Kontra sosyal, liv II, chapit V

Lè yon gwo zotobre di yon sitwayen : se dwa leta pou touye w, li dwe mouri, piske... lavi l pa selman yon kado la nati men yon don leta a.

Kontra sosyal, liv II, chapit V

Finalman, kontra sosyal demokratik Rousseau a se yon kontra ki gen ladann kondisyon lanmò.

Nan 20è syèk la, komansè 1864 rive 1920 te gen yon potòrik gason yo te rele Max Weber, nonm sa a te fè pale de li kòm ekonomis politik epi tou nan sa ki gen awè ak sosyete Almay la, tankou nan liv, «politik kòm yon vokasyon»- nan inivèsitè Munich,

lane 1918, orijin yon diskou li te fè – kote'l voye jete lide politik ka fè san san pa koule. Pou weber, « nan politik pi bon mwayen pou fè sa ou vle mele ak vyolans ». Dapre listwa, tout enstitisyon politik k'ap domine yo soti nan batay ak vyolans pou pouvwa. Konsa, Weber defini leta modèn kòm « yon kominote moun ka'p mande (avèk siksè) pou yo gen kontwòl fason lalwa ap itilize fòs fizik nan yon teritwa kèlkonk (anfaz nan orijinal la) ». Men, « sila k'ap chache sove nanm, non sèlman nanm pa li, men tou nanm pa lòt yo, pa dwe ap chache'l nan chimen politik, paske plizyè fonksyon nan politik pa kab mache san pa gen vyolans » (Weber 1958: 121, 78, 126).

Kidonk, li klè gwo pwofesè ki nan pòy Weber epi ak filozòf ki te la avan li yo te konsidere syans politik ki chita kote moun pap touye moun kòm bagay « enkwayab ». Oryantasyon pwofesyonèl ki plase anba eksprime tou kout nan repons yon politològ ameriken senyò, nan lane 1950, ak yon jenn inivèsitè ki te mande'l pou li bay definisyon « Politik », pou li menm ki etidye politik diran tout lavi'l. Li te reponn konsa ak bwa pip li nan bouch li: « Mwen etidye pouvwa leta pou'm fè fas kare ak lanmò ».

Pi byen ankò, eko tradisyon filozofik sou kondisyon lanmò jwenn benediksyon relijyon ki aksepte vyolans, panse nan tout listwa epi nan kilti politik Etazini, sa ranfòse avèk pisans kwayans sitwayen save nan yon sosyete kote moun pap touye moun enposib. Nou tandè'l nan dife mouskè yo nan Lexington diran Revolisyon Amerikèn, nan bri Klòch k'ap jistifye lide lockéennes yo pou revòlte te pwoklame nan deklarasyon endepandans, epi bay pinga ak tout fòs nan New Hampshire: « libète oswa lanmò ». Nou tandè'l ankò nan « Im batay Repiblik la » kòm yon seròm laviktwa nan linyon kont lòt peyi konplotè yo, nou tandè'l toujou ki ap klewonnen nan « Dixie », epi nan « Im Marines yo » k'ap selebre byen lwen batay sou latè tankou sou lanmè. Li rapousib nan 21 kout kanno lè prezidan ap pran pouvwa kòm chèf peyi, pou fè sonje vyolans nan tan lontan epi pisans militè nasyon jodi a. Jou apre jou, sa pa sispann repete nan gwo seremoni sou drapo, nan im nasyonal, nan rejiman lame, evoke emosyon sakrifis epi pou sanktififye masak prezidan bay benediksyon li « Bondye beni lamerik » (Twain, 1970) 1.

Pou etazini se touye ki akouche'l, se li ki fè'l vale tèren, seli ki fè'lyon gran nasyon epi se li ki ba li tout pouvwa li genyen nan mond la. Kantite moun ki mouri ak sa ki blese, pitit kay ak etranje, sivil kou militè, pèsonn pa janm konnen konbyen kreyen vivan ki pèdi lavi yo; men reyalyte lanmò nan leta ameriken parèt sèten-nan lòt peyi yo, yo rele politològ pou reflechi ak èd yo ka bay pou touye moun, ak yon nivo yon tijan gran, ak pwòp idantite politik yo.

Yon bò nasyon tou nèt sa nan gwo batay kont pisans « kolonyal monachik » epi yon lòt bò yo kenbe lakay yo kreyen vivan nan esklavaj. Anba drapo libète a, yo kòmanse domine tout kontinan an nan vèsè san pèp endijèn yo, ak lafòs, kont vwazen nan nò tankou nan sid, epi yo fòse bay oswa achte moun yo ki renmen fè kòmès plis pase konba. Pou fè rasin nasyon an antre pi fon, leta fè lagè sivil ki touye 74.542 sòlda konfedere epi sakrifye 140,000 mò linyon an.

Leta ameriken nan ouvèl zèl li nan oseyan yo rive pran kontwòl Awayi nan lane 1899, Pòto Riko, Gwam ak filipin nan lane 1898; Samao lès nan lane 1899; ak tout zile pasifik yo nan lane 1945. Nan filipin yo mete fen ak ebelyon kont sistèm kolonyal (1898-1902) epi yo koupe gòj maures mizilman yoki t'ap batay kont kolonizasyon nan lane 1901 pou rive jouk 1913. Gwo bato lagè anvayi Japon ki te mete kò 'l akote nan zafè kòmès ak peyi etranje (1853-54).

Nasyon tou nèf sa, ak lagè epi entèvansyon yo, rive fè parèt epi defann enterè'l. Li te fè lagè ak angletè(1812-1814), meksik(1846-1848),Lespay1898, Lalmay ,Lotrichongri, Tiki epi Bilgari (1916-1918), Japon, Almay epi ak itali (1941 – 1945), Kore dinò epi ak lachin (1950 – 1953), nan vyetnam dinò (1961 – 1975), epi nan Irak (1991). Lite fè anpil entèvansyon ame nan Peken (1900), nan Panama (1903), nan Wisi (1918 – 1919), nan Nikaragwa (1912 – 1925), nan Ayiti (1915 – 1934), nan Liban (1958), nan Repiblik Dominikèn (1965 – 1966), epi nan somali (1992), nan Etazini te kwape gouvènman grenad la nan lan (1983) epi Panama (1989) ak anpil anvazyon, epi Ayiti (1992) ak anpil menas envasyon. Ak anpil envasyon oswa atak, yo te eseye mete kanmbòdj (1970) ak lawòs (1971) anba Dominasyon, yo lage yo nan fè vyolans sou libi (1986), nan Afganistan (1998) ak soudan (1998); epi yo fè parèt volonte yo genyen pou fè vanse enterè estratejik yo nan Irak (1993), nan Bosni (1995) epi nan Yougoslavi (1999).

Aprè 2è gè mondyal, ki dire yon demi syèk lit nan tout mond la kont leta ki pa dakò ak kapitalis, revolisyonè epi lòt lenmi yo, Etazini etale kapasite agresyon li yo sou tout tè a. Pi piti pase yon milye moun nan tan revolisyon an, fòs lame nòmal nasyon an te pase ak 1.5 milyon fanmi ak gason lane 1990, jwenn sipò 23.000 planifikatè nan Pentagòn, yon nouvo elit syantifik, epi endistri zam ki pi vanse nan mond la – tout sa rann posib gras ak anpil angajman chak lane pou pi piti pase yon ka trilyon dola. Lajan sitwayen kontribye palman ak prezidan apwouve. Selon kakil konsèvatè yo, pwogram zam mikleyè nasyon an, nan lane 1940 pou rive 1996, sèl li menm koute nasyon an 5.821 trilyon dola (sehwarz 1998). Etazini gen plis baz li lòt bò dlo, li diplwaye plis fòs nan peyi etrange, epi plis alyans militè. Yo fòme epi yo ame plis fòs etranje (asasen lenmi li yo, gendefwa zanmi li yo, epi menm pwòp pitit kay li yo) pase tout lòt peyi. Aktyèlman, yo vin premye kote k'ap founi zam sou yon mache ki vin gen konpetisyon epi k'ap bay lajan. Teknolojikman, Etazini vin kapab gen mwayen pou lanse yon fòs k'ap touye moun sou latè, lanmè epi anlè tout kote nan planèt la ak mwayen anpil zam ki kapab detwi epi poutan zam sa yo fèt nan lespri nayif vyolan imanite.

Etazini ki pran nesans li nan lane 1776 te deklare'l granmoun tèt li ap nou wè nan lane 1990 li fè konnen « li se sèl sipè pisans militè epi ki pi rich sou latè» (Prezidan William J. Clinton, Diskou pou «State of the Union [leta limyon an] », 19 Fevriye 1993). Selon pwòp mo Prezidan Joint Chiefs of State, general lame a John Shalikashvili, fè konnen Etazini vin tounen yon « nasyon mondyal» ak «enterè mondyal». Nan lane 1995 Etazini t'ap fete 50e anivèsè viktwa'l, lè'l te lage yon bonm atomik sou Japon, nan awayi, prezidan pwomèt tout twoup ki te rasanble yo ki soti nan tout sèvis: « y'ap toujou fòs lame ki pi byen antrene epi ki gen plis gwo zam nan mond la ».li te deklare: «Fòk nou kontinye rete nasyon ki pi pisan sou tè a, pou nou ka toujou kapab konbat fòs fènwa nan epòk nou an». Detèminasyon soti nan yon espikasyon, nan 1996, nan planifikasyon estratejik lame anlè a, avèk chiefs of Staff general Ronald Fogelman: « bi nou se pou'n jwenn, fiske, rapousib, epi sible tout sa ki bouje sou sifas tè a ». Li rapousib ankò nan yon lòt deklarasyon: « nou kab fè'l deja, men se pa nan tan reyèl» (pa padan sa ap pase). (Diskou nan fondasyon eritaj, Washington DC, 13 Desanm 1996).

Alòske 20e syèk la t'ap pwoche nan fen li, lidè meriken yo te rive Jiska deklare li se « syèk meriken», epi yo ekspriye detèminasyon yo pou yo fè premye syèk la twazyèm milènè « dezèm syèk meriken». Nan sikonstans tradisyon y'ap onore kalite vyolans genyen, etazini san touye moun enposib. Touye epi menase touye bay endepandans nasyonal, met fen ak eklavaj, li kraze nazi, ak fachis, li te mete fen olokos, sove lavi anpil moun nan peyi Japon nan lage bonm atomik anpeche kominis vale tèren, mete do anpi

sovyetik atè epi pèmèt kounye a etazini nonmen tèt li pi gwo fòs kap mache bay lòt peyi anpil libète demokratik ak ekonomikapitalis tou patou nan mond 21è syèk la.

Men pou meriken nan mond syans politik yo, gwo pwofesè ak etidyan premye lane yo, filozofi ak tradisyon politik nasyonal ase sèlman pou pwouve yon sosyete moun pap touye moun enposib. Kantite moun k'ap mouri chak jou montre sa. Chak lane sitwayen ameriken rive touye plis pase 15 mil ameriken (15.533 nan 1999; 5.7 sou chak 100.000 moun, kont 1.2 nan 1900). Moun yo deklare yo touye pa antre nan kantite « omisid ki jistifye » tankou sa laplis oswa sitwayen prive fè (294 plis 188 nan lane 1999). Toatal moun ki mouri, depi 2e gè mondyal (egal pou piti ak 750.000), siperyè ak nonm moun ki mouri nan konba diran tout premye gè nasyon an mennen (650.053). Ak kantite sa yo nou ka ajoute « aso grav yo » (916,383 nan lane 1999; 336,1 sou 100,000), atak lame kapab bay lanmo oswa fè gwo blese (biwo envestigasyon federal nan lane 2000: 13,23,32). Moun ki touye tèt plis pase moun yo touye nan sosyete sivil ameriken an (31,284 nan 1995; 11,9 sou chak 100,000). Moun k'ap chache touye tèt yo, yo 25 fwa pi plis. Dapre tout ankèt ta gen pase yon milyon moun ki fè avòtman chak lane. Ameriken yo touye moun avèk kou, nan koupe tèt, nan boule epinan lage bonm; yo touye nan toufe moun nan dlo, nan pann moun, nan bay pwazon, nan lage moun nan labim; yo touye ak kout ponya, toufe moun, trangle moun epi plis fwa avèk zam (64,5% nan 1999). Krim sa yo fèt sou plan, sanzatann, avèk taktik epi nan aksidan. Yo mennen vyolans kont mouche ak madanm, timoun ak granmoun, nan eskonbrit, nan goumen tafyatè, nan trafik dwòg, nan chire pit bandi ak bandi, nan jwèt, nan jalouzi, nan kidnapi, pwostitisyon, nan vyòl, nan kase fèy kouvri sa, epi nan sa ki gen awè ak « Bondye » oswa « satan ». Okenn kote pa asire: kay yo, lekòl yo, lari yo, otowout yo, kote moun ap travay ak kote moun priye, prizon yo, pak yo, vil yo, vilaj yo, lanati, epi nan palman nasyon. Yo touye viktim youn pa youn, nan seri, ansanm, epi sanzatann; sitou gason (76% nan 1999). Men, pami moun marye ki mouri soti nan lane 1976 rive 1985, gen plis madanm ki mouri (9,480) pase mari (7,115) (Mercy ak saltzman nan 1989). Kriminèl yo se endividi, moun marye, gang yo, moun ki nan gwoup relijyon, sendika yo, teworisyo, epi, sila k'ap travay pou fè aplike lalwa, Fonksyonè leta yo. Pi gwo asasen yo se sitou gason (9,140 gason epi sèlman 1046 fanm nan 1999), epi pi plis se jenn. Dapre tout kalkil nan lane 1980 « chans pou yon meriken vin viktim nan omisid se apeprè youn sou chak 240 blan epi youn sou chak 47 nwa plis lòt minorite yo » (Rosemberg ak Mercy: 1986:376). Tankou jan Trent Lott yon Repibliken ki se lidè majorite nan sena te reponn ak diskou State of the union prezidan Clinton te fè nan dat 27 janvyè 1998: « krim vyolan transfòmè peyi nou, tèt moun lib, an peyi lapèrèz ». Laprès wè ak de je 'l chak jou kondisyon krim lanmò meriken. Yon tifi koupe tèt manman'l, pase nan vwati devan yon pòs polis epi li jete'l sou twotwa a. Yon manman neye de pitit gason'l; de pitit gason asasinen paran yo. Yon touyè nan seri pran pwostitiye Kòm sib; yon omoseksyèl sedui; koupe myèt moso, mete nan frijidè, epi manje vyann jenn viktim yo. Yon tirè izole touye kenz moun nan yon inivèsite. De jenn gason ame ak yon fizi nan yon lekòl elemantètouye kat kondisip li plis yon anseyan, epi yo blese yon lòt anseyan plis nèf lòt kondisip. Nan lekòl segondè Columbine Littleton, Colorado, de jenn gason ame jouk nan dan touye 13 kondisip, blese 28 lòt epi yo touye tèt yo. Soti nan lane 1996 pou rive 1999, yon gwoup elèv nan laj 11 ak 18 tan touye 27 kondisip yo, de anseyan, twa paran epi blese 65 lòt moun. Nan yon lekòl riral nan tan rekreyasyon yon lòt ak yon zam otomatik touye yon

pakèt timoun. Yon veteran nan gè vyetnam ak yon mitrayèt nan men'l vide atè yon bann kliyan nan yon restoran Fast-Food familyal, li touye 25moun epi li blese 13 lòt. Yon lòt, abiye ak inifòm konba'l masakre fidèl nan yon legliz epi l' ap rele: « mwen gentan touye mil, epi mwen pral touye mil lòt ankò! ».

Antoure kont tèrib lide vyolans Hobbesienne yo sitwayen yo fè krim, epi nan mefians Lockeenne pou leta weberien, kanpe yon pèp ame ki gen nan men'l apeprè de san milyon zamafe –omwens 70milyon fizi , 65milyon pistolè, 49 milyon fizi chas , epi 8 milyon lòt zam ki ka tire byen lwen (cook ak ludwig 1977). Mache zam yo – fabrikasyon, lavant, pote zam al vann Nan lòt peyi epi voye al achte zam – se enpòtan, li konte anpil dizèn milye negosyan legal tankou ilegal. Selon estimasyon yo, 44milyon granmoun ta gade zamafe Nan omwen yon tyè lakay meriken. Majorite timoun konnen kote pou yo jwenn yo menm lè paran yo kwè kontrè. Premye Dam nasyon, Hilary Clinton, ki chita sou estimasyon lajan ki bay pou depans timoun yo, li di 135 mil timoun vin ak zamafe epi ak lòt zam nan lekòl chak jou (diskou nan nashua, New Hampshire, 22 fevriye1996). Dwa sitwayen yo genyen pou pote zam se te pou defann tèt yo , lachas, rekreyasyon ak rezistans kont gouvènman diktatè ki se yon dwa kip a ka vanne pi ki garanti dapre dezyèn amandman konstitisyonpeyi Etazini nan lane 1791 :«yon milis byen kontwole ki nesèsè pou asire yon leta lib , dwa sitwayen genyen pou yo pote zam pa pral jennen».

Leta ameriken gen lapolis ak gwo zam nan lide pou kwape danje ki ka lakòz lanmò nan fanmi. Li gen ladan'l ajan federal yo ki pou fè respekte lalwa, plis sila yo ki fè pati lapolis lokal ak lapolis leta a (641,208 ofisye nan 1999; 250 sou 100,000 moun). Karannde ofisye pran lanmò yo nan lane 1999(Biwo envestigasyon federal 2000: 91).Lè li nesèsè, kèk inite nan gad nasyonal leta a epi ak fòs ame federal Etazini vin bay ranfò ak ajan sa yo .Gadyen prizon yo siveye plis pase 1,8milyon prizonnye akize pou divès krim, nan mitan yo 3527 ap tann ekzekisyon nan 1989(Biwo lajistis 2000b; 2000a). Yo sèvi ak pinisyon lanmò pou krim federal yo, epi nan 38 sou 50 eta yo. Te gen antou 598 tekzas moun yo pase alenfinitif soti 1977 rive1999. Nan fen 20e syèk la , nan fason kriminalite ap monte lakòz lapèrèz ak yon vyolans ki sanble san fren , zak sa yo fè anpil kri ki mande devlope oswa enpoze plis pinisyon lanmò, mete plis polisye nan lari yo , bay anpil santans ak prizonnye , epi konstwi plis prizon.

Nan lamerik, moun aprann vyolans nan nivo sosyal epi li ranfòse ak kilti. Fòmèlman epi enfòmèlman, legalman epi ilegalman moun aprann touye. Plis pase 24 milyon militè veteran soti diplome nan yon fòmasyon pwofesyonèl sou fason yo bay lanmò (24,800,000 nan 1999). Anviwon yon granmoun gason sou kat veteran. Plizyè lekòl segondè, fakilte ak inivèsite piblik tankou prive ofri yon fòmasyon militè pou touye. Anpil antrepriz anseye

kòman pou touye lè w' ap defann tèt ou. ANpil milis prive antrene nan konba ; prizon sèvi inivèsite pou aprann touye .Anpil magazin mèsenè anseye teknik konba, vann zam epi fè piblisite pou moun k' ap touye pou lajan .Anpil jwèt videyo ak enfòmatak angaje jenn jwè nan sa ki sanble ak fè krim kòmanse nan batay nan lari pou rive jouk nan lespas pase pran sa ki gen awè ak tè, lanmè epi anlè, ak èd plizyè teknoloji pou bay lanmò.Kòmès «reyalite vityèl » vann esperyans amizman pou moun «touye oswa fè touye'w » ki fè «monte adrenalin». Depi kèk tan, yo twouve sa bon nan kanmpous inivèsite pou fè jwèt «asasinay» kondisip. Nan fè similak asasinay oswa reyèl sanble yon devlopman natirèl nan jwèt timoun ap fè ak zam jwèt.

Laprès nan simaye kominikasyon pèmèt yon aprantisay endirèk sou bay lanmò epi fè moun pa sansib fas ak valè lavi genyen. Anseyan kreye desen anime , fim , pwogram

pou Radyo ak televizyon, chanson, liv, magazin, epi piblisite kòmèsyal. Soti nan laj timoun pou rive nan laj granmoun, anpil milye imaj vyolan make nan lespri, pwouve ak anpil manyè dramatik jan moun, pwopriyete, zannimo yo, ak lanati kapab detwi akòz kèk ewo ak kèk mechan. De jou an jou, anpil imaj san k'ap koule epi brital rapousib byen vit youn dèyè lòt ak imaj seksyalite, espesyalman nan koudèy piblisite pou fim sinematografik vyolan, fè pwofi nan sedui moun sou fason yo bay lanmò.

Okenn lòt pèp nan listwa pa gen kantite imaj lanmò sa yo nan sèvo li. Youn nan teknik militè ki sèten pou konbat repiyans touye itilize nan fòmasyon yo bay ak kòmandò epi ak asasen yo oblije yo wè fim ki gen imaj gwo vyolans –tèt nan yon eto ak zye louvwi (Watson1978 :248-51)- se kòm si tout nasyon an t'ap rapousib yon direksyon kont sansiblite ki detounen respè moun genyen pou lavi pou yo fè yo aksepte touye moun san emosyon. Selon jij yo, jenn krimèl montre aklè lavi moun pa reprezante anyen. Men, malgre tout mal bagay sa yo fè ak yon yon sosyete sivil, nan kanpay laprès ap mennen pou vyolans parèt enpòtan ak yon leta ki gen bezwen kriminel pwofesyonèl patriyotik. SA enkanen nan yon piblisite yon milyon dola yo t'ap fè pou angajman pandan yo t'ap transmèt nan televizyon yon match Super Bowl ameriken. Yon pakèt milyon telespektatè wè yon chevalye medyeval k'ap manye epe nan yon « jwèt » videyo konba tounen yon Marines ameriken modèn k'ap salye avèk epe'l.

Langaj reflete epi ranfòse kondisyon lanmò, li bay yon santiman natirèl epi yo pa kapab evite. Ekonomi ameriken an chita sou kapitalis ak libète antrepriz. Ameriken yo pale «fè yon masak nan bous aksyon»; youn nan pwovèb ki soti Wall Street di : «achte lès an ap koule nan lari »; epi antrepriz nan konpetisyon «nan fè lagè ak pri ». Politik ameriken an chita sou demokrasi elektoral. Sila yo k'ap travay nan kanpay elektoral se «twoup» oswa «sòlda apye»; lwa yo «mouri» nan lejislati yo; epi nasyon an «deklare lagè» ak lamizè, krim, dwòg epi ak lòt pwoblèm yo. Baseball se espò nasyonal peyi ameriken. Kri tradisyonèl fanatik ki pa kontan epi kif ache se : «touye abit la !». Moun k'ap esplike match yo nonmen ekip football ameriken kip a fasil pèdi yo «kriminel»; jwè yo se «zam»; pas yo se «bonm long»; epi «ensten touyè» manke ak ekip ki pèdi yo. Yo jwenn glwa nan libète kilt, lè ameriken ap louwe prens lapè a yo chante «annavan sòlda kreyen yo» epi, sa reflete lespri kwazad kreyen yo epi ak refòm nan, yo mete vwa ansanm pou monte «sou echèl jakòb la », tankou «sòlda lakwa yo». Toutan lavi ap pase nan moman annui yo di «touye tan».

Menmsi dejou an jou y'ap pran konsyans nan konsekans danje langaj rasis ak seksis, ameriken yo kontinye pale lang ki koze lanmò san yo pa rann yo kont. «Asenal» lengwistik ameriken gen ladan'l anpil mo kif è parèt tout zam listwa konnen, manye yo itilize yo, epi ak konsekans yo. Trayi, se «ponyade nan do »; bidjè yo «koupe »; epi fè yon esèy tradui « tante yon kou »; lide yo «detwi »; opozisyon pote non «materyèl pou fè lagè»; konsekans aksyon se «retonbe yo». Avoka se «kriminel k'ap touye pou lajan ». Epi yon bèl aktris sinema se yon « bonm ».

Ak yon lòt vizyon, efemis yo toujou asasen reyèl. «Littleboy » (tigason), premye bonm atomik nan mond la, yo te lage'l sou Irochima ak èd yon bonbadye B-29ki te pote non manman pilòt la, «Enola gay». Answit, ak plitonyòm «Fat man » (Gwo nonm) te lage ak èd «vwati Bock» sou Nagazaki. Misil nikleyè entèkontinantal ki kapab touye yon popilasyon nan yon vil pote

non «Peace –makers » (Pasifikatè). Nan imite langaj lagè nan espò yo, ekzès pou militè yo aprann touye rele «jwèt». Sivil oswa moun ki nan menm Kan batay ki ta rive jwenn lanmò yo se «domaj kolateral». Tankou jan Prezidan Ronald Reagan te di 'l, «Lamerik se nasyon ki pi pezib, ki pote mwens lagè nan tan kounye a » (PBS1993).

Tanzantan, nan lamerik yon bann bagay ki gen tras ak lanmò mare sosis yo ak gwoup vyolans ant sitwayen ak sitwayen , epi ant sitwayen ak ajan leta . Nan 1992, te gen 52 mò, 2000 blese , epi 800 arestasyon nan sid nan mitan vil Los Angeles apre yon rafal katouch te fin tire, piyay , epi gwo dife mete nan leve kanpe fas ak zafè jistis kote yon polisye te maspinen yon sitwayen nwa. Nan de mwa, kèk 70,000 zamafe te vann ak sitwayen ki gen lapèrèz nan yon zòn tou pre yon vil. Evènman sa yo fè anpil san koule menm jan ak plizyè krim ki te fèt nan Watts (34 moun mouri nan 1995), nan Newark (26moun mouri nan 1967) epi nan Detroit (46 moun mouri nan 1967), se konsa moun te pèdi lavi yo tankou lè esklav t' ap batay pou yo lib nan tan 18e syèk ak 19e syèk. Pou te rive mete lòd nan Detroit nan lane 1967, lame te debake ak 4,700 parachit, 1,600gad nasyon an, epi 3,600 polisye leta a (Locke1969).

Konsekans konbinezon leta hobbesien-weberien ak eritaj lockeen nan dezyèm amandman an , ilistre zak asasinay ki fèt nan Waco , Texas, nan 1993, epi nan Oklahoma city , Oklahoma, nan 1995. Nan Waco , ajan leta ame chache aplike lalwa kont gwoup relijyon ame : kat ajan federal mouri, yon douzèn blese , epi 89 moun ki fè pati gwoup relijyon sa a, fanm ak timoun , te mouri nan gwo esplozyon . Pou yon dezyèm fwa lè yo t' ap fete anivèsè trajedi sila , yon gwo potanta nan leta fè sote , nan lespri vanjans yon kamyon trike ak yon bonm pou kraze edifis biwo federal nan Oklahoma city , ki touye 168 moun , ladan yo fanm avèk timoun .

Yon koudèy lòt bò fwontyè pèmèt ameriken yo ranfòse pi plis detèminasyon pou yo kwè yon sosyete moun pap touye moun enposib. 20e syèk la, epòk plis moun mouri, moutre ak pèrèz kapasite moun genyen pou touye moun pa pakèt. Rechèch Rudolph J. Rummel pèmèt yo plase beny san nan yon pèspektif istorik epi mondyal. Li tabli diferans ant «demosid»(leta touye pwòp pèp li nan fè «jenosid», egzekisyon, asasinay pa pakèt , epi mizè moun ap kreye), ak lanmòki fèt nan sa ki gen awè ak« lagè»(mondyal , local , sivil, revolisyone epi geriya), Rummel kalkile yon manyè «konsèvatris» kantite moun ki mouri nan listwa dokimante , prezante nan tablo 1.

TABLO 1. Moun ki pran lanmò nan Demosid ak gè jouk nan lane 1987

	Anvan 1900	1900 – 1987	Total
Demosid	133,147,000	169,198,000	302,345,000
Gè	40,457,000	34,021,000	74,478,000
Total	173,604,000	203,219,000	376,823,000

Sous: Rummel 1994: tablo 1.6; 66 – 71

Li posib pout a genyen kat san milyon moun ki victim nan krim politik, san konte krim moun fè sou lòt moun .Dapre Rummel, rejim kominis lakòz plis moun mouri, nou wè rejim totalitè ak otoritè pousib li nan zafè bay lanmò epi rejim demokrasi yo fè mwens .Olokos Hitler a rete tou fre nan memwa meriken yo, menm jan ak netwayaj staline nan, agresyon japonèz, epi ak asasinay mawoyis yo.

William J. Eckhardt plis yon bann lòt moun ki vin annaprè li kalkile ant lane 1900 ak 1995, nan tan 20e syèk la pou piti moun ki mouri nan lagè bay yon total omwen 106,114,000 viktim, ladan yo 62,194,000 sivil epi 43,920,000 militè (Sivard 1996:19). Selon estimasyon yo, moun pa sispann mouri pandan period «pasifik» «gè fwad» ant 1945 ak 1992 ta fè 22,057,000 viktim ki mouri pandan 149 gè, ladan viktim sa yo nou konte 14,505,000 sivil plis 7,552,000 konbatan (Sivard 1993:20-1). Te gen omwen trant gè ki te an mouvman nan lane 1996.

Ekran televizyon yo bay tanzantan imaj evènman ki fè anpil san koule nan kat kwen late, nou wè krim sa yo gen rasin yo makonnen ak malvèsasyon depi nan tan lontan plis mechanste nan tan kounye a lè moun pa kapab satisfè bezwen fondamantal yo. Yon kriz tèrib pousib yon lòt kriz tandiske laprès reflechi chak fwa youn anvan li bay yon lòt .Beny san pran plizyè fòm, ki gen tout rasin yo soti nan preparasyon ki fèt pou touye tankou :Gè entènasyonal ,gè sivil yo , revolisyon yo, gè separatis yo, zak asasinay teworis, chire pit teritoryal, koudeta militè yo, Jenosid yo, asasinay sou relijyon, asasinay etno-relijye-tribo, moun k'ap touye, entèkansyon etranjè, detwi lavi nan fè vyolans. Lenmi etranje yo rive touye kèk fwa meriken yo sou pwòp teritwa yo, tankou lè sa te fèt nan lane 1993 kote yo mte esploze ak bonm World trade centernan new york pou montre Etazini rankin yo genyen kont li nan sipò l'ap bay ak leta izrayè, zak sila te lakòz sis moun mouri plis mil blese. Oswa ankò, asasina yo fè lòt bò dlo , tankou lè esplozyon kamyon trike ansanm ak bonm nan Abasad amerikèn yo nan Newobi epi Dar Es Salaam nan lane 1998ki te touye 12 ameriken plis 300 afriken, epi ki te fè kèk 5000 blese.

Si nou brake zye nou sou mond la nan fen 20e syèk la, lidè politik ameriken yo, nan eko avèk Hobbes, gen tandans obsève «se lajeng laba» epi fè kòmantè sou pwovèb defen anpi women an : «Si ou vle lapè, prepare lagè» (si vis pacem para bellum).

Nan ka parèy kwayans primè, eritaj filozofik, sosyalizasyon patriyotik, ranfò medyatik, kilti sou kondisyon, epi masak nan nivo mondyal, sa pa etone nou lè nou wè majorite politòg ameriken ak etidyan yo fè retonbe ak detèminasyon posiblite pou yon sosyete moun pa touye moun.

Lè kesyon an te poze nan yon anvivonman inivèsité kit li te etidyan premye ane anndan sal klas yo, oswa etidyan diplome k'ap patisipe nan yon seminè, lide fondanatal ki kontrè ak sa ki gen awè ak nati imèn, bezwen ekonomik yo ak ak nesosite pou defann kont agresyon seksyèl plis lòt yo, fè anpil bri. Menm lè repons yo te taye sou modèl kiltirèl, chanjman ak fason y' ap devlope repons yo parèt anpil.Chak fwa kesyon an te poze nou kab atann pou nou tande kèk bagay nouvo. Kreyenvivan yo swaf pouvwa, yo egoyis , yo jalou, yo kriyèl epi yo fou ;touye pou nou defann tèt nou nan labib, epi se dwa imen chèmèt chèmètchèmètès.Ekonomikman kreyenvivan yo se ava epi yo gen lespri konpetisyon ;diferans ki tabli nan sosyete ak enterè ki depaman moutre aklè moun pa ka pa touye.Gen bagay ki pi mal pase touye –vyolans sikologik epi lè pa ka satisfè bezwen ekonomik yo.è bezwen ekonomik yo.Yon sosyete moun pa touye moun ta yon sosyete toltalite epi ki pa ta gen libète ;se ta yon sosyete atake epi soumèt ak tout kontrant agresèetranje yo.Pa touye kòm prensip politik parèt san moral ;touye pou sove viktim k ap sibi aksyon vyolan dwe toujou konsidere kòm yon bagay ki kòrèk. Touye kiminèl nan lide pou pini ak korije se benefis pou sosyete. Yo pa kab pa «envante»zam ; teknoloji ki chita sou kondisyon lanmò ap toujou egziste.Pa gen egzanp sosyete moun pa touye moun nan tout listwa : sa enkwayab.

Sa pa di nan sal klas la pa't gen moun menm ki te dakò ak kesyon. Gen kèk etidyan ameriken ki soutni lide, kretyenvivan yo kapab kreye epi yo gen konpasyon, sa dwe posib pou rive, ak èd edikasyon, nan yon sosyete moun pap touye moun. Gen lòt ki panse kondisyon pou gen yon sosyete moun pap touye moun kapab twouve nan sosyete tou piti yo, men pa nan gwo sosyete yo epi sètènman pa nan nivo mondyal. Sa pa di tou opinyon ameriken yo pi vyolan nèt pase sila yo ki pwofesè ak etidyan syans politik nan lòt peyi yo. Poun'n konn sa, fòk nou ta fè anpil rechèch konparatif sistematik. Men pesimis ta sanble gen plis enpòtans nan mond pwofesyonèl syans politik jounen jodia.

Men, lè kesyon enkwayab-«eske yon sosyete moun pa touye moun posib ?»- te poze nan lòt anviwonman kiltirèl, anpil divès repons etonan te parèt.

Mwen pa te janm reflechi ak kesyon an anvan ...

Se te repons yon kòlèg swedwa nan yon reyinyon fitiris swedwa ki t ; ap fèt nan stockholm nan lane 1980 pou diskite lide sou yon syans politik ki chita sou san vyolans : «Mwen pa te janm reflechi akesyon an anvan. Ban'm yon ti tan pou'm panse ak li. »Yon manyè etonan, pa gen ni moun ki refize otomatik, ni moun ki dakò otomatik. Kesyon an te vin pi enteresan. Menm jan, nan lane 1997 nan yon reyinyon entènasyonal syantis sistèm yo, nan sewoul, yon moun ki pran pri nobèl nan chimik reponn konsa : « mwen pa konnen ». Se repons karakteristik AK kesyon yo lè pa gen ASE baz syantifik pou reponn. Sa pouse answit manm konferans la trete kesyon an seryezman, piske syans ak sivilizasyon fè anpil pwogrè nan rezoud pwoblèm ki sanble enposib.

Sa ka imajine wi, men ...

Nan 21e kongrè mndyal asosyasyon entènasyonal syans politik yo ki t'ap fèt nan Moskou nan lane 1979, de entèlektiyèl wis reponn ak yon atik sou «syans politik san vyolans » ak yon bon kalite volonte pou etidye kesyon an seryezman. Avèk sipriz, de entèlektiyèl tonbe dakò ak bi politik epi ak syans politik yo se rive tabli yon sosyete san vyolans. «Men», lòt la mande, «kòman nou pral fè fas ak trajedi tankou sayo ki te pase nan chili (kote yon koudeta militè te kapote yon gouvènman sosyalis demokratikman eli), nan Nikaragwa (eskonbrit kraze brize ak revolisyon vyolans) epi nan kanpoucheya (kote plis pase yon milyon moun te mouri pandan yon ekstèminasyon sou klas ibèn revolisyonè) ? »

Kidonk, ki kalite ekonomi ki pa ni an relasyon ak touye moun, ni sipòte' l – tankou jan fòm kontanporèn«kapitalis» ak «kominis»yo fè' l? Kòman politik moun pa touye moun kapab anpeche, bloke epi elimine konsekans segondè ki bay lanmò nan zak vyolans touye moun?

Sipoze gen posibilite pou pa gen vyolans, anpil kesyon ap blayi, ki mande anpil rechèch syantifik serye.

Nou konnen kretyen vivan yo pa fèt tou mechan, men ...

Lè kesyon syans politik san vyolans la te poze nan mitan yon gwoup politològ arab ak etidyan nan administrasyon piblik nan inivèsite nan peyio jòdani, nan aman, nan lane 1981, yon pwofesè ansanm ak lespri lòt kòlèg yo, te di :«nou konnen kretyenvivan yo pa fèt tou mechan ». «Men», li ajoute, «fòk nou batay pou nou defann

tèt nou ». Si premye agiman ki ta fè kwè kreyenvivan yo fèt tou mechan ta vin blayi ankò, kidonk sa louvri zye nou pou nou wè nan ki kondisyon moun pap touye.

Se pa posib, men ...

Nan lane 1985, nan yon seminè pandan y' ap fete 10e anivèsè enstiti syans pou lapè , nan inivèsite Irochima , kote moun ki t' ap patisipe yo pi fò se te japonè men yo te divize egal ego , ant sa ki dakò ak sila yo kip a pa dakò , yon pwofesè nan edikasyon reponn :«se pa posib, men li posib pou sa ta vin posib» .Nou rekonèt li pa posib pou nou rive brid soukou nan yon sosyete moun pap touye moun men tou nou pa mete akote posiblite pou nou rive ladann.

Answit, li mande : «ki kalite edikasyon nou ta bezwen pou nou rive nan yon sosyete san vyolans ? » Yon envitasyon nan lide pou konstwi ak yon apwòch nan lide pou kreye pou rezoud pwoblèm yo.

Wi, li posib

Nan desanm 1987 yon pwofesè filozofi koreyen, prezidan asosyasyon sosyològ koreyen yo, ak lidè politik nan pyong yong, siprann lè yo reponn san ezitasyon : « wi, li posib ». Poukisa ? Premyeman, kreyenvivan yo pa fèt tou kriminel. Yofèt avèk «konsyans», ak «rezon» epi tou ak «sans pou kreye», tou sa pèmèt yo voye jete lide pou bay lanmò. Dezyèmman, fòk nou pa itilize rate ekonomik pou jistifye touye moun-moun pa dwe esklav anyen. Nou kapab konbat rate nan «kreyativite», nan « pwodui» epi «ak lòt manyè ki pi enpòtan ankò tankou bon pataj ak jistis».Twazyèmman, fòk nou pa itilize vyòl kòm baz pou jete lide moun pa touye moun nan. «Edikasyon» kapab elimine vyòl epi «nan tabli yon bon klima sosyal».

Nan fevriye 2000, lè kesyon «eske yon sosyete moun pa touye moun posib? » Te poze ak plizyè patisipan nan yon reyinyon ki te gen 2000 lidè nan kominote Manizalès, nan kolonbi , avèk sipriz okenn men pa't leve pou reponn «non» . Answit, tout men yo leve pou afime «wi».

Nan peyi kore ak nan kolonbi nou jwenn anpil bèl repons piske peyi sa yo te anba gwo vyolans.Tradisyon politik vyolan nan repiblik demokratik pèp koreyen an pa sou menm nivo ak peyi meriken :yon revolisyon kont sistèm kolonyal , gè sivil pou tèt ansanm epi yon sistèm lwa pou fas kare ak tout lennmi anndan tankou deyò peyi a. Sa fè plizyè dizèn lane sosyete kolonbi a te gen sikatris lanmò, ki te parèt difisil pou efase tankou kriminel k'ap touye moun , militè atachemilitè, lapolis , lapolis ak geriya.

Divèsite repons sosyal

Lè kesyon posiblite pou yon sosyete moun pa touye moun nan te souleve sanzatann nan mitan diferan gwoup, peyi ak kilti, divès dispozisyon sosyal san baz rechèch ki pou oswa ki kont nan mitan epi ant gwoup deklare. Pwomès rechèch mondyal sistematik vin klè.

Vilniyis, nan peyi lityani , nan yon seminè pou yon «nouvo syans politik», nan me 1998, rasanble plizyè politològ ki soti nan kat kwen peyi sovyetik, te jwenn sipò enstiti pou yon sosyete ouvè, uit te reponn non epi youn te reponn non. Nan mas 1999, nan kad yon lòt seminè sou entwodiksyon nan syans politik pou etidyan ki diplome nan inivèsite nasyonal sewoul de te di non epi senk te di wi, epi de te di wi ak non. Nan

fevriye 1998, yon foròm ki reyini plizyè palmantè pasifik nan Onoloulou, nan awayi, te òganize gras ak sipò yon fondasyon nasyonzini ki chita nan peyi japon, sis te di wi, senk te di non, de te reponn wi ak non. Te gen douz non, onz wi, epi yon wi ak non pami repons yon gwoup obsèvatè ki te reponn ak fanm japonèz.

Medelen, nan peyi kolonbi, nan yon konferans nasyonal edikatè yo t'ap bay nan novanm 1998 sou «avni edikasyon an », 275 patisipan te reponn wi epi 25 lòt reponn non. Repons yon gwoup travayè sosyal famiyal nan Medelen te konte trant wi, sèz non. Repons ki te bay selon anpil manm yon gang jenn, ki pote non sikaryòs, (kanif), nan mitan yo gen kriminèl ki touye moun pou lajan, te gen sèz non, sis wi. Lè yo te mande youn nan kriminèl yo sou kisa li kanpe pou li bay repons pa li a, li te reponn : « fòk mwen touye pou' m ka reponn ak bezwen de piti fi mwen yo. Pa gen travay ». Youn nan sila yo ki te reponn wi te esplike : « lè baryè ki separe moun pòv ak moun rich yo disparèt, nou pap pral bezwen touye pèsonn».

Edmonton, nan peyi kanada, nan oktòb 1997, pami yon gwoup etidyan nan lekòl segondè te reyini paralèlman ak yon semine sou «valè ak 21e syèk la» ki te jwenn sipò fondasyon kanadyèn Mahatma Gandhi pou lapè nan mond la, karantuit te reponn non, epi vensenk wi. Atlanta, nan jòji, padan yon «konferans entènasyonal pou pa gen vyolans », nan avril 1999, ki te jwenn sipò Sant Martin Luther King Jr pou pa gen vyolans epi ak chanjman sosyal, te gen karant patisipan ki te reponn wi epi twa non. Omsk, nan peyi wisi, nan fevriye 2000, pami yon ekip edidyan nan literati ki nan laj 17 ak 26 lane, 121 reponn reponn non, 34 wi epi 3 wi ak non.

Eske yon sosyete moun pap touye moun posib ? Nan touye moun ak menase moun sou tout jan nan 20e syèk vyolan sa ki rive nan bout li ak anpil vyolans, li klè tankou dlo kokoye pou nou di gen bon baz djanm pou politològ ak etidyan yo bay dènye mo yo pou yo yo di – wi li posib ! Men tou gen anpil si yak bon volonte pou pran kesyon an seryezman epi pou nou bali tout enpòtans li genyen .Pi byen ankò, menm lè gen anpil menas san parèy pou pa kontinye viv, gen anpil resous mondyal ki ka kontre kare onivo lespri, syans, enstitisyon ak esperyans pou ranfòse konfyans alafen- wi li posib.

Chapit 2

Kapasite pou yon sosyete moun pa touye moun

Li posib nan sa nou konnen pou moun ta gen kanpo nan tan sa ak zak vyolans, si nou ta vle chache lòt solisyon yo

David N. Naniels le Marshall f. Gilula
Depatman sikyatrik, Inivèsite Stanford, 1970

K *i baz ki ka pèmèt nou panse yon sosyete moun pap tuye moun posib ? Poukisa nou panse li posib kreyenivivan yo kapab gen gwo respè pou lapè ?*

Nati imèn ki pa mare ak zak touye moun

Menm si nou ka kòmanse sou yon baz espirityèl, n'ap etidye anvan sa yon aksyon nan tan lontan. Majorite kreyenivivan yo pa touye. Nan tout kreyenivivan k'ap viv kounye a –epi ak tout sila yo kite toujou ap viv- se yon minorite k'ap touye. Ou mèt foye nan estatistik sou omisid nan nenpòt sosyete.

Nou kapab etidye tou sou moun ki ap touye nan tan lagè. Mize militè ak etnografik nan mond la pa bay ase prèv sou fanm yo, mwaye nan moun k'ap viv sou latè, se premye k'ap touye nan konba. Mwen dakò fanm yo touye genyen ki fè lagè epi ki fè revolisyon, gen kèk nan sosyete fanm ak timoun tranpe men yo nan san pou touye lenmi ki fèb yo, epi fanm yo pran angajman nan plizyè lamejounen jodi a pou yo touye. Men majorite fanm yo pa't janm te konn pratike lagè ni moun k'ap touye nan lame. Nan tout sa a nou ajoute yon wòl tou zwit moun jwe nan konba. Kidonk, se sèlman yon tigwoup moun k'al nan lagè. Epi nan sa ki ale yo, se yon tigwoup ki touye dirèkteman. Nan moun k'ap touye yo, anpil ladan yo pa pran plezi nan sa piske yo toujou regrèt lè yo fin touye. Gen sèlman de moun sou chak moun ki kapab touye jan yo vle san kè sote. Tankou jan lyetnan colonel Dave Grossman esplike sa lè t'ap egzaminen repiyans moun genyen nan touye nan lagè, «lagè se yon anviwonman ki fè 98 % moun ki patisipe ladan'l fèb nan lespri pandan yon bon bout tan. Epi 2% moun lagè pa fè fou, konnen yo te fou deja – sikopat agresif – anvan yo rive sou chan batay la» (Grossman 1995 :50). Kidonk, kontrè ak lide k'ap sikile nan syans politik ki fè kwè kreyenivivan yo fèt tou mechan, nou wè premye misyon yo bay nan fòmasyon militè se « konbat kè sansib pou pa touyeki anrasinen byen fon kay endividi mwayen» (295).

Fanmi kreyenivivan moutre aklè kapasite pou moun pa touye moun. Si kreyenivivan yo te fèt tou mechan, si menm mwaye moun sou latè pa ka pa touye, ebyen pa t'ap gen fanmi ki t'ap egziste. Papa yo t'ap touye manman yo ; manman yo t'ap touye papa yo ; paran yo t'ap touye timoun yo ; epi timoun yo t'ap touye paran yo. Tout bagay sa yo fèt, men yo pa yon lwa natirèl k'ap Mennen konsyans moun. Si se te

sa, popilasyon nan mond la t'ap gentan disparèt depi lontan. Okontrè, menm lè gen mizè nwa ak vyolans, fanmi kreyenvivan pa sispann kreye pou yo ka kenbe lavi pi byen pase jan'l teye anvan.

Kalkile kantite moun kite toujou ap viv ak kantite moun ki touye ak sa ki pa konn touyese yon kalkil difisil nan moun ki pa touye moun nan mond la, pou panse yon lòt fason linosans epi ak prèy ki gen rapò ak solisyon k'ap vin youn apre lòt. Yon estimasyon sou kantite vi imèn yo, nan yon milyon lane anvan Jezi kri, jouk tan lan 2000 nan epòt kreyen, se kèk 91,100, 000,000 moun (nan toke lidekeyfitz nan lane 1966 ak weeks nan lane 1966 :37, kòm jan

Ramsey te fè yon lòt kalkil nan lane 1999) Si nou mete sou kantite moun ki mouri nan lagè plis Demosid Rummel la ki rive jouk ak demi milya, epi si nou fè pou chans yon miltiplikasyonak chif sis pou konte asasen yo, nou kapabdi kantite moun k'ap touye moun te konte jiska 3,000,000,000 depi nan lan 1000 anvan Jezi kri(chif yo pa kont pou kalkile depi yon milyon anvan Jezi Kri). Men, menm estimasyon sa a ki pa klè a nan mete sou kantite moun k'ap touye moun yo ta fè kwè pou pi piti 99% moun pa te touye. Si pousantaj omisid nan peyi etazini se te 10 sou chak 100,000, sèlman 0.1% nan popilasyon an nan dekont asasen reyèl oswa sa yo ki echwe nan zak yo.Li ta sanble genyen mwens pase de oswa menm youn sou chak 100 nan tout omo sapyens yo se te asasen gason. Pousantaj moun k'ap touye moun nan sosyete espesifik, natirèlman, kapab chanje anpil dapre kilti ak epòk la (keeley1996). Men, fason lavi ap fè chemen'l ak fason ras moun ap ogmante defann valè lavi genyen sou kondisyon lanmònan nati imèn.

Rasin espirityèl yo

Baz pou kwè li posib pou rive nan yon sosyete moun pa touye moun soti nan tradisyon espirityèl ras imèn .Men, nou wè relijyon yo bay jarèt ak masak vyolans soti nan sakrifis imen pou rive nan jenosid, pase pran destiksyon ak bonm atomik (Thompson 1988). Men prensipal mesaj Bondye a kreyatè a, Gran lespri, menm si nou ta vle konprann nan jan pa nou, li pa te janm di «O kreyenvivan yo, tandè pawòl mwen ! Al chache yon lòt epi touye 'l !»Okontrè, mesaj la se te «respekte lavi !pa touye !».

Prensip moun pa touye moun yo soti nan tout kwayans espirityèl nan mond la.Se pou sa Max weber jije angajman espirityèl pa danse kole ak lòd politik touye.Jayinis ak endouyis tonbe dakò ak prensip ahimsa parano dharm (pa fè vyolans se lwa ki pi gran nan lavi).Premye pwomès nan relijyon Boudis se« pa janm wete lavi». Jidayis, krisyanis, ak islam yo tout tonbe dakò ak kòmandman diven an «ou pa dwe touye ditou» (Exòd 20 :13). Youn nan ansèyman jwif ki pi ansyen yo se « pou yon moun, sove lavi yon moun, se tankou 'w sove yon bann moun. Men, pou sila ki detwi lavi yon moun, se kòm si li te detwi mond la» (Eisendrath : 144).Pwofondè leson sa a te repete nan islam, men avèk anpil kondisyon : «nenpòt moun ki touye yon moun, sof (nan pinisyon) pou k'ap touye mounoswa k'ap simen koripsyon soutè a, tankou pou li ta touye tout kreyenvivan ; epi nenpòt moun ki sove lavi yon moun sove tout yon pèp» (koran5 :32). Lafwa Bahaï – ki fè yon sèl ak ansèyman jidayis, krisyanis epi ak islam – bay lòd «respekte Bondye, o pèp, epiyan prekosyon pou nou pa koule san okenn moun» (Baha' u' llàh1983 :277).

Tradisyon imanis pale menm jan pou montre bezwen ansanm ak posibilite pou yon sosyete moun pa touye moun.Nan konfisyenis , lè moralite gen viktwa nan mitan dirijan yo, okenn pinisyon lanmò pa nesese (Fung1952 :60).Nan tawoyis, lè kreyenvivan yo viv yon fason senp, natirèl epi nan mare zanmitay ak lanati, «menm si

gen zam pou fè lagè, okenn moun pa pral itilize'l»(Fung1952 :190).Nan refleksyon sosyalis jounen jodi a, lè travayè yo ap sispann touye youn lòt, lagè yoap fini. Yon deklarasyon kont premye gè mondyal la di :

Tout manm ki konsyan nan klas travayè endistriyèl nan mond la kanpe ak tout konsyans nou kont san kreyenvivan ki koule, se pa pou senp rezon tankou nan ka Quakers ak sosyete amikal yo, men paske nou kwè enterè ak byennèt klas ouvriye a se menm nan tout kò'l. Menm lè nou te kanpe ak tout fòs nou kont gouvènman enperyalis kapitalis almay la, nou pa dakòak masak ni ak zak vyolans sou travayè yo nan kèlkeswa peyi li ye. (True 1995 :49 ; pou yon egzampki gen anpil kouraj, wè Baxter2000).

Touye moun dezapwouve nan tout sosyete yo.Respè imanis egal ak bon respè pou lavi. Ki enpòtans ki genyen, nan posiblite pou tabli kèk sosyete moun pap touye moun, nan egzistans yon etik moun pa touye moun nan tradisyon espirityèl ak imèn yo ? Yon bò, li fè parèt yon entansyon divenpou simen nan konsyans ras imèn yon gwo respè pou lavi.Yon lòt bò, li moutre akèl kapasite moun genyen pou resevwa, pou fè aksyon, oswa pou kreye prensip sa a. Si kreyenvivan yo fèt tou asasen ki pa ka korije, pou nou aksepte, pou nou transmèt epi pou nou kreye prensip sa yo pa t'ap posib.

Menm si yon etik espirityèl moun pa touye moun te envante ak elit pou dekouraje revolusyon yo, ak moun ki sibi vyolans pou rann fèb moun ki fè vyolans, oswa ak asasen pou chape anba pinisyon, li angaje kreyenvivan yo avèk sa li adrese li yo kapab fè bon aksyon.

Lespri moun pa touye moun nan te parèt anvan, pandan, epi apre anpil beny san ki pi tèrib nan listwa. Pawòl sa yo pa parèt byen nan je asasen yo. Moun ki siviv ki pa ka rezistenan tan kounye a, li kontinye pou travay nan lide pou elimine kondisyon lanmò nan krisyanis dapre kwazad yo, islam dapre konkèt yo, jidayis dapre olokos, boudis pòs-militaris, epi tradisyon pòs-kolonyal pèp endijèn yo.Pandan 20e syèk kriminèl la, li te kòmanse deklare'l nan sipò pou chanjman pou pa gen pa vyolans nan mond la avèk kreyen Tolstoï plis Martin Luther King Jr., endou Gandhi, mizilman Abdul Ghaffar Khan, jwif Joseph Abileah, boudis Dalaï Lama, ekolojis Petra Kelly, epi anpil lòt moun selèb plis enkonni.

Prezans lespri moun pa touye moun nan chak kwiyans relijyon, epi egzamp angajman nan sans sa, swivan anpil prensip, ouvri chemen pou reveye epi pou afime anpil santèn milyon kwayan. Fòs dezakò ant prensip moun pa touye moun epi rekonesans reskonsablite moun touye moun ak konsekans pèvès li yo kreye yon motivasyon pou yon chanjman pèsoneèl epi sosyal anfavè moun pa touye moun .Alòske rasin moun pa touye moun yo soti nan tout tradisyon yo, eritaj espirityèl imanite antou se kòm sistèm ak plizyè rasin ki kenbe yon figye « des banians » ki gen lavi. Lide ak aksyon kapab soti nan sistèm rasin yon sèl kou, konsa nan nenpòt kote nan kò li .Akòz yo tout makonnen ak pouvwa lavi.Reyalite respè lavi nan kwayans relijyon yo epi nan tradisyon imanis fò me yon baz espirityèl pou kwè yon sosyete mondyal moun pa touye moun posib.

Rasin syantifik yo

« Relijyon pou kont li pap janm mennen nou nan san vyolans.» Se yon opinyon youn nan pi gwo lidè nan peyi end, Acharya Mahapragya, eritye ki kreye ansyen tradisyon jain ahimsa (san vyolans).Nan refleksyon jain, « Ahimsa se kè tout faz lavi, sant tout ekriti sakre yo, epi li se pri ...epi li pwodui...tout pwomès yo epi tout lwa moral yo » (Jain epi Varni1993 :139).

Selon Acharya Mahapragya, pou rive nan yon sosyete san vyolans fòk ou ranfòse pouvwa endivi yo pou dekouvri san vyolans la nan yo menm epi pou ekspriye'l yon fason sosyal nan melanje syans newolojik modèn ak verite espiyèl. Nan analiz li fè, vyolans soti nan emosyon glann andokrin yo pwodui ki afekte sistèm nève senpatik epi parasenpatik, epi ki lye ak sa li manje. Anplis, sou baz konesans syantifik yo sou sistèm newolojik nou, nou kapab fè espere nou itilize enèji sèvo nou nan anpil pratik senp meditasyon pou nourri san vyolans la anndan nou epi pou nou angaje nou nan mennen yon vi sosyal san vyolans (Mahapragya (sic) 1987ak1994 ; Zaveri ak Kumar1992).

Ki baz syantifik pou kwè moun gen kapasite pou pa touye ? Lè nou di syans, nou vle pale angwo tout fòm konesans nou vin genyen nan chache konnen epi nan fè esperyans-pratik, teyori, plis metòd detèminasyon ki ka fè wè sa ki bon ak sa nou ka fè konfyans .Revolisyon syantifik la parèt posib piske kèk filozòf kòmanse jwe kat sou tab anfavè yon vi sosyal « san vyolans ».

A.Richard Konrad (1974) te fè'l pou san vyolans, nan brase lide sou swadizan akò ki fè kwè pi bon fason pou fè fas ak vyolans sou tout fòm li, soti nan vyòl pou rive nan olokos se prepare'w pou touye. Konrad avanse pou li detaye lide ki di sèl mwayen vyolan pou rezoud pwoblèm chita sou twa sipozisyon :tout mwayen san vyolans yo te idantifye ; tout te teste ;epi tout te echwe. Men sipozisyon sayo pa kenbe :mwayen san vyolans pou rezoud se sipozisyon ki pa gen fen ;presyon k'ap egzèse nan tan yo, resous yo, plis lòt eleman ki anpeche yo teste menm sa yo ki te idantifye ;kidonk, nou pa kapab asire nou pou di mwayen vyolan se sèl mwayen ki kab reyisi. Kidonk, Konrad avanse agiman nesosite pou yon chanjman nan yon dispozisyon filozofik natirèl pou aksepte vyolans annegad yon lòt ki chache kreye epi teste anpil mwayen san vyolans. Apwòch sa kapab abouti ak anpil dekouvèt syantifik nan kesyonnen lide moun pa ka evite lanmò moun nan (wè tou Yoder1983).

Lide ki fè kwè kreyenivan yo dwe toujou asasen akòz nati zannimo yo genyen te parèt ankò. Sikològ Loh Tseng Tsai (1963) nan inivèsite Tulane te fè wè yo ka aprann yon chat ak yon rat rete tèt kole ap manje nan menm bòl. Metòd la te fòmè nan yon konbinezon ki chita sou kondisyon k'ap fèt ak aprantisay sosyal. Yo separe ak yon vit, de zannimo yo te aprann yo dwe apiye ansanm sou levye paralèl yo pou fè tonbe tiboul manje nan yon bòl yo geyen. Apre sèt san sesyon fòmasyon, vit la te wete san beny san.

Tsai fè yon ramase pou li di :

nou te fè wè pou premye fwa nan listwa syantifik, avèk anpil esperyans difisil, chat yo ak rat yo –swadizan lennmi natirèl-yo kapab viv ansanm, epi yo fè'l. Dekouvèt sa voye jete byen lwen ansyen prensip nan sikoloji ki di nan nati zannimo genyen ensten anvè ki pa kab derasinen ki rann yo pa kab evite goumen oswa gè (1963 :4).

Lè'n gade byen « anpil se sila yo ki pansere chèch nou yo te pyè prensipal nan fondasyon byolojik ki chita sou posibilite teyorik lapè nan mond la », Tsai fè parèt yon filozofi ki chita sou yon syans kote « lavi ap fè chemen'l nan tèt ansanm » olye pou 'n kenbe lide ki ta fè kwè moun pa kapab evite konpetisyon lanmò. Nan yon domèn ki diferan nèt, fizisyen epi istoryen Antonino Drago, lè li konpare enplikasyon mekanik Carnot Versus avèk Newton pou rezoud konfli, rive ak yon rekòmandasyon sanble ki chita sou syans anfavè tèt ansanm (Drago1994). Sikoterapet Jerome J. Franck fè manm jan nan mande tèt ansanm pou rive nan benefis youn lòt pou depase zafè lanmò (Franck1960 :261-2 ;1993 :204-5).

Defi fas ak lide ki fè kwè kondisyon lanmò pa kab sispannn anrasinen nan transfòmasyon k'ap fèt tankou espès « senj asasen »soti nan lòt etid sou anpil espès primat ki prèske menm ak zansèt yo-nan Afrik santral bonobo pa konn touye(kano1990).Pèp Mangandu nan peyi kongo, ki pataje forè twopikal avèk bonobo yo, anpeche tout jan pou yo touye yo, dapre yon lejand ki fè kwè nan tan lontan zansèt yo ak bonobo yote viv ansanm tankou frè(kano1990 :62).Yon fason diferan ak goril, chenpanze plis lòt senj yo, yo pa te janm obsève bonobo yo t'ap touye youn lòt(Wrangham ak Peterson,1990 ;Waal 1997). Pi byen ankò, anpil lòt etid ki fèk fèt sou « fason pou tabli lapè » ak « kè sansib youn lòt » nan mitan espès primat yo ki, yo, touye, etid la yo panche tou sou tandans ki mande sèlman kondisyon lanmò men refize posiblite pa touye nan transfòmasyon ki fèt kay moun (Waal 1989 ; 1996).Gen yon fòm lapè kay zannimo, menm jan, tankou jan Kropotkin te demontre'(1914), Sorokin(1954), ak Alfie Kohn(1990), yon fòm tèt ansanm, kè sansib, « pi klè » kay moun tou.

Nan yon etid konparatif agresyon kay zannimo ak moun yo, etnològ epi antropològ Eibl-eibesfeldt (1979 :240) pwononse 'l pou li fè konnen gen yon baz byolojik nan kòmandman espirityèl pou pa touye.Lè'n obsève « kay plizyè zannimo, agresyon ant espès fèt tèlman souvan li pa bay rezilta dega sou kò », li dekouvri anpil teknik imèn menm jan epi pi byen prepare pou evite beny san. « Nan kèk evaliyasyon », li fini pou'l di, « yon filt pou prensip byolojik tabli kòmandman an : Piga'w touye ditou ».Men « pandan fo klasifikasyon kiltirèl la (defini lòt yo tankou yo pa fin moun nèt epi kidonk sijè ki ka touye), moun te tèlman enpoze yon filt pou prensip kiltirèl ki kòmande'l pou touye menm depase filt prensip byolojik ki anpeche'l touye ».Nan lagè, « sa mennen yon konfli prensip kote moun te avèti dapre konsyans ki toumante'l pandan li te kenbe lenmi epi li pran'l tankou kreyenivan ».Sa te parèt aklè akòz bezwen pirifikasyon ak akseptasyon sosyal gèye yo te santi apre lagè.

Konklizyon Grossman nan « pandan tout listwa majorite moun sou chan batay pa te eseye touye lenmi, menm pou sove pwòp tèt yo oswa pa zanmi yo » (Grossman1995 :4) Konfimen tèt Eibl-Eibesfeldt. Grossman ekri pou'l di ka sikyat yo pi plis pami sòlda ki touye dirèkteman pase pami sila yo ki pa te touye.Sikològ sòlda ak etnològ antropològ diferan sèlman sou konsekans konklizyon yo nan sa ki gen awè ak politik.Pou premye a, wòl li se bay yon fòmasyon pwofesyonèl pou depase repiyans pou touye.Pou dènye a, pwoblèm nan se rann kilti a gen menm fòm ak byoloji pa touye moun.Eibl-Eibesfeldt fini pou'ldi :

Sous anvì lapè pou tout moun soti nan konfli sa ant prensip kiltirèl ak byolojik yo, ki fè moun vle mete ansanm prensip byolojik ak kiltirèl yo genyen.Konsyans nou se espwa nou, epi sou baz sa, yon chanjman ki byen dirije ta kapab mennen nan lapè .Anvan sa ta mande rekonesans piske lagè jwe anpil wòl ki pral gen pou jwe nan nenpòt lòt fason, san beny san (1979 :241).

Syans sèvo ofri yon sipò anplis ak konfyans nan posiblite moun geyen pou pa touye moun.Bruce E.Morton se premye syantis ki louvri chemen bay newoloji (2000), li rele apwòch li a « neworeyalis », li prezante yon « modèl sèvo ki gen kat pati doub kote yon mwaye ladan domine konpòtman an » ki esplike baz newobyolojik pou touye epi pou pa touye. Kat pati nan modèl la « mache selon de mòd nan yon sèl sistèm ki gen kat pati ».Yo se : sistèm santral sèvo a (ensten yo), sistèm lenbik la (emosyon yo), sistèm emisfè dwat ak emisfè gòch (imajinasyon plis entelijens), epi sistèm neyoserebeloum (bon sans).Morton plase sous yon konsyans espirityèl epi sosyal pi wo nan sistèm

neyoserebeloum bon sans la. « Sous pi wo sa » se « verite, li ka kreye, li ka bay tèt li disiplin, li gen kè sansib, li gen tèt ansanm, li ka santi sa lòt santi, epi li pa vyolan ».Li pèmèt lavi boujonnen pandan lontan nan gwoup laepi se yon « fenomèn ki bay aksèak tout sa ki depann dirèkteman nan sèvoa ».Devlopman « sous » la nan konsyans la kapab kondi nan twa manyè : twomatis pou retounen anfòm apre lanmò klinik, kèk alisinojèn, epi manyè pi enpòtan, nan meditasyon.Nan lavi chak jou, « sous » la pèmèt nan yon bon sans benefis parèt ak anpil fòs « annegad yon kominote san vyolans ».Li benefisyè absans menas lanmò kont egzistans lavi epi li patisipe ladann.

Kidonk, syans neworeyalis sèvo ofri yon baz pou angajman kote li fè li aktif nan san vyolans ak transfòmasyon sosyal, ki antre danble nan relasyon avèk lide espiryèl pa touye epi repiyans byolojik pou touye. Li tonbe dakò tou ak ansèyman vivekananda hindi kote misyon gran mèt relije yo se pa pou rale Bondye mete deyò men ride chak moun mennen nan sifas diven ki egziste avan anndan.Li vin repete ansanm ak afimasyon kreyen Tolstoï « wayòm Bondye a se nan nou » (Tolstoï1974).Konpare sa ak ansèyman mistik endyen Kabîr ki te viv nan 15e syèk :

Nou jwenn mèt la nan mitan de grenn je,

Mesaje seyè a.

Nan pwòp kò'w gen seyè'w, men poukisa ou louvri zye'w wap chache'l deyò ?

Men, nou sipoze pwoblèm sèvo lye ak byoloji kote kèk endivi deja mete yo aladispozisyon pou yo touye kont volonte yo ? Menm si kondisyon lanmò sa gen sous nan byoloji epi li pa pwodui selon yon kalite kondisyon ak kilti, inosans syantifik pwomèt pou ranfòse asasen patolojik pou yo kalibere yo kont volonte pou touye. Epi pou fè'l san anpeche lòt kalite imèn yo. Avèk pwogrè newsyans modèn nan, jenetik ak lòt byosyansyo, kondisyon lanmò pa kab evite « nati imèn », menm si li mare ak yon dezòd byolojik atipik, li pa kapab gen yon opinyon ankò.

Rechèch aplike epi fondamantal newsikològ devlopman James W.Prescott ak newsikyat Robert G.Heath (Restak 1979:118-133) fòme yon egzanp ki louvri chemen. Selon teyori yo, kapasite moun genyen pou touye kont volonte yo gen rapò ak yon dezòd sikui elektrik yo (« chemen plezi yo ») ki konekte zòn sèvo ki konekte emosyon (sistèm lenbik) ak mouvman kòporèl (sèvelè).Yo avanse ipotèz pou yo di pwomosyon oswa andomajman sikui sa yo ki lye nan nivo mouvman kòporèl sikilè nan devlopman pandan nou tou piti, yo verifye ipotèz sa pandan yo leve chenpanze yo kote tèt yo rete rès nan yon eto, oswa yo fè yo vire nan yon chèz k'ap tounen. Yo te dekouvri annaprè, chenpanze ki pa bouje yo pi vyolan, epi sa ki bouje yo mwen vyolan.Yo kontinye avèk yon aplikasyon sou asasen ki nan prizon, yo mete yon ti elektwòd nan sèvo dèyè a, ki kapab kontwole tèt gras ak yon estimilatè pòch ki fonksyone parapò ak yon aparèy ki plase nan epòl moun k'ap touye kont volonte'l (estimilatè sèvelè oswa netwonòm sèvelè). Lè gen yon santiman disfori ak bezwen pou touye, moun ka mete an mouvman chemen plezi pou elimine yo. Kèk endividi yo fè dyagnostik « ki yon jan kriminèl fou »te santi yon soulajman imedyat apre plizyè lane izolman oswa limit yo genyen nan deplasman. Gen lòt yo ki te anrejistre yon disparisyon ki fèt tanzantan nan lide pou yo anvri touye tèt yo oswa pou yo touye. Te gen anpil echèk. Nan yon ka, fil estimatè sèvelè a te kase, pasyan te touye san pèdi tan yon enfimiyè avèk sizo. Tandiske, siksè kokenn chenn pwosedi sa bay yon defi ak lòt inovasyon teyorik epi teknolojik ki vle libere kreyenvivan nan pemimis byolojik lanmò.

Konklizyon venn twa sikyat nan inivèsite Stanford ki te fòmè yon komite pou etidye « kriz vyolans » Etazini apre asasina Martin Luther King Jr. Ak asasina senatè Roberd F.Kenedy (Daniels, Gilula, epi Ochberg nan lane 1970) ranfòse baz pou yon optimis nan sa ki konsène pa touye. Apre yo te fin egzaminen vyolans ak agresyon nan relasyon avèk byoloji a, sikodinamik, anviwonman, kòlè, konfli andedan gwoup yo, mas medya yo, zamafe, maladi mantal, itilizasyon dwòg ak lòt eleman yo, Daniels ak Gilula fini pou yo di : « li posib nan sa nou konnen deja pou moun ta gen konpo nan tan sa ak zak vyolans si nou vle chache ankò lòt mwayen yo » (anfaz ajoute) (441).

Etid ka ki gen rapò ak omisid prezante gras ak sikyat Georges F. Solomon (1970) rann prevansyon touye fasil epi posib, yon fason depaman ak referans ki pa pisan nan «nati imèn».Nan youn nan ka yo, esperyans sosyalizasyon yon touyè fanm ak zamafe epi sanzatann, ki sanble san emosyon, te gen ladann : neglijan parantal papa dejwe,manman alkolik epi ki deregle, yon anvi pou zamafe, epi pran chemen dwòg pou bloke « move imaj » peche enchès.Nan yon lòt ka,istwa yon nonm ki touye nouvo mari ansyen fanm li te rakonte konsa :povwete,rayiman papa pou vyolans li fè kont manman, move refleksyon apre papa te fin bat li nan tèt, ti manyè manman, piske sè li yo te konn bat li, piske li te vin yon sèjan nan Marines, nan maryaj ak yon pwostitiye li te rankontre nan yon bòdèl epi li te fè de timoun avèk li, agresyon kont pwostitiye a epi li blese pwòp ponyèt li apre li te fin dekouvri madanm li pa fidèl padan li te sou pòs lòt bò dlo, madanm nan te menase'l avèk yon pistole kalib 38, epi ak pistole sèvis li nan men li avèk sa li te touye –pa madanm nan non – men nouvo mari madanm nan, nan yon eskonbrit pandan yo twa nan yon sal sejou t'ap diskite pansyon alimantè ak dwa pou vizite timoun yo.

Solomon fini pou'l di :

Kòm sikyat, mwen kwè ak tout fòs mwen konpòtman moun ka chanje.Echèk nou yo nan sa ki gen awè ak prevansyon epi tretman soti nan iyorans, sa ki ka amelyore avèk anpil rechèch ki ale pi lwen ; nan mank aplikasyon sou prensip yo aksepte yo ; repiyans pou chanjman ; akizasyon piblik annegad devyans sosyal pi plis pase yo kèlkonk « maladi san tretman » anndan yon moun ki gen tandans fè vyolans. Kapasite kreyenivan yo anpil nan sa ki gen awè ak kwasans epi ak gerizon, epi, nou espere'l, panchan yo genyen pou vyolans kapab sispann (387).

Nan antwopoloji, yon lòt enterè pou konprann kapasite moun genyen pou viv san vyolans ak lapè, yon fason kontrè ak aksan abityèlman yo mete sou vyolans ak agresyon, bay anpil konesans ki pèmèt yo konsidere yon lòt fwa lide ki fè kwè yon sosyete kote moun pa touye enposib (Sponsel ak Gregor 1994b ; Sponsel1996).Kòm jan Lelie E. Sponsel explike'l , « sosyete san vyolans epi pasifik yo sanble ra – pa paske yo ra tout bon non, men paske kesyon san vyolans ak lapè pa janm pran an konsiderasyon nan rechèch yo, laprès, ak lòt domèn yo ».Li ajoute, « li enpòtan tou pou konprann karakteristik yo, kondisyon yo, kòz yo, fonksyon yo, pwosesis ak konsekans yo nan yon vi san vyolans menm jan pou konprann sa yo ki gen awè ak vyolans epi ak lagè »(Sponsel 1994a :18 -9).

Piero Giorgi (1999) ak J.M.G.Van Der Dennen (1990 ; 1995) te fè vanse yon konsiderasyon syantifik sou lide hobbesienne ki gen awè ak lanmò inivèsèl pami premye kreyenivan yo.Pandan yon ekzamen sou prèv gè ak koutim pami 50,000 pèp « primitif » nonmen nan literati etnografik pandan dènyè syèk la, Van Der Dennen

kwenn sèlman yon konfimasyon pou eksplike 2000 gwoup.Li rekonèt nan mank enfòmasyon sou « aksyon belijeran » pou rès gwoup yo pa bay ase prèv pou tandans yo genyen pou lapè, Van Der Dennen bay avètisman kont konsantman lide ki fè kwè tout moun dispoze pou yo fè lagè(1990 :257,295,264-9).

Lè n'ap ekzaminen literati antwopolojik, Bruce D. Bonta (1993) idantifye karansèt sosyete ki bay prèv moun gen kapsite « lapè ». Lapè...defini kòm yon kondisyon kote moun yo viv nan yon nivo wo relasyon kòdyal ant moun ak moun; yo konnen yon tikras vyolans fizik ant granmoun ak timoun yo, epi ant sèks yo ; yo te devlope anpil estrateji ki aplikab pou rezoud konfli epi pou detounen vyolans ; yo detèmine pou evite vyolans (tankou sityasyon lagè) alegad lòt pèp yo ; yo bay pitit yo elevasyon pou yo adonnen ak manyè pasifik yo ; epi yo gen anpil konsyans piske yo pasifik (4).

Bonta kwenn anpil prèv lapè nan mitan amish yo, pèp anabaptiste yo, balinais yo, Batek, Birhor, Brethen, Buid, Chewong, Doukhorbor, Fipa, Fore, G/wi, Hutterite, Ifaluk, Inuit, Jain, Kadar, Kung, Ladakh, Lepcha, Malapandaram, Mbuti, Mennonite, Montagnais-Naskapi, Moravien, Nayaka, Nubien,Onge, Orang Asli, Paliya, Piara, Quaker, L'Irlande rurale du nord, les Thaïs ruraux, San, Sanpoil, Salteaux, Semai,Tahitiens, Tanka, Temiar, Toraja, Iles Tristan, Waura, Uanadi, Zapotèque, et Zuni.

Nan yon lòt etid sou rezoud konfli pami venn kat nan pèp sa yo, Bonta (1996) pote konklizyon'l :

Plizyè lide ki menm nan sa ki gen awè ak konfli yo epi ak rezoud konfli yo vin asire avèk entèlekyèl oksidantal yo ki bay yon lòt konsiderasyon nan lespri pou sosyete sayo fè siksè nan kesyon rezoud konfli ak lapè ; lè y'ap nonmen, konfli vyolan pa kab pa rive nan tout sosyete yo ; pinisyon ak fòs lame yo prevwa vyolans anndan ak deyò ; estrikti politik yo nesèsè pou prevansyon konfli yo ; epi konfli yo dwe parèt kòmka pozitif epi nesèsè.Sa pwouve kontrè, se plis pase mwatye sosyete pasifik yo ki pa te konte zak vyolans ;yo pini granmoun yo raman (sof pou sa ki gen awè ak menas ostrasis) ; yo trete konfli yo avèk sosyete deyò yo dapre menm mwayen pasifik yo trete konfli anndan yo ; yo pa rele gouvènman etranje yo lè y'ap konfwonte chirepit anndan ; epi yo gen yon vizyon ekstrèmman negatif pou konfli yo(403).

Enpòtans sosyalizasyon timoun ak idantite kominotè, ant lòt eleman ki ka fè diferans anpil sosyete nan nivo vyolans ba oswa wo yo genyen, se yon konklizyon antwopolojik ki fè sifas tanzantan (Fabro1978). Dr. Douglas P. Fry (1994) fè yon etid konparatif sou de vilaj Zapotèk nan peyi meksik sou karakteristik sosyal ak ekonomik ki sanble menm, men ki gen anpil diferans nan manyè vyolans ap fèt, sa fè parèt pi klè enpòtans yo.Nan lide pasifik la Paz, kote omisid ra, sitwayen yo wè tèt yo kòm moun « ki gen respè, ki renmen lapè, ki pa jalou, epi ki viv nan tèt ansanm »(140).Nan vilaj voisier nan San Andrés, vyolan, gen « kwayans, oswa sistèm valè, fòs pou kenbe ekilib, blayi tou patou ki kwenn anpil eskiz nan vyolans »(141).Sa mache nan manke respè pou fanm yo, vyolans nan maryaj, nan bay timoun yo baton,timoun dezobeyisan yo, pawòl dezagreyab, eskonbrit tafyatè ki mennen goumen, epi asasinay matlòt , koutim plis vanjans.Avèk anpil kondisyon materyèl epi estriktirèl yo ki sanble anpil, pousantaj omisid nan San Andrés se 18,1 sou chak 100,000 konpare ak pa La Paz la ki se 3,4.Konparezon sa ride nou konprann pesimis ki gen awè ak nati imèn epi prensip

kominotè ki jwenn anpil eskiz nan vyolans antre an relasyon respwòk ak touye ; tandiske kwayans ak valè ki pa vyolan yo prepare yon sosyete moun pa touye moun.

Istorik « deklasyon sou vyolans »nan seviy nan dat 16 me 1986 kote yon gwoup espesyalis entènasyonal eksprime yo nan disiplin ki gen awè ak konpòtman zannimo, konpòtman jenetik, antwopoloji byolojik, etnoloji, newofizyoloji, antwopoloji fizik, sikoloji politik, sikyatri, sikobyoloji, sikoloji, sikoloji sosyal, ak sosyoloji, ofri yon sipò syantifik enpòtan pou konfyans nan kapasite moun genyen pou yo pa touye. Yo deklare :

Yon manyè syantifik li pa kòrèk pou di nou eritye tandans fè lagè nan zansèt zannimo nou yo...yon manyè syantifik li pa kòrèk pou di lagè oswa tout lòt konpòtman vyolan pwograme yon fason jenetik nan nati imèn nou...yon manyè syantifik li pa kòrèk pou di pandan evolasyon imèn, gen yon chwa ki te fèt nan konpòtman agresif plis pase lòt konpòtman yo...yon manyè syantifik li pa kòrèk pou di lagè soti nan « ensten »oswa nan tout lòt anbisyon.

Nan eko ansanm ak optimis sikyat Stanford yo ki vize lide pou moun pa touye moun nan, syantis nan seviy deklare :

Nou fini pou di byoloji pa mande kreyenvivan pou fè lagè toutan, men kreyenvivan kapab soti nan angrenay pesimis byolojik epi ranfòse ak konfyans pou antreprann travay transfòmasyon ki nesèsè nan lane entènasyonal lapè sa a epi diran lane k'ap vini yo.Alòske travay sa yo gen nati enstitisyonèl epi konsène tout moun, yo fè parèt tou konsyans anpil endivi ki patisipe kote pesimis ak optimis se eleman fondamantal.Tankou jan « lagè kòmanse nan lespri anpil moun » , lapè tou kòmanse nan lespri nou.Menm espès ki te envante lagè kapab envante lapè.Nou chak gen responsablite pa nou ladann(Adams1989 :120-1 ;1997).

Nan dat 2 out 1939, Albert Einstein te ekri yon lèt ak prezidan Franklin D. Roosevelt pou li di'l fizik atomik tèlman fè pwogrè yo ka kreye « lòt kalite bonm ki pisan anpil » (Nathan ak Norden, 1968 :295).Sa se te rezilta nan fòmasyon yon komite konsiltatif, premye envestisman gouvènman Etazini an fè koute si mil dola, òganizasyon pwojè Manhattan envesti plizyè milya dola, epi kreyasyon ak itilizasyon, sis lane plita, premye bonm ak iranyòm epi plitonyòm nan mond la.Swasantan pita, li posib pou di kounye a gen ase prèv syantifik ki parèt aklè nan kapasite imèn san vyolans yo ki – yo tèlman patisipe epi vanse sistematikman – y'ap rann posib pou ranfòse moun k'ap transfòme tèt yo nan lide pou pa touye.Pami endikatè yo , gen plis pase san disètasyon doktoral ki bay rapò sou anpil rechèch ki fèt sou « san vyolans la » ki parèt pi plis chak joudepi nan lane 1963, espesyalman nan peyi Etazini, nan anpil domèn tankou antwopoloji, edikasyon, istwa, lang yo, ak literati a, filozofi a, sikoloji a, syans politik yo, relijyon an, sosyoloji a, diskou yo, epi teyoloji a(sa yo soti nan disètasyon entènasyonal nan lane1963-).

Yo ajoute ladann anpil rechèch ki fèt nan lòt peyi yo tankou nan peyi end, nan lòt lang yo ki pa angle, nan anpil dokimanki prezante pandan konferans akademik yo, nan anpil liv ak senpozòm ant plizyè disiplin (kool1990 ; 1993), nan analiz ki fè wè premye lide ki prepare chemen an (Gregg1996), nan nouvo jounal yo (jounal entènasyonal san vyolans nan lane 1993-) nan ankèt bibliyografik enpòtan ajoute sou jefò k'ap fèt pou pa gen vyolans (Mc Carthy ak Sharp 1997), epi lòt sou yo – li klè yon ansanm konesans esansyèl ki vize lide san vyolans ap devlope anplis literati sou « lapè » ak « rezoud konfli yo ».Kapasite aktyèl anpil konesans ki konsène san vyolans kapab konpare dapre fonksyon fizik atomik nan lane1939.

Aparisyon etonan nan kapasite pou yo pa touye

Emile Durkheim (1858-1917), youn nan moun ki kreye sosyoloji modèn, te fè anpil zye fikse sou « aparisyon etonan » nan lavi sosyal ki gen awè ak kesyon enterè teyorik. Lide sa a te mennen pi lwen gras ak sosyosikològ ameriken Donald T. Campell ki te aprann ak etidyan pòs-inivèsite syans politik yo nan inivèsite nò oksidantal pou yo prè pou yo obsève « eksperimantasyon sosyal ki fèt natirèlman », sanble ak sa yoki ta kab fèt nan yon laboratwa eksperimantal (Paige 1971). Syans politik gen tandans devlope teyori dapre obsèvasyon pratik – tankou jan Machiavel elabore teyori li a sou teknik dirijan brital César Borgia nan prens la – anpil egzanp konpòtman moun ki pa konn touye moun parèt sanzatan « natirèlman » nan esperyans istorik ak nan tan kounye a yo espesyalman enpòtan pou konnen yon lòt fwa posiblite pou chanjman sosyal san vyolans.

Pami gwo demonstrasyon sou kapasite pou pa touye, nou jwenn politik piblik yo, enstitisyon yo, ekspresyon kiltirèl yo, lit politik san vyolans yo, egzanp istorik yo ak endividi ki devwe yo. Politik piblik. Peyi ki te aboli pinisyon lanmò, peyi ki pa gen lame, epi peyi ki rekonèt dwa moun genyen pou yo pa dakò ak sa ki gen awè ak touye moun nan sèvis militè tabli egzanp ki parèt aklè nan desizyon politik ki gen misyon konstriksyon sosyete moun pa touye moun. Nan avril 2000, swasantrèz nan 195 peyi ak teritwa nan mond la te aboli pinisyon lanmò pou tout krim yo.

Tablo 2. Peyi ak teritwa ki pa gen penn lanmò

Afrik di sid	Gine Biso	Palo
Almay	Ayiti	Panama
Andò	Olann	Paragway
Angola	Onnduras	Poloy
Ostrali	Onngri	Pòtigal
Azerbadjan	Il Moris	Repiblik Slovaki
Otrich	Il machal	Repiblik Dominikèn
Beljik	Il Salomon	Repiblik tchèk
Bulgari	Irlann	Roumani
Kambodj	Islann	Royom Ini
Kanada	Itali	Sann Marino
Kap Vèt	Kiribati	Sao Tome ak Prensip
Kolombi	lichtentay	Sichèl
Kosta Rika	Litواني	Eslovaki
Koasi	lukzanboug	Suèd
Dannmak	Masedwann	Suis
Djibouti	Mikronezi	Timòr Oriental
Espay	Moldavi	Turkmenistan
Eta di vatican	Mozanmbik	Ikrèn
Ekwatò	Namibi	Irigwe
Fennlann	Nepal	Vanuati
Frans	Nouvèl Zelann	Venezwela
Jorji	Nikaragwa	
Grès	Nòvèj	

Sous : Amnisti entènasyonal. Avril 2000

Chak fwa gen ablosyon penn Kapital (Lanmò) se yon gwo enterè nan sa ki gen rapò ak syans politik. Poukisa, kouman, ak kilè chak gouvènman te dakò pou y opa touye ? Ki plotik istorik chanjman ak popagann ki konte nan monn lan kounye a ? Ki sa chanjman non vyolans kapab pote pou n rive jwenn yon sosyete san touye moun sou tout tè a.

A kote peyi ki aboli penn kapital yo, katòz peyi aboli penn lanmò pou krim òdinè yo, pandan yo kenbe l' pou ka espesyal lwa masyal ou lagè tankou (Ajantin, Brezil, Meksik, Afrik di Sid, Rwayòm Ini) Venn twa eta kenpe penn lanmò a men y opa ekzekite okenn moun depi dizan takou (Albani, BrunayDarusalam, Kongo, Papouanezi nouvèl, Gine, Senegal, Taylann, Latiki, avek Samoa Oksidental). Katreven dis peyi kenbe penn lanmò a nan lwa yoepi kontinye touye tankou (Chin, Ejjip, End, Endonezi, Japon, Nikaragwa, Pakistan, Risi ak Etazini). Menm lè lwa etazini yo gen la dann penn lanmò pou krim federal yo douz nan senkannde eta yo ak distri kolombia aboli yo : Alaska, Awayi, Iowa, Mèn, Masachosèt, Michigann, Minesota, Dakata di nò, Ròd Islann, Vermon, Vijini oksidental, avek Wiskousen.

Menm lè mouvman ki genyen pou jete oubyen pou kenbe pozisyon penn lanmò an, anpil gouvènman ki te fèt nan nan vyolans ranfòse kwayans yo nan posibilite pou n rive genyen yon sosyete kote moun pap touye moun. Aksyon touye moun pa bezwen rantrè nan kontra sosyal Rouso a, ni pou ta fè yon sijè politik tankou Max Weber Montre l'. N'ap etitye tou peyi kip a gen lame., te gen nenn sèt nan lanne 2001. yo tout se manm Nasyon Ini sòf Il Kouk yo, Nye, ak vatikan.

Tablo 3. Peyi ki pa gen lame

Pa gen lame (19)

Kosta Rika
 Dominik
 Grenad
 Ayiti
 Il Moris
 Il Salomon
 Lichtentay
 Maldiv
 Noru
 Panama
 Sent Kits Nevis
 Sent Lisi
 Sen Vensan ak Krenadin
 Samoa
 Sann Marino
 Tuvalu
 Vanuatu
 Vatikan

Pa gen lame (Trete defans) (8)

Andò (Espay, Frans)
 Il Kouk(Nouvèl Zelann)
 Il Machal (Etazini Damerik)
 Islann (OTAN, Etazini damerik)
 Mikronesi (Etazini damerik)
 Monako (Frans)
 Niue (Nouvèl zelann)
 Palo (Etazini)

An plis, nan akò ki genyen avek peyi yo depann de yo, genyen pou pipiti katreven peyi depandan ou rejyon geografik ki pa gen militè la dan yo, tankou (Il Alan nan fenlann, oubyen nan trete entènasyonaltankou Antarstik ak Moun.(Barbey 2001)

Absans lame nan peyi yo parèt tankou yon sipriz, kote li parèt endispansab pou idantite nasyon la, kontwòl sosyal, ak defans lan.

Menm si peyi ki pa gen lame yo pa anpil- gen lòt touki depann de lame lòt peyi ki se chèf yo a oubyen lòt fòs paramilitè – Yo montre gen posibilite pou genyen peyi ki pa gen militè. Li posib tou pou gen peyi kote mou p’ap touye moun.

Nan peyi ki gen lame yo, paske leta dako yon moun a pati konsyans li ka pa dakò antre nan lame bay bon jan prèv ge mwayen pou pa gen touye. Nan lanne 1998, karann sèt Peyi te rekonèt devan la lwa gen lòt mwayen pou yon milite refize touye pandan sèvis li.

Tablo 4. Peyi ak teritwa ki dakò yon moun pa fè sèvis militè

Afrik Di Sid	Fennlann	Paragwe
Almay	Frans	Poloy
Ostrali	Grès	Potigal
Otrich	Gyann	Repiblik Tchèk
Azèbadjan	Olann	Roumani
Beljik	Onngri	Waom Ini
Bèmèd	Il Mat	Risi
Brezil		Eslovaki
Boulgari	Izraèl	Esloveni
Kanada	Itali	Sirinam
Chip (Chip Grek)	Kirghistan	Syèd
Kroasi	Letoni	Swis
Dannmak	Litواني	Ikraèn
Espay	Moldavi	Irigway
Estoni	Nòvèj	Yougoslavi
Etazini	Ouzbekistan	Zimbabwe

Baz legal pou pa patisipe an varye anpil soti nan ekzijans relijyon pou rive nan ki pi global ki chita sou lòd espirityèl, avwa, etik, moral, imanite osinon politik pou refize touye.

Lwa yo varye anpil tou pou solda ki déjà na sevis militè, genyen posibilite pou yo chwazi pa touye pandan sèvis militè yo. (Maskos ak Chambers 1993). Dwa pou pa touye ki pi klè a n’ap jwenn li nan atik 4 lwa fondamantal 19949 Repiblik Federal Almay la { Yo pap fòse okenn moun fè sèvis militè ak zam si li pa dakò } (Kuhlmann ak Lippert 1993: 98) Tankou sa fèt nan peyi ki aboli penn lanmò a ak emèjan peyi ki pa gen lame yo, orijin, posesis, tandans global, aka k pès pektiv politik pou sèvi tankou militè k’ap touye se yon gwo enterè syantifik.

Enstitisyon sosyal

Gen anpil enstitisyon ki sanble ki gentan kreye anpil kote nan mond lan nan lide pou rive ak sosyete kote moun p’ap touye moun. Yo bay lòt prèv nan kapasite moun genyen pou yo ka deside pa touye. Si enstitisyon a yo te, nan yon mannyè, konbine ak adapte yon sosyete inik kounye a li pi posib pou n’ anvizaje yon soaspyete ki p’ap touye epi ki chita sou espekilasyon men ki se baz esperyans moun deja fè. Nan enstitisyon sa yo, gen kèk, nou pale de yo tou piti ; men chak gen yon istwa ki merite pou n’ ta rakonte nèt.

Enstitisyon espirityèl

Nan tout mond lan gen enstitisyon relijye nan lide kote moun p'ap touye moun. Se konsa, Jainorian, Quakers oksidan, asosyasyon lapè ak fratènite inivèsèl Japon, kominote boudis vilaj Plun an Frans, Egliz simon Kimbagu an Afrik, pasifis Doukhobors (Wrestler Spirit) peyi Risi ak Kanada, ak asosyasyon lapè juifnan payi Etazini. Nan nivo mondyal, asosyasyon etènasyonal pou rekonsilyasyon, ki fèt nan lane 1919, rasanble gason ak fanm tout relijyon. Ki sou baz kwoyans pouvwa lanmou ak verite pou kreye jistis ak refè kominote a, pran non vyolan aktiv kòm fason pou yo viv ak mwoyen pou transfòme- yo menm- sosyal, ekonomik ak politik.

Enstitisyon politik

Fellowship Party of Britain (Pati Asosyasyon Britanik) Fèt nan lane 1955 pa Ronald Mallone, John Loveseed at lòt pasifis kreyen ansanm ak veteran kit e patisipe nan dexiem gè mondyal (3) se yon pati politik elektoral ki angaje l' nèt nan non vyolans. Li goumen kont tout preparasyon lagè, li pran pati pou jistis ekonomik ak sosyal, p[andan l'ap kore ar ak espò. Nan peyi Almay, non vyolans se yonn nan pi gwo valè Die Grünen (Pati Vèt) ekolojik ki fèt nan lane 1979 se te Petra K. Kelli ak tent lòt moun. Mouvmman non vyolans ki te lye ak Gandi epi Maten Liter Kin yo (Kelli 1989) te konte moun pami moun ki t'ap panse yo. Menm lè li pa fè gwo aksyon politik nou jwenn pati vèt yo anpil kote nan mond lan; ankajman pou kore non vyolans lan pati

elektoral la / mouvmman sosyal komansman an ba l' yon gwo avantaj politik. Pati pasifis Etazini an fèt nan lane 1983, sou prensip espirityèl syantifik ak imanis fondatè l se Bradford Lyttle, ki te vin kandida nan eleksyon pou pòs presidan nan lane 1996 ak 2000, chache transfòmasyon ameriken nan ak wòl li nan mond lan (5). Nan peyi End, pati Sarvodaya, te fèt pa TKN Unithan ak lòt,, te antre nan zafè eleksyon pou ankouraje modèl Gandi an pou developman sosyal pou byen tout moun. Jistifye rezon ki fè l pa rete nan tradisyon gandyen nan pou rete lwen politik, Pati Sarvodaya eslipe : « pouvwa se yon bagay ki nèt li vin pa bon, lè se moun kip a bon k'ap dirije ». Nan nivo mondyal pati Transnasyonal Radikal Inik lan nan jan pa l' ; chita sou non vyolans gandyen nan te bay nesans ak pati radikal Itali an nan lane 1987. Li te gen objektif pou l' te travay selman nan nivo entènasyonal pou l' te gen yon enflyans non vyolant sou nasyonzini, paexanp nan aboli penn lanmò, pou rekonèt chwa konsyans moun, pou pouswiv nan jistis kriminel lagè yo, nan tout mond lan. Pati p'ap patisipe nan eleksyon nasyonal ; manm li yo ka fè pati nenpòt lòt pati politik. souskripsyon yo sou pro rata en pou san prodwui nasyonal bri per kapital peyi manm yo.

Sou lòd Gandy, pati a proklame : « la lwa ak non vyolans transnasyonal se pi on mwayen pou n' ka genyen yon mond meye »

Enstitisyon Ekonomik

Nan enstitisyon ekonomik ki pi enpòtan yoki dakò ak prensip ou moun pa touye yo, yon jwen yon fon kapitalis yon ak lòt aksyon ki p'ap investi nan endistri pou fè lagè (Fon Mondyal Pax) yon sendika travayè ki chita sou baz non vyolans gandyen ak Kengyen (Travayè Agrikòl Ini edamerik, moun ki te fè l' yo se te Cesar Chavez, Dolores Heurta, ak lòt) ak yon pwogram pou developman kominotète fèt nan peyi Taylann ki te chita sou prensip non vyolans Boudis (Sarvodaya Shramadana Sangamaya, moun ki t'ap dirije

l' sete A.T Ariyaratne). Menm lè l' pat fè gwo siksè, esperyans mouvman Boudan na (Don latè) na peyi End pou bay tè ak moun kip a gen tè – chita sou teori « Trusteeship » gandi an epi sete Vinoba Bhava ki t' ap dirije l' ak Jayaprakash Narayan (1978) – rive montre li posib san vyolans pou n' pataje byen kip a anpil. Gen fondasyon filantropik bay api ya nan sevis non vyolans nan sosyete a: Fondasyon Gandhi an (lond), Savodaya enternational Trust (angalore) ak enstiti A.J. Muste (Nouyòk)

Enstitisyon edikativ

Lide pou ta mete tout yon inivèsite sou lespri pliriconfesyonèl non-vyolans ki t' ap la pou sèvi moun sete edikatè Dr G.Ramachandran ki te bay li, li te chita sou prensif gandyèn, li te fè enstiti Rival gandigram (Jije inivèsite) nan vil Tamil Nadu, nan peyi End – inivèsite sa te bay sèvis li ak trent lokalite ki te tou pre l' kèk nan karakteristik li yo se te (1) mete etid disiplin yo ak aplikasyon kominotè yo : syans politik yo ak pran desizyon nan vilaj la, fizik ak ranje radyo, byoloji ak pwopte, ar yo ak devlope lide kay ti moun (2) mande tèz resolisyon pwoblèm ak tout etidyan ki fini (3) fè kou na twa lang avek, tamil pou bezwen zòn nan, Endou ki se lang peyi a, anglò pou l' 149t peyi yo, 4 mete tout moun nan travay pou kenbe kanmpis lan anvi ak nan sèvis yo : san, yo pa bezwen moun ki pou geran, moun pou fè pwopte ak fè manje.

Ramachandran te bay gwo kout men nan inivèsite a pou etabli yon enstitisyon siperye sans vyolans pou fòmasyon militè – yon Shanti Sena (Kò pou lapè) kote chèf oganizatè N. Radhakrishnan (1995-1997) te vin pwofesè imanite. Soti nan lane 1958 pou rive an 1988, Shanti Sena a te fòme senk mil jenn gason ak fi volontè ki te dakò « travay pou lapè epi te dakò mouri pou li si sete posib » mete Ansanm yon fòmasyon espirityèl, fizik, entelektyèl ak òganizasyonèl, Shanti Sena a te prepare etidyan pou rezoud pwoblèm, bay sekirite, pote sekou lè gen dezak sèvis kominotè koperatif pou reponn ak bezwen kominote a. Lide a sete travay ak moun nan kominote a pou rive chanje kèk bagay tankou swen y' ap bay ti moun, pwopte, lojmanak konsève zafè kilti. Nan mitan lane 70 yo, kèk inivèsite nan vil End te yon bonmb tankou entriman pou bay presyon moun nan vil yo mete yo ak Gandhigram pou yo oganize gwo festival pou elevasyon enstiti yo a pami enstitisyon yo jije inivèsite. Shanti Sena te pran responsabilite pou bay sekirite nan kanmpis la . Okenn moun ki gen zam pat gen dwa antre sou kanmpis la, menm lè premye minis Endou yo ansanm ak lèt gwo zotobre t' ap vizite inivèsite a.

Enstitisyon fòmasyon

Enstitisyon k' ap bay fòmasyon nan non-vyolans pou chanjman sosyal ak entèvansyon nan zòn pwoblèm yo, defans sosyal ak lòt bagay, pat pran anpil tan pou yo te parèt. Te gen yon gwo demann pou fòmasyon ki gen esperyans anndan frontye a ak deyò l', fòmasyon sa yo te kontribiye pou fè plis moun kwè, moun ka ranplase mwayen vyolans ya avek metòd non vyolans pou rezoud pwoblèm. N' ap site kèk òganizasyon ak fòmasyon nou konnen (beer 1994) Ekòl non vyolans G. Ramachandran (N.Radjarosnan), brigad lapè entènasyonal (Narayan Desai) Enstiti Maten Litè Kin Jr. Pou non vyolan nan vil Floridak Lafayette & asosye (Bernard Lafayette Jr, Charles L Alphin Sr., ak David Jehnsen) > Sant Palestinyen pou etid non vyolans (Mu Barak Awad, Servicio Paz y justicia (adolfo Perz Esquivel), Rezo entènasyonal boudis angaje (Yeshua Moser-

Puanguwan) ak TRANSCEND (Johan Galtung).Ar masyal pou pa touyeAyikido,soti nan peyi Japon,se yon gwo zam pou defann tèt ou ak devlope karaktè non vyolans ansanm ak kèk gwo tèm ansyen ki antre nan fòmasyon pou rive jwenn yon estrateji non-vyolans.Tankou moun ki te fonde l' la te montre l' MoribeUeshiba « kraze, blese, detwi se pi gwo peche yon moun kafè ». Oblektif Ayikido a se ini tout fòs inivè a. « Ayikido se manifestasyon lanmou » (Stevens 1987, 94, 112, Yoder 1983 :28).

Enstitisyon sekirite

Anpil enstitisyon sou tè a montre kapasite pou chache sekirite kominotè san y opa touye. Konsa, nou jwenn peyi kote sitwoyen y opa gen zam (Japon), yon kò polis ki preske pa gen zamki ka tire (Anglete), yon prizon ki pa gen moun ak zam k'ap veye l'(Fennlann), zòn la pè kip a gen zam(sitio Cantomanyog, Philippines) yon asosyasyon pou defans san zam (Bund Fur Soziale Verteidigung, Minden, almay), ak oganizasyon non vyolans ki fè entèkansyon nan zòn ki gen batay san zam. (Moser-puanguwan ak weber 2000 : mahony ak EWguren 1997). Fòk nou

site tou kèk aksyon gouvènman yo ansanm ak oganizasyon sitwayen yo pou yon mond san zam ; pou elimine pistolè, gwo zam, ak min antipèsònèl. Nan oganizasyon sa yo nou ka jwenn sant pou lapè ak rekonsilyasyon ki sete ansyen prezidan Kostariken an ki te pran pri nobèl pou lapè a an 1987 Oscar Arias Sanchez ki te kreye l'pou elimine lame ak rezoud pwoblèm.Mouvman pou sispann vann zam, konbat trafik esklav ; Sosyete nati / san zam ki te fèt nan peyi filipinpa Reynaldo Pacheko ak Haydee y Yorac, pou sove moun kòm espès ki an danje (Villavincensiopaurom 1995).

Enstitisyon k'ap fè rechèch

Nan oksidan, enstiti Albert Einstein (Cambridge, Massachusett) te fèt pa Gene Sharp,t'ap fè rechèch sou lit non vyolan pou demokrasi a, sekirite ak jistis tout kote sou tè a. Nan orian, enstiti Gandyen pou etid (varanasi.End) te fèt pa Jayaprakash (« J.P. ») Narayan , t'ap fè rechèch nan syans sosyal pou apiye chanjman sosyal non vyolan .Nan nivo transnasyonal, komisyon pou non vyolans, asosyasyon pou jwenn lapè a, te fèt pa Theodore L. Herman, t'ap fè pwomosyon pou dekouvèt ki fèt nan domèn edikasyon ak aksyon.

Enstitisyon k'ap rezoud pwoblèm

Amnisty entènasyonal (defans dwa moun ak aboli penn lanmò), Greenpeace (defans anvivonman ak aboli zam nikleyè) le War Resisters International – International resistans ak la gè(defann konsyans moun kip a vle fè sèvis militè ak resiste ak tout preparasyon l gè), ak medesen sans fwontyè(Swen la sante imanité pou viktim vyolans la se anpil nan enstitisyon ki bay tèt yo pou rezoud pwoblèm ,san y opa touye.

Media kominikasyon

Posibilite pou medya kominikasyon yo bay enfòmasyon ak fè pale kondisyon local ak mondyal nan lide kote moun p'ap touye sete jounalis Colman Mc Carthy (1994) kit e premye fè l' avek anpil dokiman ki soti tout kote sou té a. TankouDay By Day, revi ki soti chak mwa sou ar y oak espò pati asosyasyon pasifis Britanik lan (Londre); le seeds of peace Boudis Bangkok; le peace new; for non-vviolent revolution internasyonal

(Londre)le mensuel français Non-violence actualités (Montargis); l'azione nonviolenta Italie (Verone); le Graswurtzel-Revolution d'Allemagne (Oldenburg)ak magazine ameriken Fellowship (Nyack, N.Y.) ak Nonviolent activist(New York) ansanm ak plisyè lòt. Kek jounal tankou social alternatives(Brisbane, Australie), Gandhi Marg (New Delhi), ak internasional journal of nonviolence (Washington, D.C) fè parèt ak pale sou lide non vyolans sou anpil pwen. Kèk kay k'ap distribiyè liv, tankou Navajivan (Ahmedbad, Inde), new society publishers (Blaine, Washington), Non violence actualités (Montargis, France)ak obis Books (Maryknoll, New York)espisyalize nan liv edikasyon pou chanjman sosyal san vyolans.

Resous kiltirèl

Resous kiltirèl non vyolan se bagay atis fè ak entèligans ki bay yon lòt figi ak lespri moun et ki fè n avanse sou chimen pou n jwenn yon sosyete san touye. Bagay say o genyen ladan yo, bagay tradityon (“We shall overcome”) opera (Philip Glass, “Satyagraha”), roman yo (Bertha von Suttner, mete atè zam yo); pwezi(Steve Mason, Johnny’s Song); Ar (Kathe Kollwitz, Seed for the planting must not be ground) ak sinema (Richard ttenborough, Gandhi). Sant pou non vyolans pou Ar yo ki fèt nan lane 1955 se te Mallika Sarabhai ak Ahmedabad, nan peyi End, chache etabli lòt fòs pa touye pou transfòmè sosyal la nan bagay moun ka wè, teat ak literati

Lit politik san vyolans

Menm lè sa pa fèk vini nan istwa, lit politik non vyolan ki fèt na dèxièm mwatye 20 èm siek la montre ak lè kapasite moun genyen pou yo pa touye “ se pa pli tan an lane 1980” Gene Sharp te obsève “pi fò moun pat kwè nan lit san vyolans- oubyen pouvwa popilè a – ka nan 10 an vin rekonèt tankou yon gwo fòs ki chanje politik la tout kote sou tè a” (Sharp 1989 : 4) sòti nan lane 1970 pou rive nan lane 1989, sharp montre anpil lit non vyolan ki fèt nan kèk kote tankou: afrik (Aljeri, Marok, Afrik di Sid, ak Soudan) Azi (Birmani, Chin ,End, Japon, Kore di Sid, Pakistan, Filipina k Tibèt) Amerik (Ajantin, Bolivi, Brezil, Chili, Ayiti , Meksik, Nikaragwa, Panama ak Etazini) Erop (Estoni, Frans, Almay de lès ak lwès, ONNgri, Ilann, Letoni ak Yougoslavi) Mwoyen Orian (Palestin ki se Izraèl jki chef li) ak pacifik (Ostrali ak nouvèl Kaledoni) Depi 1989 pèp la te fè anpil lit sanvyolans pout e rive fini ak rejim kominis lan na ansyen Inyon Sovietikla, Eròp de lès, repiblik Balt yo, ak nan mongoli; pou genyen yon sèl Almay anko ak pou fin ak rasis nan Afrik di sid.

Menm lè tout lit sa yo pat fèt san vyolans nèt nèt, menm lè genyen ladann ki te gen anpil vyolans tankou nan Birmani nan lane 1988 ak nan Chin nan lane 1989, menm lè anpil mount e kwè mena touye te fè pil siksè – pat gen tout vyolans kite fèt nan revolisyon ameriken, Fransèz Ris, Chinwa ak lòt revolisyon vyolant .Lè n gade ekzanp mouvman gandyen an pout e libere pèp End lan,

Mouvman Kinn nan pou dwa sivil kont rasis nan peyi Etazini, mouvman san vyolans pou pouvwa pèp la nan Filipin, mouvman kont gè nikleyè, aksyon pou defann anvivonnman, ak lòt esperyans – konsa konsa anpil lòt estrateji ak taktik vini nan pratik, ansanm ak itilizasyon gwo teknoloji yo. Konsa tou kèk rejim ki la , sispann touye moun k'ap fè ekjijans san vyolans sou yon an chimen pou yo jwenn lapè, libète ak jistis.

Metete sou gwo lit ki rive enflyanse rejim ak chanje bagay ki la lontan, anpil mouvman moun t'ap chache jwenn bon jan chanjman pou etabli yon sosyete kote moun p'ap touye, konsa nou ka site, mouvman pou aboli penn lanmò, panes yon lòt jan avòtman, rekonèt dwa yon militè pou li pa touye pandan sèvis li, pou aboli lame, pou mete yon defans sivil san vyolans, you chache sekirite san vyolans nan vil tankou andeyò nan zòn ki gen konba, pou sispann sere lajan pou fè gè, pou aboli zam niklyè, byolojik ak chimik, pou aboli min antipèsònèl, zam atomic ak pistolè: pa bay lajan pou touye, pou pwoteje dwa moun ak endividi, ki pipiti ak endijèn; pou pwoteje anviwonman, pou rive ak lòt chanjman politik ekonomik, sosyal ak kiltirèl.

Lè n'ale pi lwen nan istwa, lit non vyolan ki fèt nan fen 20 em syèk la – lèn konsidere premye rechèch Gene Sharp (1973), Johan Galtung (1992 : 1996) Jacques Semelin (1993), Michael Randle (1994), ak lot- vin plis chita sou prensip, pi kreatif, ak plis moun dekouvri yo gras ak kominikasyon mondyal la. Nan gwo batay na ep149k globalization n'ap viv kounye a, mouvman san vyolans yo vin pi plis chak jou epi y'ale pi lwen nan mond lanak lide pou chanje vyolans ak enjistis leta a ak sosyete a (Powers ak Vogeles 1997; Zunes, Kurtz ak Asher 1999; Akman ak Duvall 2000)

Rasin istorik

Kapasite pou moun pa touye parèt byen klè nan l'istwa, souvan lè gen gwo vyolans. Chak fwa manifestasyon kont vyolans ap fèt nan mond lan, yon istwa kote moun p'ap touye ap devlope. kounye a nou ka genyen wè kèk eleman.

Nou pa ka retire konviksyon ak desizyon yon moun pran pou l' pa touye. Pandan plis pase de mil lane istwa pèp JUDEO-Kreyen an , tankou sizyèm lwa di l' la " ou p'ap touye" (Exod 20:13), seman sou mòn nan (Matye 5-7), ak exzanp kris la sou kwa rete nan tradisyon sa moun ap di ak ekri , lòd pou moun pa touye rete nan gwo batay k'ap Mennen pou moun pa touye- menm lè gen pèsèkisyon ak gwo soufrans – pou anpil moun, soti nan sa ki pa konn li rive na gwo zotobre –(Brock 1968;1972;1990;1991 a 1991 b) se ka kondanasyon gwo zam kit e fèt nan lane 29 jen 1895 pa 7000 abitan Doukhobors nan twa kote nan peyi Risi, ak tou pesekisyon ak imigrasyon 7500 doukhobors nan peyi kanada na lane 1899 yo te jwenn èd Tolstoï (Tarasoff 1995:8-9). Rasin istorik ki chita sou kapasite moun genyen pou yo pa touye a nou jwenn li na lòt kilti tankou , nan boudis (Horigan 1996 PAigeak Gilliat 1991) Nan islam (Banerjee 200 : Crow 1990; Waran 1999; kisthtainy 1990; Paige, satha-Anand, ak gilliat 1993a : Satha-Anand 1990; tayyebulla 1959) ak na jidayis (Schwarzschild, n.d.; Polner ak Goodman 1994; Wilcock 1994).

Pi lwen ankò, tankou moskos ak Chambers (1993) te montre l nan yon etid konparatif yo te fè sou cha yon militè genyen pu l' pa touye na demokrasi kounye a, gwo aksyon imanitè ak politik pou refize touye lè gè ta parèt. Yon posesis pou bay sekirite pou pa touye komansè deja. Espirityèl ak sa ki la lontan, sa ki chita sou prensip ak sa ki chita sou asyon ki fèt, yo tout mete fòs yo nan lit pou pa touye a.

Bon reaksyon sipriz kèk litè politik –ki dakò pa fè Vyolans – pou yo sensè, chak fwa devan lanmò, konviksyon pou pa touye sèvi obsèvasyon syantifik. Nou ka site tankou ekzanp wa Frederik 1er peyi Prusse nan lane 1713 ki pat mande menonit pasifis yo fè sevis militè. Gen desizyon konsa ki te pran pou menonit nan peyi Risi ak Catherine II (1763) Ak Alexandrell (1875), (Brock 1972 :230, 234, 436). Nan lane 1919 Lenine, Tolstoï V.G Chertkov ak avi Bolchevique V.C Bonch- Bruevichte evite tolstoyen yo ak lòt

kominote relijye pasifik pou poa an tre nan lame wouj (Josephson 1985 ;162 ; Coppieters ak Zverev 1995) Yonn nan premye desizyon Bolchevik yo te pran sete pou yo aboli pèn lanmò nan lame . Desizyon pou ti bout tan sa a pa retire anyen nan fyabilite l' tankou yon jan pou konnen bon bagay ki genyen lè nou pa touye. Tankou Jerome D.Franck te wè sa lè n gade valè moun ki obeyi ak leta, chanje fason moun k'ap dirije yo ye a vin yon gwo bagay ka menen nou nan lapè. Men, dirijan yo kapab dirije moun k'ap swiv yo kapab rete deyè.Zimring ak Hawkins souliye nan yon etid sou abolisyon penn lanmò nqn demokrasi oksdantal yo : Konsa, montre enpòtans lidèchip politik (Paige 1977 ; Burns 1978)popu chanjman sosyal na zafè pa touye pa vle di mete sou kote fòs pouvwa mas pèp non vyolan.

Yon twazyèm obsèvasyon istorik, se angajman pou pa touye a toujou mache ak jefò nan lide pou soulaje lòt fòm soufrans ak pote chanjman an favè respè la vi nan sosyete a. Pa touye pa vle di endiferans ni pa fè aksyon. Tankou L'ayimsa jain, devlope efò yo jis nan ede zannimo, zwazo ak lòt bagay ki gen vi. (Tobias 1991). Pa touye na jefò pou rive ak chanjman estriktirèl enpòtan yo nou ka wè l' nan mouvman gandyen nan peyi End. Li t'ap chache endepandans men tou gwo chanjman ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki afekte pòv yo, fanm yo, pipiti yo, mas pèp laak relasyon ant komin yo. Men jan, mouvman kingyen nan peyi etazini, nan chache libète ak egalite ant ras yo, te angajew nan j1149 pou elimine barye la jistis nan estikti ak fonksyonman sosyete ameriken nan povrete ak nan lagè.

Nou ka jwenn yon prèv kapasite pou pa touye nan istwa eta nasyon kounye ayo menm tou. Etazini damerik se youn nan ekzanp yo menm lè l' pat fin anfò m nèt, lè n'ap konpare vyolans ki t'ap domine an, rasin pa touye nan esperyans ameriken an, nou ka konpran li,, etidyan syans politik yo pat konnen l' ditou. Konsa kèk gwo rechek te montre (Brock 1968, cooney ak Michalowski 1987 ; Hawkley ak Juhnke 1993 ; Kapur 1992 ; Kohn 1987 ; Lynd ak Lund 1995 ; Asosyasyon istoryen ameriken yo 1994 ; Schlissel 1968 ; True 1995 ; Zinn 1990).

Pa touye moun nan peyi Etazini

Pa touye a te la lè etazini t'ap kreye a. Etazini te fèt nan relasyon lapè ant endijen ak imigran pasifis yo. Pandan swasan dizan (-1682-1756). Quakers pasifis nan yon koloni ki pa gen solda nan Pensylvani t'ap viv san pwoblèm pi fò tan yo ak endyen Delaware yo aprè akò ki te bay aksè ak vizit zanmitay ak pou konsilte yo lè gen gwo vye rimè k'ap kouri (Brock 1990: 87-89). Legislasyon douz nan trèz koloni avan revolusyon an te gen dispozisyon nan zafè chwa yon militè genyen pou l'pa touye pandan sèvis li. Sa ki te pi liberal la sete Rhode Island lan (1673) mete sou kote gason konviksyon yo entèdi yo « antrene, rasanble pou konbat, pou touye » te prevwa sa kip a vle yo p'ap sibi okenn pinisyon , amand, yo pap sezi byen yo, pini yo, ni mete yo nan prizon. (Kohn 1987:8).

Pa touye a te nan deliberasyon legislatif yo nan nasyon ki t'ap moute a. Youn nan premye lwa palman an kontinantal la te ratifye nan lane 1775 te angaje « san vyolans)na zafè relijyon nan pa touye (Kohn 1987:10:13). Nan deliberasyon ki te bay dwa mete lwa sou dwa moun nan konstitisyon Etazini an nan lane 1789, Depite James Madison te pwopoze sa a nan atik 2 ki t'ap òganize dwa chak sitwayen pou refize touye “ yo p'ap oblije okenn moun ki gen angajman relijye pote zam pou l fè sèvis militè” (Kohn 1987:11). Chanm depite yo te asepte pwopozisyon Madison lan, men komite

konferans senatoryal pou defann dwa eta yo pat dakò l yo te pito dakò pou pouwa federal la etann kontwòl li sou militè nan eta.

Pandan revolisyon amerikenn (1775-83), kolon nan diferan ras ak konfesyon relijye te refize touye nan tou le de kote yo. Yon solda britanik ki t'ap li labib, Thomas Watson, renonse ak touye epi apre sa te vin tounen yon ansyen quakers Masachoset (Brock 19689 ;280-81). Pandan anbagwo britanik yote bay la, epi tou lè ameriken te reyini na boston (9774-76) gen quakers pasifis ki te fòse chèf nan rou de kan yo, Washinton ak Howe, pou pèmèt yo pote èd imanità ak sitwayen yo epi tou refijye yo.(Brock 1968 :193 :94). Se pa san soufrans, konsyans pa touye mounkapab ede ak respekte.

Li pat enpansab pou n te pran endepandans san n p'at fè vyolans (Conser, ak al.1986). Pou Charles K. Whipple nan *Evils of the revolisyon war* (Mal revolisyon la gè yo) (1839) "Nou te kapab rive nan endepandans total, rapid, ak fyete, nan pi bon kondisyon si nou pat sèvi ak zam.Metòd la t'ap premyèman refize trankilman ak fòs satisfè tout bagay ki enjis, dezyèmman, di piblikman abi yo, epi mande pou sa chanje, twazyèmman dakò ak pasyans sibi nenpòt gwo vyolans pou fose nou soumèt. Analiz Whipple te fèt sou dinamik lit san vyolans lan te genyen tout pi bon lide gandi yo ak Gene Sharp (1973). Lè l' kalkile avantaj revolisyon san vyolans lan, Whipple wè mwens moun te ka pèdi. (Pe tèt,1000 lidè ak 10000 gason , fanm ak timoun, vesis 100000 mò pandan wi lane lit ame a.). kantite kòb gè a koute (135 milyon dola) pou achte gwo zam(300 milyon dola) te ka evite yo. Fondasyon espiityel ak lonè nouvell nasyon an te ka pi wo. Pi bon ankò, revolisyonè san vyolans ameriken yo pa t'ap fè dire enstisyon esklavaj la. "pa t'ap vòlè,pouri, ak mete deyò, menm abitan nasyon an "epi pa t'ap dakò vyolans ak mechanste tankou fòs pou gouvènè ak penn lanmò tou.

Pa touye moun nan te la avan gè sivil la. Kèk patriòt te dakò soufri epi fè sakrifis, te travay pou lapè pandan gè yo kont angletè(1812)ak meksik (1845) pou dwa fanm espesyalman pou aboli esklavaj. Sete fanm ak gason, nwa ak blan, moun ki relijye ak sa ki pa relijye (Cooney ak Michalowsky 1987 :20-33 ;Lynd ak Lynd 1995 :13-41). Jefò abolisyonis san vyolans te rive ratifye lwa sou libète lejislati nò yo. Nan eta sid yo ak sou fwotyè kèk moun ki gen esklav te oblije libere yo sou baz espiityèl oubyen ekonomik, kontinye swiv travay profetik liberasyon quaker John Woolman (1720-72). Rive tabli lide pa touye a pa enkwayab. Britanik yo te aboli esklavaj lakay yo nan lane 1777, trete sou esklav nan lane 1807, epi posede esklav nan tout anpi Britanik lan. Nan lane 1833, esklavaj la te aboli nan peyi etrazini san vyolans, si tankou Kanada yo te kenbe yon mòd kelkonk asosyasyon ak metropòl la.

Pandan gè sivil (1861-65) apre vyolans sou moun ki pat vle lagè a ansanm ak mechanste, mete nan prizon, ekzekisyon ak asasina, dispozisyon nan zafè pa touye te antre nan projè lwa federasyon an(1862) ak inyon an (1864). Menm lè lwa yo pa aplike nan nivo pi ba kèk fwa vanjans ,prezidan inyon an Abraham Lincoln, sekretèdeta lagè a Edwin Stanton, asistan secrete deta lagè a konfedere John A. Campbell (Moskos ak chambers 1993:30-1) te toujou resevwa apèl kèk moun ki t'ap mande padon. Frappe pa sa gè a y ate pote,disip Kris ki pa kriminèl yo nan tenese te voye yon petisyon bay prezidan konfedere a Jefferson Davis, epi bay gouvènè militè okipasyon an Andrew Johnson pou mande pa rele yo nan sevis militè. 3- menm lè yo te livre yo nèt nan gè sivil sanglan, tou de kan yo te montre kapsaite pou pa touye epi chak te gen valè pa yo.

Pa touye moun nan te kenbe ankò nan epòk endistrializasyon ak ekpasyon enperyalis la,pandan ak apre twa gè mondyal 20èm syèk la. Menm lè anploye t'ap fè vyolans, leta a, kèk fwa travayè, lit pou dwa òganizasyon yo ansanm ak pi bon

kondisyon travayè ameriken yo te fèt san vyolans. Se pat yon revolisyon ame klas ouvriyè yo. San vyolans la te tou mouvman an favè egalite dwa pou fanm yo, sa te fè pou premye fwa yon fanm te ale nan eleksyon na palman nan lane 1916, Jeannette Rankin, Repiblikenn Montana (Josephson 1974). Nan lane 1917 ansanm ak 49 kolèg maskilen (8) ak sis senatè (9), li te vote pou etazini pat antre nan premye gè mondyal la. Li te Pase ankò nan eleksyon ki te fèt nan lane 1940, li te sèl nan lane 1941 ki te vote pou etazini pat enplike l nan dezyèm gè mondyal la. Apre sa, lè l te gen 88 ane Jeannette rankin te an tèt brigad 5000 fanm lè mach pou ale washington pou fini ak lanmò ameriken nan kad gè vietnam nan.

Pandan peryòd yo t'ap rele moun pou fè sevis militè pou dezyèm gè mondyal la (1940-44), 72354 te reklame dwa pou pa touye. 25000 te nan pòs kote ki pa gen batay ; 11996 gason na 213 konfesyon relijye te dakò travay na 151 kan sevis piblik (Appendice D) epi 6086 gason te refize patisipe ak tout fòm koperasyon pou gè a, yo te mete yo nan prizon. Twaka nan prizonye sa yo te temwen Jeova (Anderson 1994 :1-2 ; Moskos ak chambers1993 ; 37-8 ; cooney ak Michalowski 1987 :94-5 ;gara ak Gara 1999).

Potansyèl pou pa touye moun nan sosyete ameriken nan te parèt yon lòt fwa pandan gè fwad la(1945-91) sòti nan laj nikleyè ki te bay nanb zafe lanmò ak blese, apre dezyèm gè mondyal la, gè sivil, ak premye gè mondyal, 4èm ak 5èm gè ki gen plis san koule nan istwa pèp ameriken- nan Vietnam (1964-75) ak nan Kore (1950-53).Pandan lit gè fwad ant Etazini , Inyon Sovyetik ak patizan l yo te gen pou pi piti 20 milyon moun mouri sou tout tè ya te skrifye, kont-revolisyonè, ak geopolitik. Pandan gè Kore a 25.500 moun ki nan lame te refize touye gwo rezistans kont gè vietnam nan te fèt, yon pakèt gason te refize touye moun pi fò ladan yo te chita sou baz laik

(Moskos ak Chambers 1993 :39-43). Nan lane 1972 te gen plis resistan ki te maron pou yo te klase tankou moun ki pap touye konsa pat gen rekritman pou sevis militè. Kèk lòt rezistan kont gè vietnam nan te sove san yo pat ranrejistreyo, yo te mete yo an prison, osinon yo te pran ekzil pou yo chape tèt yo, konsa sa te ogmante kantite refizye pasifis nan peyi etazini pou yo te ka chape anba konskripsyon nan peyi yo..pandan masak Vietnam nan menm, moun ki pat dakò touye moun men ki te dakò sèvi nan pòs kote moun pap batay yo, tankou manm kò medikal la te konfime yo pat dakò ak gè a(Gioglio 1989).

Nan twoub gè fwad la, konviksyon pou pa touye moun nan te parèt ankò pandan gè Golf Pèsik kont Irak (1991). Fwa sa se pat sivil ki t'ap resiste ak konskripsyon an kom pat gen okenn konskripsyon men anpil manm nan fès ame ki an sevis ak resèvis yo te refize touye.50 Marines reklame dwa pou pa touye te pase devan tribinal militè epi te nan prizon (Moskos ak chambers 1993 :44).

Potansyèl pou pa touye parèt byen klè nan istwa ameriken nan jefè pou aboli pen lanmò a. sa te komanse nan epòk kolonyal la pandan yo t'ap diminye yon kantite krim te te merite lanmò, jis yo rive aboli yosof pou trayizon sou teritwa Michigan (1846), pou rive aboli yo nèt nan Ròd Islann(1853) ; Kounye a douz nan 50 Etta yo, plis distri Kolombya montre kolektivite ameriken na vi sivil tankou tankou nan vi chak grenn moun ,ka refize touye nan gè. Nan nivo Federal, sepandan , lakou siprèm nan poko bay dènnye si eksekisyon sitwayen yo se yon vyol nan konstitisyon etazini an (zimring ak Hawkins 1986).

Lit pou yon sosyete san zam nikleyè (Mouvman Swords into plowshares) pou yon sosyete san vyolans militarize pou povrete (mouvman travayè Katolik). Pou mete fen ak vyolans gason sou fanm (Mouvman feminen) epi pou rekonèt egalite afro-ameriken

ak tout raws nan yon sosyete lib epi jis(Mouvman Kengyen pou chanjman sosyal non vyolan) nan rasin potansyèl pou pa touye moun nan peyi Etrazini.pandan yon rankont lidè Afro-ameriken yon an lane 1936, yo te di Gandhi mesaj san vyolans li an te nan “negro Spiritual”epi afro ameriken yo te pre pou resevwa l’.Gandi te reponn pou l di “petet se nwa yo k’ap pote mesaj san vyolans nan nan tout mond lan” (kapur1992 :89-90)ki donk, nan entèaksyon ant mouvman gandyen, Kingyen ak lòt mouvman san vyolans nan mond lan: Tonkou nan rasin kay endijèn y oak imigran pasifis yo; San vyolans nan amerik la te lye nèt ak istwa pa touye a nan mond lan.

Menm lè sa ki ap domine depi lontan politik la se vyolans, rasin yon sosyete ameriken kote moun pap touye moun nou jwenn li nan lit respè valè la via, depi epòk kolonyal jis jounen jodi a . li pa retèt byen klè nan refize touye pandan la gè ; na aboli penn lanmò ; nan pa dakò avòtman ; nan fè dezameman ; nan rezistans ak militarizasyon epi montre pouvwa vyolans nan tout mond lan . Nan fè aksyon san vyolans pou chanjman estriktirèl nan ekonomi an, relasyon ant ras yo, dwa fanm yo idantite kiltirèl ; nan espresyon relijye,atistik ak literè(Truè1995). Moun ki vle vin patizan san vyolans oubyen nasyonalis san vyolans ka obsève eleman istorik yo, tankouGwynfor Evan, yon nan /;moun ki te fonde pati politik pasifik la. Weslsh Plaid Cymru, te avanse yon bèl agiman pou Wales(Evans 1972). Im lit e kapab “Bèl Amerik” Chan protestasyon l t’ap “we Shall overcome” epi priyè l t’ap Bondye beni yon amerik san vyolans ak san vyolans nan mond lan.”

Vi moun ki chita sou pa touye

Poun fini, rasin yon sosyete pap touye chita sou biografi imanité a. Fanm ak gason, anpil tankou grenmoun, sa yo konnen tankou sa yo pa konnen, sa ki pa la tankou sa ki la montre kapasite pou yon marye desizyon pou pa touye avek cheche chanjman sosyal tout bon. Sa yon group ka fè, lòt group yo ka fè l tou.

Nan antre mize da modèn vil Pari a gen yon sèl foto (tou ron nan mi) Raoul Dufy nan mi an ki reprezante sa ki te kontribye pou dekouvri ak itilizasyon elektrisite a, ansyen save inventè, ak gason syans modèn yo. Tankou tou, nou ka imagine yon pakèt imaj sa yo ki, nan nivo mondyal, te kontribye ak lespri yo, teori ak pratik non vyolans lan, ki te ka resevwa etidyan yo ki lanse yo nan etidye syans politik san vyolans an. Diksyonè lavi lidè modèn la pè a (Osephson 1985) kote yo site la vi 717 moun nan 39 peyi ki viv soti nan lane 1800-1980 fè n wè yon ti gras nan iritaj mond lan. Li yon paj kouvèti rive nan yon lòt 1134 paj yo ba nou konesans sou da libero yo, vokasyon ak metòd pou n rive ak yon mond san vyolans.

Konesans yo ale nan aksepte pou yon ti bout tan vyolans lan apre pou yo adopte prensip pa touye a. Etann ankèt nan nivo istorik, geografik, kiltirèl ak nan vi e epok sa a,ap vin bay jarèt ak tounen yon eritaj mondyal kouraj ak angajman nan zafè pa touye. Dekouvri ak pataje sou tout tè a vi moun ki pa touye yo nesèsè.

Vi moun yo ki pa touye yo, agi ant yo menm epi sonnen nan tan, kilti yo ak nan espas la. Dirijans ansyen te etabli ekzanp. Nan Egip, Pharaon ki te rele Nubien Shabaka (760-695 avan jezi kri) aboli penn lanmò (Bennet 1988 :11). Nan End anperè Boudis Ashoka refizé fè gè ak touye moun apre l fin gen Kalinga (269 avan jezi kri) ki te fè 10000 mó, 15000 egzile, ki te bay lanmò ak soufrans ak inosan. (Chowdhury) 1997 :52). Ekzanp pa touye lidè espirityel yo ofri pou l mande generasyon fè depozé bol yo : Bouda, Mahavira, Jezi Mahamad, George Fox, Guru, Nanak,Baha’u’llah, ak

lòt.Chanjman nou pa kwè, moun ki pa kwè epi esprityel yo , vini chak fwa moun sispann touye. Solda vinn pasifis (crozier1938 ; Tendulkar 1967 ; Khan 1997 ; Boubalt, Gauchar, akMuller 1936 ; Roussel (1997) .

Revolyasyonè yo sispann touye (Nahayan1975 ;Bendana 1998). Moun ki refizé antre nan lame resite kont apèl lame a.(Maskosak ak Chambers 1993). Sou baz imanite, Archibald (Baxter nan Nouvel Zeland resiste ak vyolans ak refizé touye pandan premye gè mondyal la tap fèt la, ak yon fòs pou pa touye, nou pa kwè (Baxter 2000). Yon peyizan otrichyen ki tap li bib la, Frantz Jagerstatter, yo koupe tèt li paske l pat vle batay pou Hitler(zahu 1964) sekouris non vyolan riske vi yo pou sove jwif nan alokos Hitler a (Fogelman 1994; Hallie 1979).Moun retire api moral yo, materyel ak fisik pou la gè. Nan eta koulye a Militaro-endistryel(Everett 1989). Lot men map chèche elimine zam (destriktyon) ki ka touye pakèt moun yon sèl kou. (Norman1989; Polner ak O' Grady 1997). Plizyè milyon moun ki pa bay non yo reagi byen devan lidè non vyolan yon ti endou ki meaziré 5 pye 4 pous, Mohandas K. Gandhi. Pathans kiltirèl vyolan ki chita sou violaans reagi byen devan lidèship islam la Abdul Ghaffar Rhan (Banerjee) 2000; Easwaran (1999). Tankou gro edikatè gandyen Dr G Ramachandran te obsèvel la " gason brav ak fanm brav yo pa

konnen ki pa fè vyolans yo pi plis pase say o konnen yo." (Ramachandran1983). Ozetazini yon ti group etidyan univesite afro-ameriken sivil, te konfyè y oak Reveran Dr Martin Luther King Jr. (Halberstan1998). Ameriken non vyolan tankou Adin Ballou ak Henry David Thoreau sèvi ak lidè Tolstoï "(Christian 978-588); Tolstoï sèviak lidè Gandhi; Gandhi sèvi ak lidè King Jr yo tout sèvi ak lidè fondatè pati vet Alman an Petra Kelly(Kelly 1989) epi plizyè lot nan yon devlopman mondyal la youn apre lot , progrè ak chanjman. An 1997 ak 1998 plis pase 200 zan jèn chwazi Gandhi kom pi gro lidè sou tè a, . Jèn say o soti nan 60 peyi ki tap patisipe nan Aman, an Jordany nan de premye program fomasyon akademi lidèship inivèsité nasyon ini yo. Lanmou yo a fè anpil bri sanble a pa anpil lidè mouvman endepandans pou kapote sistèm kolonyal mondyal la apre 1945.

Lidè non vyolan yo kontinye ap paret nan mond lan: tankou maha Ghosananda peyi Cambodge, Hamsuk Hon de Kore , Ken Saro Wiwa Nigerya, at Ariyaratre Sri Lanka, Sulak Sivaraksa Tayland Lanzo del vast oak Jeneral Jacques de Bolladière France, Ronald Malone Angleterre, Aldo Kapitini Italie, N. Radhakrishan, End, Dom Helder Camara Bresil, AJ. Muste Etats unis. Ranvèsan Tandan s istorik la pou neglije Gandhi, yo bay pri nobel ak lidè ki pran gwo angajman pou pa fè vyolans : Albert J. Luthuli ak Desmond Tutu Afrik di sid, Mairead Corrigan Maguire d' Iland di nò, Adolfo Perez Esquivel D'Argantine, Aung San Suu Kyi de Birmanie, Le dalaï Lama nan peyi Tibet.

Fanm yo- yo chak ak istwa pa yo- ap avanse avèk kouraj pou defye san vyolans kondisyon vyolans nan chak aspè sosyete a : Bertha von Suttner nanpeyi Otrich ; Gedong Bagoes nan pey Bali ; Medha Patkar nan peyi End ; Dorothy Day, Barbara Deming ak Jean Toomer (stanfiels 1993 :49) nan peyi Etazini. Nan peyi Angletè pandan 2èm gè mondyal la, 1704 fanm te reklame dwa pou yo pat antre nan lame dapre konsyans yo epi 214 ladan yo, ki te refize apiye gè a nan sevis kote moun pap batay oswa sivil te ale nan prizon (Harries-Jenkins 1993 : 77). Ansanm, fanm yo pran gwo pozisyon kont mehanste militè yo nan zafè dwa moun. (Mère de la Plaza de Mayo, Buenos aires), masak ras yo (Fanm an Nwa , serbi)preparative pou fè gè nikleyè (kan la pè fanm komin Kreenhannan, nan peyi Angletè),destriksyon ekolojik (Mouvman chipko<karese pye bwa> nan peyi End) ak plizyè lòt enjistis (McAllister 1982, 1988;

Morgan 1984; Foster 1984). Kèk save tankou Joan V Bondurant(1969), Elise Boulding (1980;1992) ak Berenice A Carroll(1998) te fè vanes konesans yo pou yon chanjman sosyal san vyolans.

Moun marye, tankou sa ki pa marye, bay api yo youn ak lòt nan lit san vyolans pou chanjman an Kasturba ak Mohanda Gandhi, Coretta Scott ak Martin Luther King, Dolores Huerta ak Cesar Chavez, Dorothy Day ak Peter Maurin, Frances Mays Witherspoon ak Charles Recht, Elizabeth Mc Allister ak Philip Berrigan. Pouvwa pèp la vin pi bon nan entèvansyon demokratik filipin san vyolans lan nan lane 198, lè mè yo, pè yo, moun ki pa relijye, fanm tankou gason ini yo pou lite kont diktati a ak menas lame a pou touye anpil moun nan yon kont revolisyon (Santiago, A.S, 1995) Dapre yon lide global, biografi san vyolans imanite a pran konfyans nan kapasite gason ak fanm genyen pou kreye yon sosyete moun pap touye moun, lib, jis, ki respekte bezwen tout moun yo.

Kapasite pou yon sosyete moun p'ap touye moun

Posibilite pou yon sosyete moun pap touye moun gen rasin li yo nan esperyans ak kapasite pou moun kreye. Pi fò moun pa kriminèl ni pa touye. Menm lè nou kapab touye, men li pa nan nati nou pou nou touye. Menm lè li pa aplike nèt, prensipal ansèyman gran relijyon yo se : Respekte la vi , Pa touye kretyen vivan, nan moman ki gen plis vyolans montre yo kapab reaji byen ak ansèyman sa a, fizikman ak entelekyèman ak bon jan konviksyon.

Lè krim yo fèt la syans fè anpil efò pou eseye esplike rezon yo, jan pou elimine yo ak ede pou libere l', li menm ak sosyete a, nan kondisyon lanmò.

Bagay ki pou fè genyen yon sosyete moun pap touye moun deja eksiste nan esperyans pase ak kounye a yo pa sòti nan imajinasyon ti bout tan. Enstitisyon ak pratik espiritèl, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo ki chita sou presip pa touye nou ka jwenn yo nan esperyans moun. Gen sosyete ki pa gen lame, ki pa ekzekite moun , ak san zam, gen òganizasyon ak mouvman pou pa touye moun ki konsakre yon an resoud pwoblèm ki menase vi moun ak byenèt imanite a. nan esperyans istorik pa touye a soti konesans pou fè nou konprann bagay kounye a ak demen ki vize transfòmasyon. Moun ki t'ap viv ak sa ki la jodia ki pa pratike touye, moun kote kouray yo ak travay yo fè yo santi epi montre yo te kite yon gwo eritaj pou nou.

Si kelkeswa pèp apati sa yo ka kreye deside mete ansanm, adapte epi fè kèk chanjman ki ekziste deja nan esperyans moun sou tè a yon bon apwòch pou yon sosyete kote moun pap touye moun nou deja genyen l'. lè nou afime posibilite a pa vle di vre gen bon garanti, men sòlve keksyon sa ki avan yo pat menm panse epi ranfòse konfyans nou, moun, nou kapab fè yon transfòmasyon mondyal pou n rive nan pa touye.

Chapit 3

Implikasyon pou syans politik la

Ki enplikasyon kapasite yo genyen pou rive nan yon sosyete kote moun pap touye moun pou disiplin y'ap anseye nan syans politik yo?

Si premye kapasite pou moun pa touye ta dwe ranplase li de ki fè kwè nou pa ka evite lanmò, ki kalite syans politològ yo ta chache kreye? Ki enpòtans ak oryantasyon nou ta bay travay nou yo ? ki pratik nou ta pral chache fè ? ki teyori espikatif sa ki pral vini nou ta pral etidye ? ki itilizsyon konesans ki ta pi bon pou nou ? ki jan nou ta pral edike tèt nou ak ta pral fòme tèt nou ansanm ak lòt moun ? ki enstitisyon nou ta pral genyen ? epi kouman nou ta pral angaje nou ak lòt nan posesis pou jwenn, kreye, etann, ak itilize konesans pou rive gen yon sosyete kote moun pap touye moun nan yon mond san touye.

Panse selman l' posib pou rive genyen yon sosyete moun pap touye moun mande yon chanjman nan disiplin la alegad kreyativite ki vize pa touye. sa tradui li de Weberyen ki vle fè kwè se yon lòd pou pratik ak syans poliutik la chita koutkekout sou vyolans, ki donk etik pa touye a pa mache ditou ak syans politik yo. Sa rann pwoblantik sa ki avan te parèt enkwayab.

Lojik analiz ki chita sou pa touye moun nan

Yon chanjman nan vizyon syans politik yo ki chita sou pa touye angaje nesite pou yon lojik kat pati analiz politik pa touye a. Fòk nou konnen kòz touye a ; kòz pou sòti nan touye pou rive nan pa touye ; epi karakteristik sosyete pa kote genyen okenn moun k'ap touye.

Kontrèman, bezwen pou konprann pa touye a parèt pi klè pou syans p[olitik ki chita sou pa touye pase disiplin ki asepte vyolans lan.

Karakteristik la vini abjektif ki vise ede pou pa touye moun nan kondisyon kote touye ak tout zanmi l' yo pa la. lè touye ta parèt pi evidan oubyen akseptab pou bezwen yon moun epi tout moun ijans la pa twò parèt pou konprann ak pou elimine kòz lanmò a. sa yo ki pwòp pou nou menm

Revolisyon edikatif

Pwogrè pou'n ka rive kote syans politik la rete kote moun p'ap touye moun mande ampil chanjman nan fomasyon akademik politològ yo ak nan prestasyon sèvis edikatif yo pou lòt moun nan sosyete a. Li ta pi bon pou nou fè parèt trè klè ak apiye tradisyon yo ak kondisyon ki ka menen lanmò, edikasyon syans politik yo dwe vin yon faktè em-

pòtan nan kontribisyon chanjman mond lan pou'n ka rive kote moun p'ap touye moun. Menm si se nan yon fason ki pa ekspriye fòmelman oswa souzantadi. Rezon ki pi klè a se edikasyon dirijan ak sitwayen yo pou lòt sosyete kote moun p'ap touye moun. Pi gwo defi a se devlope kompetans yo nan rechèché, ansèyman, kosiltasyon, lidèchip, aksyon sivik, ak nan refleksyon kritik - pou rive dekouvri, redrese ak patage konesans ki gen rapò ak pa touye.

Nan sa ki gen pou wè ak syans politik kote moun p'ap touye moun, patisipan yo dwe montre yo konnen tèt yo anpil-menm jan sikyat ak konseye espiyityèl yo espere'l la. Nou dwe komprann orijin ak implikasyon kwayans, atitud ak emosyon nou yo nan sa ki gen pou wè ak vyolans ak non-vyolans. Konen tèt ou se premye kondisyon nan chanjman sosyal non-vyolan. Fòmasyon nan metòd syantifik meditasyon ki louvri nan apwòch diferan swetab. Bay chans nan pataj eksperyans kwasans pwofesyonèl pou benefis ak sipò youn pou lòt. Plitòlòg ki kwè nan yon mond kote moun p'ap touye moun ta dwe fè rechèch nan pwogrè pou kore lòt pandan tout lavi nou, pou kont nou oswa ak tout lòt, nan respè pou lavi, menm si opinyon nou yo diferan. Bezwen sa yo diferan ak pa tout lòt pa moun nan sosyete a.

Politòg ki kwè nan yon mond kote moun p'ap touye moun, nan preparatif ak wòl y'ap jwe, dwe espere gen kompetans menm jan ak sa rechèch nan domèn medikal yo medsen yo ak pwofesè nan medsin-ak nan lòt pwofesyon ki gen relasyon ak la vi ak lamò. Espere jwenn kontribisyon ak politològ yo bay ak sosyete kote moun p'ap touye moun pa ta dwe gen mwens enpòtans ak pa pwofesyonèl nan domèn medikal e nan sa pou wè ak sante yon moun oswa tout moun. Nan sa ki gen rapò enpòtans dyagnostik, preskripsyon ak tretman fè ki base sou lòt nouvel konesans ki pi bon yo, pwofesyonèl de disiplin sa yo wè lavi ak lanmò menm jan.

Chak moun nan sosyete a, an menm tan ka patisipe nan sa pou wè ak yon lòt mond kote moun p'ap touye moun. Nan transfòmasyon konesans syans politik ki kwè nan yon mond kote moun p'ap touye moun an ofri ak tout patisipan kòlèg, nan tout nivo, anpil chans nan developman pèsònèl ak nan jwenn konesans ak konpetans ki kapab ede, nan ogmante nan nivo angajman dirijan ak sitwayen yo nan sa ki pa gen pou wè ak non vyolans. Tout moun ka aprann youn lòt.

Nan domèn edikasyon, egzijans nan matyè konesans analiz yon mond kote moun p'ap touye moun, nesosite konpetans ki la pou transfòme dispozisyon pou touye nan altènativ ki pa la pou touye, ak nesosite pou nan pèfektivite prensip pou oryente aksyon individyèl ak sosyal oryente konsepsyon kourikoulòm an. Yon entwodiksyon oswa yon semine ta dwe mete, patipan yo devan gwo kapasite lòm genyen pou touye nan istwa nan epòk pa nou a. Youn ak lòt, n'ap kapab koresponn ak gwo defi a pandan tout tan n'ap viv la: responsabite disiplin nou an se pou'n travay poun rive ampeche youn touye lòt. Nan yon lòt aspè konesans la ta dwe mennen nou san tèt grate, nan tout mond la, potansyèl lòm genyen pou'l pa touye. Twazyèm aspè a prezante transfòmasyon ak chanjman individyèl ak sosyal yo. Katriyèm eksperyans ki pi empòtan se ta fè revisyon bagay lòm envante nan kreyasyon enstitisyon politik yo pou sosyete a pi dous, se yon defi pou n' panse ak fòm sosyete kote moun p'ap touye moun ak fason ki ka posib pou syans politik yo ka bay patisipasyon yo tou. Konesans ak bezwen lokal ak nan tout mond lan, e nan fè entèasyon nan nivo lokal ak nan tout mond lan, ka mennen nou nan chak bagay sa yo.

Sou baz sa yo, li posib poun devlope bagay nan edikasyon kote moun p'ap touye moun. Kou nan altènativ politik yo mande yon gwo angajman ak kreyativite ki pataje, se yon egzamp : chak patisipan ki fè pati kou a te envite pou chwasi yon bagay nan vyolans la ki kenbe lespri'l li menm menm, e revize literati ki gen sa pou wè ak nati e kòz yo ; konsilte individwi kifè rankont ak vyolans pou wè sa yo panse de li ; tandans yo, kòz yo ak altènativ relativ yo ; e bagay sa yo panse ak altènativ yo ; e diskite ak kòlèg yo sou analiz yo bay pou ka resoud pwoblèm yo, e rechèche yon pòt sòti nan pwoposisyon yo bay nan chita pale.

Revolisyon metodolojik

Metodolojikman, yon chanjman pon ka rive nan yon mond kote moun p'ap touye moun mande nouvel refleksyon sou metòd pou rechèch, edikasyon, politik aplike, ak developman enstitisyon yo. Defi ya se aksepte metòd ki egziste yo poun ka dekouvri e aplikasyon nan zafè kote moun p'ap touye moun, jwenn lòt metòd ki pi nesèsè, ak ankouraje lòt disiplin tankou jan newosyans aplike metod li yon an rezolisyon pwoblèm yo poun ka rive nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun. Nesesite poun jwenn metòd yo poun fè rechèch ak envansyon nan zòn kote moun ap touye yo, e metòd sa yo dwe bon pou analiz lokal ak transvèsal nan zòn kote moun ap touye moun yo se yon gwo defi ki difisil ampil pou leve.

Syans politik ki kwè nan yon mond kote moun p'ap touye moun an ka fè antre kounye a pou pipiti mwayen poun fè montre metòd envestigasyon an ak analiz filozofik, historik enstitisyonèl ak jiridik; entèvyou; obsèvasyon patisipan; etid ka yo; analiz komparativ; analiz kontni; jann komprann tèks yo; posasyon jwèt; analiz chwa piblik la; akseptasyon estatistik; rechèch ankèt; experimantasyon nan laboratwa ak sou tèren; bagay ki pa reyèl nan lòm ak nan enfòmatis; ak diferan konbinezon tout bagay sa yo ak jan yo fini. Metòd edikativ yo anpil, lekti ansyen yo, odyovizyèl ak diskisyon pandan tan n'ap aprann ak entènèt nan rechèch yo; ak explorasyon enfòmatis ki gran moun nan mond kote n'ap aprann moun. Aplikasyon politik yo mande yon konsepsyon konstitisyonèl, rezolisyon konfli yo, konsiltasyon òganizasyonèl, avi electoral, kòmantè medya yo, avi politik k'ap bay sekirite yo, ak patisipasyon dirèk sitwayen lidè nan chimen poun pran direksyon sosyal. Keksyon metodolojik sa a ki bay tèt li misyon ki se eveye ak espètiz an se « kouman metòd ansyen an oswa nouvel sa yo ka pote yon bagay nouvo pou ampeche lòm touye lòm parèy li pou anyen? »

Revolisyon enstitisyonèl

Institisyonèlman, sou sa ki gen rapò ak chanjman lide pou anpeche moun touye moun nan angajman pou we ki jan disiplin syans politik ta dwe òganize yo, ki sa ki ta dwe pati yo ak kouman relasyon ak lòt disiplin, epi enstitisyon nan sosyete a. Li enpòtan pou nou poze pwoblèm yon an lide pou anpeche san koule nan regleman anndan disiplin yo pou rive jis nan nivo mondyal, nasyonal ak lokal. Enplike tou nan posibilite pou kreye lòt depatman nan syans politik pa touye nan nouvo enstitisyon, oswa menm kreye nouvel pwofesyon ki menm osinon ki fen an lide diferan pou sevi bezwen moun san pa gen vyolans.

Menm jan jounen jodi a, nan tout mond land lan pwofesyon syans politik yo se asosiyasyon entènasyonal syans politik (International Political Science Association – IPSA), ki fonde nan lane 1949 ki reprezante yo. Li fome ak karande (42) asosiyasyon

nasyonal syans politik ki ge pou pi piti 35,689 manb ki reprezante nan komite egzektif IPSA a (apendis A) manb fè pase tout enterè diferan ak anpil regleman nan dizwit (18) domèn ki enpòtan yo, nantranntwit (38) komite k'ap fè rechèch, ak douz gwoup k'ap fè etid (apendis B). Nou kapab mete sou sa yo ankò politològ peyi kote asosiyasyon ak tout kantite etidyan politològ ki pareprezante yo.

Gen yon ti nouvo dokiman syans politik ki parèt nan yon pwoje ankèt IPSA pou wè kijan disiplin yo ap mache (Klingemann, eds., 1996), se karannde (42) otè ki mete an-sanm pou reyalize dokiman sa a. Yo idantifye ak revise uit (8) branch prensipal pou fè wè pwogre ki fèt nan devlopman pandan de (2) dekad: enstitisyon politik (chwa rasyonèl, pèspektiv jiridik) konpòtman politik (elektè ki kapab fè wè rezon plizyè pati ak apwòch enstitisyonèl epi esperimantal politik konparatif (pèspektiv sou tout konpòtman sosyete a, etid sou demokratizasyon), relasyon entènasyonal neyoreyalis ak neyoliberalis, pèspektiv kouran filozofik ki te la avann pòs-pozitivis ak teyori politik (tradisyon filozofik, teyori anpirik, politik ak adminitrasyon piblik (analiz politik ak adminitrasyon piblik konparatif, lide, enterè, epi enstitisyon), ak metodoloji politik (metòd kalitatif, metod eksperimental ak konsepsyon rechèch). Se konsa, prezidan IPSA a te prezante l' sou tit sa: « pa ta gen pi bon mwayen pou yo ta rantre syans politik la nan nivo syèk sa a » (xii)

Ki donk, nan tout rezilta yo, nouvo manyel la montre kijan li nesese pou chanje disiplin ki egziste deja a nan yon disiplin ki chita sou pa touye. Kòm egzanp, nan tab alfabetik ki nan fen liv la, yo pa pale ni sou « vyolans », ni sou sak « pa vyolans », yo sèlman pale sou « ka kote moun ap touye moun », « pen kapital », « militè », « teyoris » oswa « polis ». Andann l' mo « lagè » parèt swasant fwa, e mo « lapè » uit (8) fwa. Nan endèks non, non « Hitler » ak « Lenine » parèt, men non Gandhi ak King pa parèt, yo pa mete non ak travay akademisyen mondyal prensipal syans politik ki trete zafè teyori ak pratik nan konba politik san vyolans pou demokrasi, defans nasyonal ak prevensyon pou anpeche kou deta militè – Gene Sharp ak politik nan aksyon san vyolans (1973)-sèl sa ki ekri ladan l' se non ak kontribisyon, John Burton, yon moun k'ap chèche nouvel teknik pou rive rezoud konfli san fè vyolans sou moun (1979, 1984). Travay Johan Galtung t'ap fè yo, youn ki te premye rantre nan fè etid sou kijan yo kapab rive jwenn lapè nan tout mond lan te parèt yon tikras.

Pi gwo ak pi ansyen gwoup nasyonal ki konpoze IPSA a se asosiyasyon Amerikèn syans politik yo (American Political Science Association – APSA), li gen ladan l' anviron 13,300 manb, e li fonde nan lane 1903. Enterè tout manb yo santre sou uit (8) domèn presipal, katrevendis (90) ti domèn, ak trannteyen (31) seksyon entere patikilye (we Apendis C a). Regleman enterè APSA ak regleman enterè IPSA a te menm. Domèn ki enpòtan ki gen anndan syans politik amerikèn an se : gouvenman ak politik amerikèn an, politik konparatif, politik entenasyonal l' la, metodoloji a, filozofi ak teyori politik la, lejislasyon ak tribinal piblik yo ak adminitrasyon piblik la ; malgre anpil espesyalis divize gwoup yo anplisye pati pou yo travay espesyalman sou « dewoulman konfli yo » e pou kontrole zam yo ak sekirite entenasyonal la, okenn estrikti enstitisyonèl ki konsantre tout bon vre sou konesans ak egzistans nan zafè rezoud konfli ki sòti nan lojik analiz ak aksyon politik pou anpeche moun touye moun, pa egzanp, pa gen seksyon espesyal sou « vyolans » oswa sak « pa vyolans » ni menm sou « lapè » konpare ak asosiyasyon rechèch sou lapè. Ta sanble lide kiltirèl ki vle demokrasi y'ap defann an epi ki gen rasin

li nan kondisyon lanmò [se pi gwo espwa pou fè avanse sivilizasyon an] kite bare santraj enstitisyonel sou lòt solisyon pa touye, pou fè sivilizasyon ale pi devan.

Yon chanjman oryantasyon pou rive anpeche moun touye moun rantr nan chèche repons keksyon entèn ak transvesal yo nan gwo ak nan ti domèn yo ki nan disiplin nan, tankou yo reprezante l' nan estrikti sijè asosyasyon ameriken ak entènasyonal syans politik yo « ki sa w kapab di sou posibilite pou rive gen yon sosyete kote moun p'ap moun, e ak ki mwayen sa ap kapab rive fèt ? », sa vle di, fòk nou jwenn akonplisman ki la yo e vini ak lòt bagay ankò. Pa egzanp, sa kapab vin pi klè lè nou poze pwoblèm ki nan kat (4) domèn « tradisyonèl » syans politik ameriken yo ki kache anba bagay diferan k'ap vin pi plis jounen jodi a : filozofi a ak teyori politik la ; gouvènman ak politik ameriken an, politik konparatif ak relasyon entènasyonal yo.

Filozofi ak teyori politik

Nan filozofi ak teyori politik, pou gen yon mond kote moun p'ap touye moun mande pou n' we wè sa moun ansyen yo te kite nan pansè politik la nan tout kilti, pou n' ka rive jwenn ladann lòt teknik pou anseye moun san vyolans ak rive jwenn yon nouvel fason pou n' pa touye: ak egzanp, Denis Dalton jwenn nan repiblik platon an ideyal etik « kote moun p'ap blese moun » sa a filozòf ak lidè politik yo ta dwe swiv li, menm si platon aksepte lagè, pen capital ak kilti militè. Ideyal sa sòti nan obsevasyon Plutarque « lè ou pran kouto se pa kalite yon bon medsen ni yon bon òm leta, men nan de ka sa yo montre ou manke konpetans, nan ka òm leta, enjistis ak kriyote vin ajoute » Plutarque 10 : 249. Nan tradisyon chinyaz la yo konpare obsevasyon mencuis (371-289 avan Jezi Kris) sila ki itilize fòs sanble vèti se yon pa (Tiran)... sila ki itilize vèti pratike bonte (Jen) imèn se yon Rwa (Wang) » (Fung 1952 : 112). Nou jwenn tou lakal chinwa yo,panse Matzu (Moti 468-376 avan Jezi Kris) kritik chinwa fè sou lagè ak opresyon, ak filozòf ki gen « lanmou inivesèl » mande pou n' ta redekouvri mond lan.

Tèks klasik yo ki chita sou vyolans ka wè ankò yon lòt fason pou ka evite vyolans ki gen ladan yo. Nou ka jwenn anpil egzanp lè n'ap li jan Chawet Satha-Anand Wè ankò machiavel tankou yon prens san vyolans (1981), ak nan fason Burrowes wè ankò lagè Chausewitz la pou l' te ka jwenn lot prensip pou l' dafann estrateji san vyolans (1996). Yo de a fè sonje kouman Gandhi jwenn anpil presip pou aksyon san vyolans pou responsab Krishna yo ak ero-Arjuna nan klasik espirityèl endou Bhagavata Gita (Gandhi 1971). Klasik ansyen yo dakò vyolans yo pa vle tandè pale osinon kreye ide san vyolans la ni jounen jodi a ni demen. Si platon ka pwopoze yon repiblik kote dirijan yo ka dirije ak yon vèti militè, jonen jodi a lidè ak sitwayen ki gen kouraj ka aksepte ide kote moun p'ap touye moun nan sosyete a. si Aristote ka eksplike konstitisyon pou rejin lagè, jounen jodi a nou ka anvizaje konstitisyon pou n' ka rive nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun. Si Machiavel ka bay anpil teknik pou dominasyon ka aksepte vyolans, jounen jodi a li posib pou n' travay sou exstrateji ak teknik pou pouvwa politik san vyolans. Si Hobbes ka bay yo leta mons pou enpoze lapè sosyal ak pouvwa vyolan, lòt fason pou n' gouvènè ki rann kont bezwen moun yo k'ap etidye aprè sa yo kondisyon lanmò pa nesèsè. Si Locke ka pansè yon revolusyon avek vyolans pou l' elimine yon rejim despotik, nou kapab jounen jodi a envante estrateji ak taktik liberasyon demokratik san vyolans. Si Max ak Engels ka pansè lite klas yo ak vyolans kòm sèl mwayen, nou kapab jounen jodi a pansè ak prosesis lit san vyolans pou n' lite pou n' ka jwenn jistis ekonomik tankou jan moun ansyen yo te reve l' la. Si Rousseau ka bay yon kontra soyal

ki chita sou kondisyon lanmò kont moun k'ap vyole moun yo, epi si lidè kontinye pale sou « kontra » ak « konvansyon » ki jwenn sous yo nan vyolans, nou kapab kounye a komanse ap etidye angajman youn ak lot a legad byenèt nan mitan kominote kote moun p'ap touye moun. Si Kant (1795 / 1959) ka panse lapè ki p'ap janm fini ki sòti nan konsantman ki p'ap chanje avèk lòd kategorik « pa gen lagè », nou kapab jounen jodia panse ak ide nesèsè pou transfome pa touye nan reyalyte mond lan. Si eritaj tradisyon politik ameriken an se yon deklarasyon klasik ki chita sou vyolans ak yon konstitisyon ki apiye limen tou sou vyolans, li posib jounen jodi a pou n' panse yon lòt deklarasyon endepandans ameriken ki pa apiye vyolans ak yon konstitisyon tou ki pa chita nan touye moun. Epi, si Weber ka wè nan politik la tankou yon vokasyon ki dwe ak san kondisyon vyolans, nou kapab jounen jodi a panse politik ak syans politik tankou vokasyon ki fè parèt posibilite pou elimine vyolans lan. (Arendt 1970 ; Muller et Semelin 1995 ; Steger et Lind 1999).

Ide pou rive nan yon mond kote moun p'ap touye moun mande pou n' ta kritike panse politik gandhèn an nan domèn filosofik ak teyori yo. Pwoblèm ki genyen paske nan tan pase yo gandhi pat youn nan moun ki te pran yon pri nobèl lapè nan mond ki te apiye vyolans lan. Resous ki plis pou rive nan vwa sa avèk intèpret end yo ak diferan pèspektiv ideyolojik ak disiplinè ak pa pyonye k'ap kontibiye ki pa endou. ((Dhawan 1957 ; Dange et al. 1977 ; Iyer 1973 ; Parekh 1989a, 1989b ; Bondurant 1969 ; Dalton 1993 ; Galtung 1992 ; Sharp 1979 ; Steger 2000).

Panse sila yo, kit pase ou prezan, ki bay anpil solisyon san vyolans nan tout kilti nan mond lan, ofri anpil chans pou n' ka rive nan teyori kote moun p'ap touye moun an. Arthur et Lila Weinberg (1963) prezante yon ankèt yo te fè nan lane 550 avan jezi Kris. Rasin plizyè relijyon te tabli nan travay T.K.N Unnithan et Yogendra Singh (1973). Nan tradisyon Greko-roumèn, Ero-ameriken, Will Morrissey (1996) prezante yon kritik pwofond pasifis...

An mezi n'ap Mennen envestigasyon nan tout mond lan sou panse politik san vyolans, nou ka tann nou ak anpil dekouvèt nou p'ap espere. Se definisyon «politik » san vyolans sa a filozof politik koreyen Hwang Jang Yop an te bay nan entevyou ki te bay nan peyi Pyogyang nan dat 3 desanm 1987 : « politik, se amonizasyon enterè tout moun ki nan yon sosyete ki baze sou lanmou ak egalite ». Sann pa bliye entevyou sosyològ Sorokin an (1948 ; 1954) sou « lanmou » ak kijan pou n' renmen frè nou » ki ka mete ansanm ak Arendt nan lane 1970 sou jan n'ap pale, sou jan n'ap pran desizyon ak fason n'ap aji ansann, ak jan Burton pale nan lane 1970 sou kijan nou dwe byen reflechi sou bezwen chak moun. Tout bagay sa yo se grenn pou n' ka gen yon lòt ide politik ki kwè nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun.

Etid sou rejim yo

Nan etid yo fe nan sosyete kote politik yo òganize ak sa yo gen ladan yo, lè nou ale nan vilaj ak eta nasyon sann pa bliye moun k'ap fè transfòmasyon yo - tankou domèn gouvènman ak politik ameriken an - jan yo analiz ide pou pa touye moun fè poze anpil keksyon pou n' ka rive depase fitiris Harold Linstone rele « trè prezanpsyon » konvansyon an. Kondisyon lanmò politik pa ta dwe fè parèt ankò pou moun ki remen peyi li. Lè keksyon pat ka poze nan yon rejim, politològ deyò yo dwe anvay l'.

Yon apwòch kote moun p'ap touye moun mande pou nou reponn ak diferan keksyon. Avan tou bagay, nan kisa zak touye ka pote nan fòmasyon ak kenbe li nan chak so-

syete politik ? Nan ki mezi imaj yon rejim genyen sou tèt li ki chita sou kondisyon lanmò yo dakò kalite asasin, gouvènman fè ak sa ki pa gouvènman fè, ki sa nou gen pou tan fite ? Koman nou ka fòse sitwayen patisipe nan touye osinon apiye l', kit li legal osinon li ektralegal pou osinon kont gouvènman, kit nou fè sa nan nivo lokal oswa etranje ? Nan kisa ide yo, pratik yo, ak estrikti politik yo, ekonomik ak kiltirèl yo ka kontribiye pou rive nan kondisyon lanmò ? Ki enfliyans touye moun egzès sou kapasite rejim genyen pou rechèche lòt valè, kit li materyèl oswa espirityèl, tankou libète ak egalite ?

Dezyèmman, ki rasin istorik ide yo, pratik yo epi enstitisyon ki gen rapò ak pa touye nan sosyete a. ki manifestasyon yo genyen ak sa yo panse pou demen ? Ki istorik rezistans san vyolans nan pouvwa politik vyolan ? Ki istorik kreyativite ak aksyon nan lide pou konstwi yon sosyete kote moun p'ap touye moun ?

Twazyèm egzijans, nan etid nou gen sou rejim yo, se pou n' ta keksyone dosye chanjman yo pou n' fè yon ale mennen vini ant touye moun ak pa touye moun. Ki pèsonalite, gwoup ak oganizasyon ki bay tèt yo pou misyon enpòtan sa a yo? Èske sòlda vin renmen lapè? Èske moun k'ap touye yo vin konvèti ak respekte lavi moun? Èske revolusyonè vyolan yo angaje yo pou yon chanjman sosyal san vyolans? Èske pèsonalite relijye yo p'ap bay benediksyon pou ka touye? Èske pèsonalite kiltirèl yo ap eksepte ide pou yo jete vyolans lan?

Ki chanjman ki te fèt nan tout krim ki te fèt yo ki fè nou te vin gen pen lanmò, nou vin pa genyen li oswa nou vin genyen li ankò? Èske nou te kraze fòs militè yo epi nou vin refè yo ankò? Èske lame yo te kraze epi yo vin egziste ankò? Èske lapolis ak sitwayen te konnen dezameman yo vin bayòl ankò? Èske te gen ka konsilyasyon pasifik vre ant gwo lenmi, nan parèt ankò sou kondisyon lanmò? Èske ekonomi ki apiye vyolans yo kapab fè yon chanjman ki nèt oswa tikras ak bezwen endividyèl ak sosyal yo san vyolans?

Katriyèmman, ki eleman istorik ak kontanporen andan ak jounen jodi a rejim politik sosyal ekonomik ak kiltirèl si byen melanje ak byen exprime nan pwosesis chanjman san vyolans yo a pote, pou sosyete sa, promes pou n' rive nan bon jan kondisyon lavi sann pa touye ? Ki kalite chanjman nou ka pote nan relijyon, ideyoloji, politik, estrikti sosyo ekonomik, edikasyon kominikasyon a ak relasyon entè-rejim yo pou n' ta ka ede rive nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun nan kontèks sa a? Ki kondisyon ki ka fè nou rive pi byen nan valè sa yo tankou libète, egalite byenèt naturèl ak sekirite, sann pa touye oswa menase touye?

Politik konparatif

Yon chanjman pou n' rive nan yon mond kote moun p'ap touye moun mande pou n' ta keksyone kapasite lòm pou l' pa touye nan kè investigasyon n'ap fè nan politik konparatif la. Ki leson nou kapab tire nan konparezon jeneral ide yo, enstitisyon, estrikti, developman, epi politik yo ki gen ide pou elimine oswa menase oswa itilize fòs nan lanmò gouvènman yo ak sitwayen yo epi nan tout sosyete yo ? Dirije avek « lojik analiz pou n' pa touye ak rechèch pratik pou n' ka fè yon bon transfòmasyon, investigasyon, konparatif nan chèche konesans pou n' jwenn solisyon pou n' ka depase rejim ki vle gouvèn poukont yo.

Nou kapab konpare ak klase sosyete yo selon kapasite yo genyen pou yo touye ak pou yo pa touye, tankou jan sa a fèt nan enstitisyon demokratik, dwa imen yo, sitiyaasyon fanm, byenèt pou timoun yo, epi nan nivo developman ekonomik yo. Pami dispozisyon lanmò yo yo jwenn ka lanmò ajan antagonis leta yo fè, predasyon kriminel,

kantite moun ki mouri ak kantite moun ki touye tèt, kapasite teknolojik, ak endikate materyèl ak ekonomi politik fòmasyon pwofesyonèl pou touye. Nou ka jwenn nan rejim yo karakteristik kote moun p'ap touye. Chak fwa nou fè klasman konparatif nasyon k'ap touye ak nasyon ki p'ap touye, ta dwe bay kontribisyon nan sèvis politik syans politik nan tout mond lan. Rapò yo bay sou monte ak desann sou kantite lanmò, koneksans ak depresyon kapasite transfòmasyon san vyolans ta dwe yon bagay enpòtan pase system siveyans elektronik ak bous mondyal oswa rezilta nan yon espò.

Fòn ta gen konparezon, andan ak tranvesal nan rejim yo, jan sosyete yo ye ak kondisyon ki antijan menm pou eden konprann kòz ak aksyon epi transfòmasyon an san vyolans. Sa fè antre katite lanmò epi tandans ki bay lanmò yo, ideyoloji, a, pati, jen, chak laj, nivo edikasyon, klas, gwoup etnik, entrepriz ekonomik, inivèsite, ak pwofesyon yo.

Etid konparatif yo sou kouman pou pa touye nesèsè pou fè avanse ide jounen jodi a nan syans politik ki vle eta demokrat yo, konpare yo ak rejim otoritè, pou fè lagè yon konte lòt epi touye mwens sitwayen pa yo. Lè demokrasi liberal, yo pran plezi pou yo touye, kit jan estrikti yo a ye prezidansyèl ou palmantè, akonpanye kilti k'ap fè vyolans mete nan realite a enpòtans etid konparatif fè parèt enpòtans etid pou fè senti solisyon kiltirèl ak estriktirèl pa touye a. Pa egzanp, tankou nou te wè 'l nan chapit de (2) a, yon etid konparatif de vilaj mexsikèn ki kole kole kote kantite vyolans lan ba ak ro, men kondisyon sosyo ekonomik yo parèy, ka pemèt nou di imaj kiltirèl vilaj sa yo genyen yo menm se yon karakteristik ki fè diferans. Abitan vilajwa vyolan yo konsidere tèt yo tankou vyolan epi yo aksepte l'. Vilajwa ki pa vyolan yo konsidere tèt yo tankou pasifis, yo fyè (Fry 1994). Yon etid konparatif sou jwèt timoun k'ap viv nan vilaj endo-nozyen, ak jan vyolans an anpil oswa li pa anpil, pèmèt nou di kilti ki dakò vyolans lan fè jwèt batay ant animo ak imen. Kilti ki gen mwens vyolans yo fè jwèt ki byen, tankou balanse sou lyann ak konpòtman lapè egal ant granmou ak zanimo yo (Royce 1980). Konklizyon sa yo eden montre nan sa ki gen a wè ak kilti ki aksepte vyolans lan nou jwenn espò ki gen kontak tankou boxe, hockey, lit, ak foutbòl ameriken.

Politik entènasyonal

Chanjman pou n' rive nan yon monde kote moun p'ap touye moun mande youn aprè lòt sousi endividyèl ak kolektif nan domèn nou konnen yo, selon jan yo ye tankou politik entènasyonal, relasyon entènasyonal oswa politik mondyal la. Sa ka fè pati ak gwo envestigasyon nou konn genyen deja ak lòt enstitisyon yo. Yon kote jan rejim modyal yo wè (etatik ak sa ki pa etatik) estrikti relasyon ant yo ak jan yo fè pou rezoud pwoblèm ki menm. Sa pa vle di ou pa nan istwa oswa ou pa wè bagay yo menm jan se istwa menm ki mond lan. Jan nou wè fason moun ap viv endepandan an kondisyon mondyal epi lokal.

Yon lòt kote, ide ki fè kwè li posib yon sosyete mondyal kote moun p'ap touye moun gen pou misyon pou veye sou byen chak moun k'ap viv ansanm sou tè a, depi lè yo fèt ak jouk lè yo mouri, tout tan jenerasyon ak fèt, k'ap viv ak avanse ansanm. Bagay ki pi enpòtan oswa analiz politik pou n' pa touye se chak endividi limenm menm. Òganizasyon yo, estrikti ak pwosesis se konpòtman endividyèl ki menm. Politik mond la se politik moun k'ap viv ladann. Yon mond kote moun p'ap touye moun depann de endividi ki p'ap touye. Si pèsòn pa dwe touye ni yo p'ap touye l', nou dwe fè konsid-erasyon pou enterè chak moun.

Sa mande nesosite pou n' aplike lojik analiz ak aksyon pa touye nan tout mond lan. Pou vyolans lan, sa mande pou nou fè anpil rechèch nan zafè syans politik san vyolans leta ak vyolans leta kont leta epi sou lagè, pou n' ka mete tout jan yo touye nan mitan anpil sosyete epi ant yo menm - epi ajoute yo nan shema mondyal kòz eksplikasyon ak aksyon. Pou n' pa fè vyolans mande pou n' idantifye fòs kote moun p'ap touye nan moun k'ap fè politik, nan tout mond lan. Pou n' fè transfòmasyon san vyolans mande pou n' konpran pwosesis fòs k'ap touye ak fòs ki p'ap touye yo nan mitan anpil sosyete.

Pou byen konprann karakteristik pratik, ki posib pou n' renmen viv ansanm nan yon sosyete mondyal kote moun p'ap touye moun, fòk genyen yon envestigasyon sou manifestasyon ak aspirasyon chanjman sosyal pase ak prezan yo. Nan kwè egzistans teyori ki p'ap fini nan mitan yon pakèt ide pa touye. Nan nivo endividyèl sa mande pou n' konprann kantite vyolans ak sak pa vyolans endividi yo fòs yo genyen pou fè transfòmasyon san vyolans, ak fason sosyete yo apiye ekspresyon yo pandan tout vi a, fòs chak endividi kreye pou l' pa touye.

Direksyon nou pral pran pou n' transfòme nan antenwa ki bay lanmò nan anbann ide ki pa bay lanmò ki se yon ide pou tout mond lan vle di pou n' chèche mwayen ale nan zòn kote moun ap touye moun pou n' ka elimine pratik lanmò. Sa mande pou n' fè yon sosyalizasyon mondyal ak fòmasyon dirijan epi sitwayen yo pou n' ka rezoud pwoblèm yo san pa gen touye. Sa vle di pou n' idantifye ak ankouraje kontribisyon kiltirèl mondyal yo nan chanjman pou n' rive nan pa touye. Sa vle di enkò pou n' pote kole nan ede chanjenan tout mond lan estrikti politik, militè, ekonomik sosyal ak kiltirèl ki apiye lanmò.

Syans politik ki chita sou pa touye

Daprè ide ki fè moun kapab kreye sosyete san l' p'ap touye, sa vin bay anpil keksyon ki gen rapò ak chak domèn, ti domèn ak jan syans politik la ye jodi a. lèn di syans politik la p'ap gen valè, èske disiplin an aksepte ide pou n' pa touye ? Èske teyori ak pratik pouvwa kote moun p'ap touye moun kapab rive fè fas kare ak transfòme konsepsyon ak manifestasyon vyolan yo ? Èske institisyon demokratik ki pa dakò pou touye nan tout nivo kit lokal oswa mondyal, èske yo posib? Èske se posib pou n' rive fè sekirite lokal yo ki te vyolan vin yon sekirite lokal ak mondyal san vyolans? Èske se posib pou n' fè ekonomi politik ki te vyolan vin yon ekonomi politik mondyal san vyolans ? Èske pote kole sa yo ka fèt nan teyori ak nan pratik pou n' pa touye daprè ide fanm yo, ras, clas etnisite, lang ak relijyon ? Ki metòd ki ta pi bon pou n' ta aplike pou n' ta konprann vyolans general k'ap fèt nan sosyete a, kapasite pou n' pa touye, prosesis pou n' fè transfòmasyon ak jan pou n' montre epi pou fè vin estab - diferan - nan pa touye.

Jan nou wè bagay yo pa ta dwe mete deyò sipò syans politik la nan chak domèn sou sa yo poze keksyon sa yo. Men sa ta dwe mennen refleksyon sou sa syans politik la ka fè panse seyes men posibilite pou rive nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun nan yon mond san touye. Aksepte posibilite sa a mande yon gwo angajman syans politik yo nan fason y'ap rezoud pwoblèm san vyolans ; nan tout mond lan.

Chapit 4

Enplikasyon nan zafè rezoud pwoblèm yo

Tout moun ki denonse ak konbat olokos sa a [anpil dizen milyon moun mouri a koz malnutrisyon ak blokis ekonomik] tout dako koz trajedi sa se politik

Manifes senkann twa loreya Nobel, 1981

Ki enplikasyon syans politik ki chita sou pa touye nan zafè rezoud pwoblèm? Ide jeneral se ta mete fen avek lanmo nan lavi nan nivo mondyal. Sa mande yon enpotans patikilye byenèt tout moun, nan tout vi a, chak grenn moun tankou viktim oswa bon Touyè. Sa bay enterè pou endividi yo ak sa yo fin fè nan kè syans politik yo. Yon lòt fwa, sa mande yon angajman pou rezoud pwoblèm yo konnen - sa n'ap depase yo sa dwe fèt- nan chak idantite espirityèl, jan yo, laj, etnik, klas, pwofesyonèl, lokal oswa politik. Sa mande anpil lwa ki san vyolans (Guetzkow 1995) melanje ak angajman ki ka fasilite n' rezoud pwoblèm tout moun, sann pa bay presyon n'ap touye oswa pou n' pa touye.

Syans politik ki chita sou pa touye mande yon chanjman an menm tan pou n' diminye faktè ki bay lanmò ak sa yo ki favorize san vyolans lan. Yo ta chèche rezoud pwoblèm entèn epi ki travèse yo nan tout senk zòn antenwa lanmò (Fig 1) ak anpil solisyon pou pa touye (figi 2). Sa mande yon angajman dirèk nan pwofesyon syans politik yo nan tout jan ak nan tonbe dakò ak responsabilite nan rezoud pwoblèm yo nan sipò endirèk nan jefò lòt. Sa mande pou n' bay chans nan fè rechèch ak fòmasyon yo pou n' ka ede aksyon piblik ak prive nan jan pou yo rezoud pwoblèm yo. Sa mande pou n' bay chans pou tout moun ka patisipe nan jan y'ap pran desizyon nan nivo endividiyèl ak sosyal pou n' ka satisfè bezyen yo.

Dakò yon plas pou n' ka rezoud pwoblèm yo san vyolans, pa mande pou syans politik lan ki dakò pou l' touye vin yon syans politik inivèsèl, yon syans konn tout bagay ak yon syans ki gen tout pwisans. Men sa mande yon gwo kapasite pou byenèt espirityèl, fizik, materyèl ak kiltirèl-nan domèn lavi nan sosyete a. sa pa vle di yon entèvansyon totalitè, pito pou n' gen rekonesans pou pèsonalite politik, enstitisyon, gouvènman ak moun ki sipòte yo ki fè oswa neglige l' sa bay anpil konsekans sosyal sòti nan egzistans lavi sou sa moun ki kwè pase pran byenèt ekonomik yo. Lèn ta vle bay tèt nou pou yon sosyete kote moun p'ap touye moun, syans politik yo pa ta dwe gen pwoblèm nan sa ki konsène kapasite preyokipasyon ak kontribisyon ki diferan nan pwofesyon medikal ak sante piblik.

Pwoblèm yo kapab defini tankou bagay ki pa menm ant sa n' ta vle ak sa ki reyèl. Chak pwoblèm genyen ti pwoblèm piti ki difisil nou pa ka detèmine : nòmatif (sa l' ta

dwe ye) anpirik (sa l' ye) ak potansyèl (sa l' kapab ye). Chak pwoblèm bay plis kò ak yon sistèm difisil, ak pwosesis fitbak ki depann youn ak lòt, ak sa ki fè nan tan pase, prezan ak fiti. Men nan yon fason ki pa depann, ak jan pwoblèm yo difisil ak jan yo konplike tou. Sou sa ki gen rapò – ak etnik, filozofik osinon anpirik - syans politik ki chita sou pa touye moun pa ta dwe pa konnen angajman dirèk ak efò pou ranje pwoblèm ki menase egzistans lavi ak byenèt imanite. Syans politik ki chita sou pa touye moun angaje l' nan efò pou fini ak zafè vyolans sou konpòtmant pou chanje kondisyon vyolans estriktirèl, epi ki gen rapò ak de tip vyolans sa yo kin an relasyon. Li dwe chèche pou l' retire sipò l' ak apiye moun k'ap bay lanmò, ede enstitisyon ki egziste yo k'ap bay sèvis yo nan pa touye epi kreye lòt politik ak enstitisyon pa touye.

Aksepte tach pou jwenn solisyon ak pwoblèm syans politik aplike yo ak jan nou aplike yo nan syans politik nan tout mond lan, li pa syantifik pou n' ta konnen yo avan. Pa plis lidè ki fè kwè maladi yo pa ka geri osinon nou ta dwe konnen tretman maladi anvan dyagnostik, preskripsyon ak tretman, pa anpeche pwogrè nan rasin syans medical ak syans aplike yo. Li pa ta dwe lòt jan, nan sa ki gen pou wè ak syans politik yo, ki limen tou enpòtan nan zafè lavi oswa lanmò.

Pa gen rezon pou n' tann syans politik la ki kwè nan yon mond kote moun p'ap touye moun lan jwenn rapidman solisyon ak pwoblèm politik ak syans politik yo ki aksepte vyolans men tou ki pa t' kapab rezoud. Tout angajman resous syantifik yo, imèn ak mwayen materyèl pou n' elimine vyolans akonpanye ak anpil san, sa pa t' rive mete fen ak lanmò nan tout mond lan sòti nan omisid pou rive nan jenosid pandan n'ap pase nan lagè, nan kapital nasyon ki gen zam nikleyè yo. Anpil bagay ki te kreye pou touye. Fòk kapasite nou pa ta piti pou n' ta rive jwenn solisyon pou n' pa touye yo ki ka mache.

Mete fen ak epòk kondisyon lanmò moun pa sèlman zafè syans politik yo. Se zafè tout syans, tout moun, tout pwofesyon ak endividi yo. Men se yon misyon kote syans politik yo ka pran inisyatif pa lòt syans yo. Misyon ki pi enpòtan se pou rezoud pwoblèm ki pa fasil osinon ki pa posib pou n' kreye yon syans politik ki pa kwè nan touye nan yon mond ki p'ap touye. Twa nan yo sèlman : pwoblèm ki gen pou wè ak « Hitler ak olokos » ; nan sa ki gen pou wè ak chanjman estriktirèl revolisyonè ; ak sa ki gen pou wè ak sekirite, idividiyèl an ak letanasyon.

Pa touye moun Hitler ak olokos

Pwoblèm lidèship lan ak lanmò politik - vin pi plis ak egzanp Hitler epi olokos, san pa gen limit - ta dwe fè fas kare, mande pou n' fè efò pou n' rezoud pwoblèm enpòtan syans aplike yo poze. Fòk nou pa ta bay egzanp kote yo fè anpil moun pè, yo touye anpil klas moun, elimine aksyon sivik, paralize kreyasyon sivik pou pa touye. Yon lòt bò, syans politik yo kondane pou toutan gen tan, klè oswa ki pa klè pou prepare anpil bagay pou fè fas kare ak moun k'ap touye, ak yon vyolans ki pi gwo pase pa nenpòt dictatè k'ap touye anbann moun yo, revolisyonè k'ap detwi klas yo osinon moun k'ap detwi vil ak vilaj yo.

Chèche travay andan disiplin ki pako develop yo ak etid sou lidèship politik yo t'ap premye pratik. Sa mande pou n' jwenn endis ki gen nan konpòtmant ak sistèm ki kwè nan touye, pou n' ka rive jwenn yon chanjman nan lidèship ak yon tèt kole pou pa touye moun. Kèk eleman yo te identifye deja tankou objè entèvansyon san pa touye se te konsèp lidèship ki te ouvri sou vyolans. Wò l' pwosesi yo, valè ki bèl yo, anpil teknoloji; ak ogmante kapasite ekonomik yo, sosyal ak kiltirèl ki bay lanmò (Paige 1977).

Esperyens 20èm syèk la bay anpil pwen pou n' pati - pou n' kanpe nan rout lòt dirijan ki kwè nan touye ak moun l'ap dirije ki kwè nan yo tou, pral gen yon tan nan listwa kote moun pral pa vle touye k'ap pral vle antann yo tou ak sistèm k'ap touye yo. Yon lòt kote, keksyon lanmò a retounen ant moun ki pèdi ak moun k'ap vanje tèt yo ak moun ki genyen ki pè. Sa sanble senp. Men len gade deyè, mechanste 20èm syèk lan sa fèn wè moun ki t'ap chèche aboli lagè lan fen 19èm syèk la yo ta gen rezon. Gen yon resanblans klè ant soufrans premye gè mondyal ak dezyèm gè mondyal, ak gè fwad, men plis ankò. Idantifye epi ède pou n' rekonsilye moun k'ap vanje yo, kit yo ansyen oswa fèk fèt avan l' vin rive nan gwo mechanste, t'ap vin yon premye gwo kontribisyon prevantif syans politik la. Pou n' anpeche lòt dirijan ak dirije ki dakò touye moun ki pa zanmi yo, syans politik yo dwe angaje rapid nan zafè pou moun pa touye moun, pou fè moun k'ap vanje byen, ak kreye kondisyon pou moun viv san yo pa touye yo.

Pou anpeche lòt moun k'ap vin tankou hitlers, stalines, maos, amins, pol pots, osinon menm trumans bonbadye atomik yo : fòn ta defini enkò konsèp lidèship politik la, pou l' pa janm vin enkò yon kòmandman pou n' touye men pito yon enstriman pou n' rezoud pwoblem nan sosyete yo sann pa touye; chèche jwenn moun k'ap vin lidè yo ki gen pèsonalite agresif k'ap touye epi retire tout sipò yo; retire tout wòl osinon responsabilite dirijan yo jwenn pou pa touye ak pouvwa yo genyen pou yo di lòt moun touye frè yo; pa pèmèt dirijan, òganizasyon, moun ki pwofesyonèl nan touye moun vin rive obeyi ak jwenn zam ki ka touye anpakèt moun; pa sipòte mond relijye ouvriye afè yo, syans ak a, òganizasyon yo ki la pou touye; epi pote kole nan jwenn solisyon san touye; ak tach ki bon lidè politik yo epi sitwayen yo; fè sonje angajman pou pa touye yo ki se kè fyète ak idantite nasyonal yo; chanjman kondisyon sosyo ekonomik yo ak lòt kondisyon estriktirèl ki ka mete endividi ak gwoup yo dirèk oswa endirèk, nan kondisyon pou yo chèche satisfaksyon nan fè vyolans; fè yon chanjman nan ekonomi ki kwè nan touye yo, pou yo se sevi bezwen ki bon pou lavi moun; ak apiye developman kiltirèl ki pa kwè nan touye ak patisipasyon a ak syans yo.

Nou ka konprann, entèkansyon nan zòn kote moun ap touye yo, ki pa dakò ak mechanste ki sanble ak pa hiteler yon gwo defi pou n' kreye lòt disiplin syans aplike ki pa kwè nan touye moun. Men sa pa vle di pou n' pa panse sou yo, espesyalman nan epòk sa kote nou ka fè investigasyon teknolojik ki p'at janm egziste deja. Pami mezi pou n' pran ak tès pou n' fè lè n'ap rezoud pwoblem yo, se:

apèl mikroskopik ak anpil moun espirityèl / psykològ nan kapasite yo / kondane nèk lanmò retire tout sipò nou ba l' epi fè rezistans (pa sèlman pwoblèm viktim yo) ; dispozisyon pou deplasman rapid ; epi entèkansyon espesyal, ayeryèn, maritim ak teryen ak fòs ak ekip byen fèt pou anpeche endividi yo, gwoup ak teknoloji yo k'ap touye. Kwense tout bagay nou ka fè envansyon ijan, dirèk ak plizyè kanal, ki pa bon ak ki bon, nan rasin kondisyon ki idantifye pou yo ka anpeche yo.

Nan doulè mechanste hitler kite deyè l' yo, fòk nou chèche yon mwayen pou n' ta transfòme kapasite moun pou pa touye nan sa k'ap viv yo - krininèl, viktim yo ak manb fanmi yo. Syans politik yo dwe bay angajman nan kreye pwosesis pou yo konnen responsabilite yo devan mal, nan bay sosyete pran, nan fè moun byen, epi, sa ki pi enpòtan ankò, se ta bay chans pou fè chanjman a ak estriktirèl pou n' ka rive nan yon sosyete kote moun p'ap touye moun nan yon mond san touye. Enspire nan chak rasin espri, syans ak tradisyon- lide pou n' pa touye dwe selebre tankou se kè idantite kiltirèl

ak fyète demen yo ; nan mitan tout pèp nan mond lan. Angajman pratik dwe pran pou asire moun nan mond lan p'ap janm fèt ankò.

Pou fini ak gwo epòk mechanste sòti nan genosid pou rive nan gwo e pòk gè, syans politik ki chita sou pa touye dwe enplike l' nan twa wòl syans aplike a ; prevansyon, entèvansyon ak transfòmasyon chòk k'ap vini yo pou n' rive pa touye ; fòn ta franchi pòta l' nan sèvis kreyatif ki fè kwè ide konvansyonèl mechanste yo pa ka elimine sou baz prensip pa touye moun ak revolisyon vyolan.

Pa touye epi revolisyon vyolant

Pwoblèm revolisyon an ak kont revolisyon vyolan an se dezyèm pwoblèm enpòtan nou ta dwe siveye jefò pou rezoud pwoblèm, kou deta ak sa ki kont koudeta militè yo, teyoris ak sa ki kon teyoris, lagè nan geya, ak gè sivil epi sa ki makonnen ansanm yo.

Syans politik ansyen yo vle fè revolisyon ak represyon yo nan dakò fè vyolans. Vyolans kont vye rejim yo bon, men vyolans kont bon rejim yo pa bon, fòn aksepte pa fè vyolans kont revolisyonè yo, men fòn pa dakò fè vyolans kon bon revolisyonè yo tou. Nan de ka sa yo, vyolans pou rive fè yon chanjman politik osinon pou n' reziste kont li se yon bagay ki parèt ki paka evite gen de lè se sou li n' kouri nan lavi politik lan. Agiman abityèl pou kèk akademisyen ameriken, paegzanp, se, paske elit ekonomik yo pa renonse nan lapè ak byen yo epi ak pouvwa a, vyolans revolisyonè yo jistifye. Yon lòt bò, tankou apiye kont-vyolans y'ap fè kont rebèl k'ap chèche chanje sistèm ekspwatasyon propriyete prive yo. Ide pou toujou fè fas ak kondisyon lanmò yo ap pèsite, menm nan kondisyon demokrasi electoral ameriken yo, nan lide ki fè kwè sitwayen yo dwe posede zam pou defann libète yo kont leta a.

Men, ide enpòtan pou n' elimine rejim politik k'ap fè vyolans yo ak chanje kondisyon y'ap tolere nan vyolans sosyo ekonomik estriktirèl, syans politik ki pa kwè nan touye an kapab eden idantifye anpil solisyon pou n' ka fè revolisyon san vyolans, epi sipòte yo. Rive fè sa fòn retire lide ki fè kwè revolisyon pa ka fèt san vyolans, epi fè konnen lòt solisyon san vyolans ki pi bon yo tankou: prensip, estrateji, taktik, metòd òganizasyon, ak teknik pou n' travay ak yo.

Nan dènye pati gè fwad la, twa remak fè kwè revolisyon san vyolans lan posib, se teyorisyen politik ki te sòt nan twa tradisyon revolisyonè nan mond lan ki te pi enfluyen : Etazini, linyo sovjetik ak lachin. Peyi etazini, Gene Sharp (1973) te fè yon deklarasyon klasik teyori ak pratik sou fòm revolisyon politik san vyolans yo ki antre byen nan analiz sou konsantman baz pouvwa politik ak envestigasyon nan bay anpil egzanp lit ki genyen vyolans. Sharp te idantifye pou pi piti 198 metòd aksyon san vyolans: sòti nan pwotestasyon pou pase nan fè aksyon e rive fè envestigasyon nan vyolans, nan pase nan san koperasyon sosyal, ekonomik ak politik.

Epi li mete ansanm tout teyori dinamik sou transfòmasyon san vyolans ki gen ladan l'pwosesis « fè chanjman, akò, ak anpecheman », sou sa li ajoute ankò « dezentegrasyon ». Nan peyi inyon sovjetik, E.G. Plimak et Y.F. Karyakin (1979) defini revolisyon an tankou yon chanjman nan pouvwa leta a, yon klas pou rive nan yon lòt, « ki bay yon chanjman pwofon nan lavi pifò moun ». Yo te prezante aprè sa revolisyon sosyalis pasifik te posib, sou baz teyori maxsis leninis, ak esperyans dekolonizasyon ak demokrasi apre dezyèm gè mondyal la. Yo defini yon revolisyon sosyalis pasifik tankou yon revolisyon « lit ak zam, san gè sivil ak entèvansyon kont revolisyonè ki gen zam ». Yo di echèk pase yo pa ta dwe anpeche nou fè revolisyon pasifik nan nouvel sikonstans istorik yo, yo fè kwè toujou

posibilite ki genyen pou fè « developman revolisyone pasifik... ta dwe san ezitasyon epi byen etidye sou tout aspè yo » (tradisyon m'). Nan peyi chin, Zhang Yi-Ping (1981 :79), mete agimantasyon l' an sou teyori maxsis ak sou lit san vyolans ki reyisi pou endepandans nasyonal an azi, nan afrik ak nan amerik latin - espesyalman nan sa ki gen rapò ak kapasite pou reyini anpakèt moun tankou jan gandhi fè li nan mouvman li yo nan peyi lend - eksplike: « vizyon k'ap defann yon sèl revolisyon ak vyolans sann pa fè atensyon ak moman, kote ak sitiyaasyon, epi pa kwè revolisyon san vyolans nan bon nan teyori e danje nan pratik yo » (pati ki mete yo se tradisyon m').

Konsa, nan yon epòk san ap koule ak revolisyone ak kon revolisyone mondyal konplike, moun k'ap fè analiz politik yo vin nan (3) twa tradisyon ki gen vyolans - endepandans oswa ki ta sanble enkonni youn lòt - idantifye wòl syantifik pou n' devlope yon teyori ak yon pratik revolisyone san vyolans. Eleman ki pi bon yo gen ansanm se referans mouvman ganndyèn san vyolans nan peyi lend, ki t'ap chèche pa sèlman endepandans politik, men tou chanjman sosyo ekonomik ak kiltirèl.

Jouk jounen jodi a, teyori revolisyone san vyolans lan, kit nan vizyon « kapitalis » osinon « sosyalis », te fèt si tou nan ide pou moun ki t'ap soufri yo. Elit san vyolans lan patkò devlope teyori pou konpare kont aksyon k'ap bay lòt solisyon pou kontrekare vyolans sou aksyon revolisyon san vyolans. Sa mande pou n' ta refè analiz Sharp la. Moun ki gen anpil byen yo, etni ki dominan yo, lidè politik yo, lapolis ak lame èske yo genyen teyori ak kouraj nesèsè pou fè fas kare san vyolans, san zam ak moun sa yo - pòv, moun ki pa gen tè, moun ki pa gen moun, minorite oswa majorite - ki mande pou respekte san vyolans dwa moun ak jistis ekonomik ? Èske moun ki gen privilèj sa yo ka kont ide diyite ak rekonesans lè n'ap fè chanjman san anpechman san pa gen beny san?

Enplis, yon teyori aplike nan « lit san vyolans » osinon nan « lit klas san vyolans » ki gen pou misyon fè transfòmasyon sosyal, nan yon tèt ansanm profon ant ansyen opresè privilejye ak moun yo abize / moun ki pa gen avantaj ka posib. Nan san ka jwenn rasin li nan eleman san pa touye ki deja nan nati imèn, ak move kè ki fè mal ki fèt ak elit yo. Ak vyolans epi lòt moun ki menm jan ak yo k'ap itilize vyolans kont sa yo ki vle fè chanjman pasifik. Chak konbatan sòti pou elimine sa yo k'ap fè aksyon san vyolan, sou baz ide sa yo ap rann fèb rezoulisyon militan an genyen sou pròp baz li / klas. Ak egzanzp, pandan gè fwad la, elit ak près kit yo se ameriken osinon sovyetik pat vle tandè pale zafè vwa pasifik la. Yo di ide pou pa gen moun mouri t'ap bay anpil repons epi redwi sipò yo ak pròp militè yo - men sa pa t'ap redwi fòs opozan yo. Menm sa yo, ki nan mond akademik ak aktivis lan ki te propose kèk mouvman rezistans ak zam te dakò denonse eksplwatasyon solisyon revolisyone san vyolans - yo pat kwè moun ki te sibi yo t'ap pè resevwa solisyon san touye. Ki donk, èske gen yon fason pou fè fas ak prensip epi pratik pa touye k'ay opresè ak oprime yo, eben nou ka anvizaje yon lit klas san touye. Sa mande yon wòl aplike pou syans politik yo pou fasilite pwosesis revolisyone sann pa touye yo nan zafè rezoud pwoblèm. Yo bay tèt nou bi pou n' fè « rekonsilyasyon » ak lòt nan chak etap lit san vyolans pou n' fè chanjman sosyal, ka jwenn sous li nan metòd Gandhi ak king, se yon premye eleman nan pratik. Menm machiavel te agimante chanjman profon nan rejim politik « sòti nan tirani pou rive ak libète », epi yon lòt bò nou kapab jwenn li san « san pa koule » lè l' sòti nan « antant jeneral sitwayen yo ki te fè grandè leta a » (Les Discours, Livre 3, Chapitre 7).

Pa touye ak sekirite a

Syans politik ki chita sou pa touye dwe rezoud pwoblèm nan ofri bon solisyon pou sekirite a kont agresyon lanmò nan nivo endividyèl, lokal, nasyonal ak entènasyonal. Teyori ak pratik ki sòti nan akò nan zafè sekirite vini nan denyè kote menase lanmò : « mwen / nou vle / nou tout vle / kit li bon pou nou pase m'ap touye ou / n'ap touye ou ». Tandiske, sekirite pa touye sòti nan prensip ki kontrè a : « mwen / nou vle / pou n' bon nèt pou mwen / nou p'ap touye ou / ou p'ap touye nou ». Brèf, « pou nou tout dakò l' bon pou nou youn pa touye lòt » pa gen moun ki gen sekirite lè gen lòt ki gen ide pou l' touye. Tout moun ka envante bagay pou defann yo, lè ou pran boukliye oswa abri kont bonm atomik yo, ak sak konn pwoteje ou, douv, mi, ak chato yo. Atak pou touye osinon defans kont atak se menm bagay ; kit se : flèch kont lans, mitrayèt kont mousket, atilri kont anfatri, tank kont kavalri, rokèt kont tank, soumaren kont navi k'ap fè gè, fòs areryèn ak misil kont preske yo tout, ak zam nikleyè, biyolojik ak chimik kont tout. Viv nan yon mezon ki gen anpil sekirite epi ki gen anpil militè ak anpil zam pa ka garanti sekirite. Bandi a ka genyen misil ki ka pèse tout pwotej yo, li ka gen gwo zam, ak pi bon teknik pou l' batay - osinon yo ka gen kapasite pou yo mete pwazon nan lè a, nouriti ak nan dlo. Sèl konfyans nan sekirite se elimine volonte pou touye.

Wòl syans politik nan ide pou n' rive fè sekirite sann pa touye se ta ede devlopman yon teyori ak yon pratik ki bay solisyon ak moun k'ap menace osinon k'ap itilize fòs k'ap bay lanmò - ki gen ladann pou n' ta fè transfòstasyon pou anpeche pa gen lanmò nan volonte gwo advèsè yo. Menm si jouk jounen jodi a sa pa sòti trè klè nan syans politik ki chita konvasyonèl yo, nou jwenn yon pakèt ak yon bann dokiman ak ekperyans ki Bay yon baz dapre kote yo t'ap avanse. Dekouvèt yo ansanm ak anpil envestigasyon sou rezistans sivil kont rezistans nazi (Hallie 1979 ; Fogelman 1994 ; Semelin 1994) ; rezistans kominote san vyolans Danilo Dolci kont asasina mafya (Amato 1979 ; Chaudhuri 1998) ; gad kò san zam pou travayè dwa zimen (Mahony et Eguren 1997) ; rezistans san vyolans kont koudeta militè (Roberts 1975 ; Sharp 1990 ; 1993) ; defans nasyonal sivil, sosyal san vyolans (Boserup et Mack 1974 ; Sharp 1990 ; Martin ak al. 1991 ; Randle 1993 ; Burrowes 1996) ; itilizasyon fòs militè ki chita sou akò ki p'ap bay lanmò (Keyes 1982) ; fòs san vyolans yo (Banerjee 2000 ; Weber 1996 ; Moser-Puangsuwan et Weber 2000) ; ak devlopman zam ki p'ap touye yo (Lewer et Schofield 1997).

Anpil gouvènman te antreprann anpil etid sou ki jan yo ka fè defans sivil ki p'ap bay lanmò, menm lè yo pa anvizaje yo kòm lèd nan akò ak militè yo- pami yo nou jwenn pa la swèd, nòvèj, Danmak, Frans, Letoni, Lityani, estoni, Lotrich Swis ak Filand (Schmid 1985 ; Sharp 1990 ; Randle 1994 : 121-37). Nan peyi Tayland gen yon dispozisyon pou bay jarèt ak rezistans san vyolans nan fiti koudeta militè e yo mete sa nan atik 65 ki se nouvell konstitisyon Taylandèz la nan lane 1997: « moun yo gen dwa pou pa dakò ak tout tantativ ki sòti nan pouwa administratif lan ki pa fèt ak mwayen ki ekri nan konstitisyon an ».

Anpil rechèch sou zam ki pa bay lanmò, polisye ak militè ka itilize te komanse depi 1965 nan peyi etazini, pou pi piti, e yo te kontinye nan lane 1990. Yon banm ak yo pakèt teknoloji yo te etidye - menm zam ak lazè yo, optik, akostik, ak pilsyon elektromanyetik, biyolojik ak yon douzèn lòt zam. Kèk nan zam sa yo lapolis deja itilize, ak operasyon militè lòt bò dlo (Lewer et Schofield 1997). Tankou enterè gouvènman an pou defans sosyal, envizaje kòm diplis nan kapasite lanmò ki chita sou akò. Men piske kounye a yo anvizaje seyezman anpil solisyon san touye gras ak espè tradisyonèl nan sekirite vyolan ta dwe ankouraje anpil gwo jefò epi menm ale pi lwen nan etid syans politik. Defi a rete nan rezoud pwoblèm chanjman pou n'rive nan bon jan kondisyon

sekirite san moun pa touye moun. Rapò final komisyon kaneji pou anpeche konfli ki ka Mennen lanmò yo (1997), ki mande yon prevansyon estriktirèl : estrateji pou fè fas ak rasin konfli ki ka menen lanmò yo, men jan ak kreyasyon « kilti prevansyon », se yon lòt prèv pou avanse nan chimen sekirite ki pa bay lanmò. Posibilite pou pase lòt etap pou rive nan sekirite sann pa touye endividyèl ak mondyal pa parèt klè. Pwopozisyon pou òganize yon fòs pou lapè mondyal san vyolans se yon egzanp (www.nonviolentpeaceforce.org). Syans politik ki chita sou pa touye dwe chèche anpil solisyon ak pwoblèm yo jouk jounen jodi a parèt tankou baryè ou pa ka evite pou rive nan yon sosyete san vyolans. Fas ak anpil gwo menas fizik brital dwe gen yon gwo atansyon. Dabo, paske si pa gen lavi oken pwoblèm pa ka jwenn solisyon. Aprè sa, nan kenbe angajman pou touye bay sipò ak kondisyon vyolans estriktirèl ak ekolojik ki menase byenèt endividyèl, nan tout sosyete ak sou tout tè a.

Lè nou bay priyorite pou n' pa touye nan rezoud pwoblèm ki gen nan sosyete a, nou fè fas ak anpil keksyon tankou : Pou kisa nou bay atansyon nou sou lide pa touye an vyolans sikolojik, maltrete moun, rasis, seksis, eksplwatasyon ekonomik, ak diktati bay anpil soufrans ak anpil lanmò ki pi plis pase lanmò fizik ? Keksyon sa yo vle fèn kwè pwoblèm p'ap ka jwenn solisyon si nou toujou gen ide pou n' touye. Repons nou ka bay se volonte, ak kapasite ak kilti pou n' touye a se prensipal tikòz anba enjistis estriktirèl sosyo ekonomik k'ap touye, ak vyolans sikolojik k'ap fè piti piti lanmò kouman vyolans lan, maltrete moun rasis, opresyon sou fanm yo, eksplwatasyon ekonomik, ak diktati kapab dire, si yo pa chita sou laperèz ak menas pou touye ? Lè nou elimine ide pou touye nan lavi tout moun omisid nan lagè, pral bay yon bon èd - nan nivo espirityèl sikolojik, materyèl, demokratik ak environmantal - pou rezoud lòt pwoblèm k'ap boulvèse mond lan.

Angajman pou n' pa touye mande angajman syans politik yo pou ede jwenn solisyon ak chak pwoblèm nan chak epòk, k'ap menase lavi ak byenèt moun. Pale nan vilaj yo, Gandhi konn gen abitud konte sou dwèt men goch li prensipal tach pou antreprann lè n'ap rezoud pwoblèm yo : egalite pou moun yo paka touche ; tisaj nan nivo lokal tisi koton pou liberasyon ekonomik ; pa dakò pou kosome dwòg ak alkòl ; zanmitay ant hindis ak mizilman yo ; ak egalite pou fanm yo ; li te di « pwanyè a, se non vyolans » (Ashe 1969 : 243) nou kapab menm atake senk pwoblèm nan tout mond lan : touye tout tan ak nesosite pou retire zam nan men moun ; olokos pòv ak nesosite ekite ekonomik, vyolasyon diyite moun ak nesosite pou respekte moun ak dwa yo ; destriksyon biyosfè a ak nesosite pou yon sipò ak lavi nan mond lan ; ak lòt divizyon k'ap fè moun mal ak anpeche koperasyon pou rezoud pwoblèm yo.

Senk pwoblèm sa yo menm pou endividi yo, fanmi yo, kominote, ak nasyon yo ak limanite tout antye. Nou tout bezwen elimine danje touye, anpechman ekonomik, sa k'pa sal diyite, sa k'ap mete pwazon nan anvironman an, ak absans koperasyon pou ka rezoud pwoblèm, sa yo konekte youn ak lòt epi yo ogmante pi plis piske nou kontinye nan lanmò ki se sèl rekou ki pi enpòtan pou n' rezoud pwoblèm yo. N'ap chèche sekirite nan touye ; ak ame moun pou touye nan kreye anpil menase pou n' pa touye; ame moun pou touye ap kontribiye ak privasyon ekonomik epi bay jarèt ak vye estriktirèl; pran touye pou bon bagay nan jete dwa moun genyen nan fè vyolans sou yo pandan lontan; konba lanmò ak enditriyalizasyon militè detwi anvironman an; divizyon ki genyen ant moun ki pa wè bagay yo men jan anpeche devlopman pou rezoud pwoblèm yon an enterè tout moun.

Rezoud pwoblèm sann pa touye, mande non sèlman pou n' jete ide sa men pou n' fè yon angajman pwodiktif ak yon chanjman pou rive satisfè bezwen yo. Sa vle di yon angajman san pwoblèm pou n' ka elimine gè ak zam yo, elimine povrete, fè parèt ide san vyolans dwa ak responsabliite moun, fè pwomosyon pou ka gen yon environman dirab, ak sipò nan jan n'ap rezoud pwoblèm ijan chèche konnen bezwen tout moun ak rele moun ki ka kreye bagay ki p'ap fini k'it se yon endividi osinon nan tout mond lan.

Yon parèy ajanda ka sanble pa ka reyalize. Men li kite l' pou nou ak kèk lide nan epòk sa ki gen bon eksperyans pratik nan domèn politik ak sosyete sivil la (nan fè parèt preyokipasyon moun ansyen yo nan nouvel aj modyal la). Li enpòtan anpil pou politilòg yo note preske chak gran konferans nasyonzini osinon lòt moun fè sou kouman pou rezoud pwoblèm mande ak tout pèp pou ka genyen sa yo rele « volonte politik » pou rive ak yon chanjman nesèsè. Apèl yo lanse non sèlman ak goudenman yo, men tou ak tout sous aksyon koperatif pou rezoud pwoblèm : pati politik òganizasyon non gouvènman, koperasyon sendika, inivèsite, laprès, relijyon ak mond a yo. Santiman ijans ap ogmante toutan pwoblèm nan mond lan ki menase lavi, epi piplis mond lan ap vin konsyan piplis konsekans ki ka genyen lè n' pa fè aksyon kounye a. sa vin ajoute ak kreyasyon anbann ak yon pakèt zam, ak ogmantasyon moun nan mond lan e sak fè ekonomi ap fini andan oswa ant nasyon yo, ki menase pou fè eksploze limit materyèl ak sykolojik tolerans, kòz eksplwatasyon endividyèl ak agrikòl sann pa fè atansyon ak lanati, ki menase lavi, epi lè n' pa onore ak sa fanm yo mande, pèp endigèn yo, ti gwoup moun y'ap maltrete yo, ak anpakèt pèp k'ap chèche konnen ki yès yo ye ak dwa pou rive nan kalite vi ki bon pou moun - tankou Federico Mayor, direktè jeneral UNESCO konnen plis nan zafè mond lan- tankou jan mond lan ye nan yon ide yon sèl eta nasyon- n'ap viv yon epòk ki ijan « pa tren-tren kotidyen » (Mayor 1995 : 83-93). Èske ijans piti pou syans politik yo ?

Pa touye ak dezameman

Lè gen pwoblèm pou n' rezoud mouvman san vyolans yo parèt pou fè fas ak envansyon akademik syans politik yo. Se lavi politik nan mond jounen jodi a ki responsab. Syans politik yo ta dwe pran angajman pou rezoud yon denyè rapò premye sesyon espesyal asanbla jeneral l'ONU sou dezameman an (asanble jeneral ONU 1978) ki mande yon « dezameman jeneral epi total sou bon kontwòl entènasyonal » bay yon defi nan fè aksyon ki la pou rezoud pwoblèm yo san difikilte. 159 eta nan akò - san patisipasyon alban - te wè nesèsite pou abolisyon tout zam nikleyè yo ; pou fini ak tout zam biyochimik ak tout lòt zam k'ap detwi moun pa pakèt ; pou fè tout baz militè yo rantrè lakay yo ; redwi fòs lame yo pou defann fontye yo ; redwi lòt zam ki pa ni nikleyè ni biyochimik ni chimik ; epi fini ak « gwo gaspiyaj » nan depans militè nan mond lan, nan detounman resous materyèl ak sa ki gen rapò ak lavi moun pou mete yo nan sèvis bezwen ekonomik ak sosyal peyi ki yon tijan devlope yo. Epi gen anpil lòt pwopozisyon ki konsène yo. Yon apèl klasik eta kote vyolans repete anpil yo fè nan aksyon ki pa gen vyolans pou chanjman a, bliye pi fò etidyan nan syans politik yo.

Syans politik k'ap anpeche moun touye moun an pa kapab rete deyò tout efò k'ap fèt pou apiye inisyatif sosyete sivil la ak goudenman ki vini ak yon evolusyon pou gen yon sosyete san zam nou kapab site pami efò sa yo : kapay pou ramase zam nan men yo, zam daso, min antipèsonel, ak trafik zam ; rive gen zòn ak vilaj ak vil lapè nan san zam, nan vilaj yo ak vil yo lòt reyon nan mond lan san zam nikleyè.

Pa touye ak anpechman ekonomi

« Manifès la » senkanntwa loreya pri nobèl chimi ak fizik pou bloke sa yo rele yon « olokos » mondyal sou lanmò yo te ka evite, nan manke mwayen ekonomik (moun ki genyen pri nobel 1981 yo: 61-3) 10 ki mande yon lòt apèl klasik nan aksyon pou rezoud pwoblèm yo yo declare: « tout moun ka denonse ak konbat olokos sa sakrifis sa reyini ansanm pou di kòz trajedi sa a se kòz politik yo ye. »

Li enpòtan pou sitwayen ak politisyen yo chwazi epi vote nan nivo chak moun, nan eleksyon, nan palman, anndan gouvènman yo ak nan nivo entènasyonal, lòt mezi ki fèt pou pran imedyatman nan angajman pou sove tout milya moun k'ap mouri ak malnitrisyon yo, ak soudeylopman, ak kèk santèn milyon lòt moun nan chak jenerasyon k'ap mouri ak grangou (62).

Fè wè « nesesite pou sove tout moun k'ap viv yo, pa touye, epi pa masakre, pa menm sak pa an mouvman, s'ak pa annaksyon osinon s'ap pa gen diferans », y'ap kouri pou yon revolisyon ekonomik pou yon transfòmasyon ki pa gen vyolans.

Menm lè sa yo ki pi pwisan nan mond lan gen pi plis responsab, yo pa pou kont yo. Si pwisan yo pran desten yo an men, si yon pakèt moun refize obeyi ak tout lwa ki pa dwa fondamantal, kote sa ki pi fondamantal la se dwa pou gen lavi, se sa ki fè fèb yo òganize yo epi itilize zam pisan yo genyen yo pa itilize fasil selon egzanp Gandhi (enfaz ajoute) adopte pi enpoze objektif limit ak sifi: si bagay sa yo rive, se sèten nou kapab, nan tan pa nou an, fini ak katastròf sa a (63).

Li fini pou di: « moman pou aji a rive, moman pou kreyen a rive a rive, moman pou viv yon manyè mou n' l'bay lavi ak lòt yo rive ».

Inikite, anpil moun, ak militè k'ap aji ansanm pou fè ogmante lanmò ekonomik. Nan lane 1999, bank mondyal te estime genyen jouka 1.5 milyon moun k'ap viv nan kondisyon « povrete absolè », yo ka genyen chak jou pou pipiti \$ 1, aloske gen 3 milya lot ki genyen pou pipiti \$ 2 chak jou. Selon sa yo estime Sèlman nan peyi lend genyen 300 ak 400 milyon moun ki pòv depi nan fen lane 1980 (bank mondyal 1999). Inegalite yo ogmante youn dèyè lòt nan zafè sa moun ap genyen. Tankou jan Tariq Husain Bank mondyal te rezime l' jen 1997, pou 160 jen lidè ki t'ap patisipe nan premye pwogram akademik lidèship entènasyonal inivèsite nasyonzi yo.

Nan mitan ane 1990 yo, mond lan... te plis polarize pase lane 1980... 20 % ki pi pòv nan mond lan te wè pati pa yon an revni mond lan te tonbe sòti nan 2,3 % pou rive nan 1,4 % pandan 30 dènye lane yo. Olokos pati sa ki pi rich yo te òganize nan revni mond lan sòti nan 70 % pou rive nan 80 %. Ki donk, rasyo pati sa ki pi rich yo ak sa ki pi pòv yo te double soti nan 30: 1 pou rive nan 61:1... mete ansanm byen 360 milyadè mond lan depase kounye a revni anyèl ansanm peyi ki genyen 45 % pèp sou tè a (Hussain 1997:13).

James D, Wolfensohn, prezidan bank mondyal ak Mahatma Gandhi di ansanm zafè inegalite a Mennen vyolans. Prezidan an obsève: « inegalite a bay enstabilite, povrete a bay lagè » Husain 1997:6 tandiske Mahamat avèti: « yon sistèm gouvènman san vyolans se yo ide ki enposib depi gen danje k'ap pesiste ant moun ki rich ak moun ki pòv yo... yo revolisyon ki gen vyolans ak kote anpil san ap koule se yon atitid yon vwa riches yo bay yo epi deside pataje yo pou byen tout moun » (èy Complèt, 75 (1941):

158). Mete ansanm ide prezidan an ak Mahamat yo, yon jen travayèz ameriken pou lapè, Betsy Duren, « ki pataje anpil nan richès li te genyen yo, declare: sèl mwayen pou n' rive nan yon pè ki p'ap janm fini se ta redistribiye richès yo. Povrete, lagè, ak soufrans vin egziste akòz gen moun ki gen anpil richès ki kenbe yo byen di » (Mogil et Slepian 1992: 100). Ide prezidan an ak Mahamat yo ak jen ameriken an, fè anpil pale ak analiz aristòt ki la depi nan lane 2,300 zan sou rapò ki genyen ant inegalite ak lanmò.

Sa ki pi bon pou n' kenbe se tout moun ki lan pouvwa a, kit se anpil moun oswa branch nan gouvènman yo, oswa tribi yo, owa sa ou vle, pipiti oswa gran, tout sa yo ki kòz troup ki Mennen n' nan revolisyon. Yo kapab fè l' endirèkteman, alòske gen lòt, jalou pou pouvwa, kòmanse yon revolisyon, men tou endirèkteman lè yo menm santi yo siperyè yo pa ka kontante pou yo rete egal ak lòt yo (Aristote 1962: 199)

Kwasans demografik rapid nan mond lan soti nan 2.5 milyon nan lane 1950 vin yon chif yo estime ki se 6.1 milya nan lane 2000 k'ap 8.9 milya nan lane 2050, vin yon defi pou angajman nan zafè rezoud pwoblèm yo. Selon prediksyon, peyi ki gen plis moun nan mond lan nan lane 2050 se t'ap lend ak (1,529,000,000), chin (1,478,000,000), lèzetazini (349,000,000), pakistan (345,000,000), ak endonezi (321,000,000). Selon analiz Lester R. Brown ak kòlèg li yo ki nan enstiti WorldWatch, òganizasyon san gad dèyè pou pipiti 80 milyon moun chak ane a bay anpil egzijans ki menen nou nan gwo katastwòf nan kapasite tè a genyen pou l' sipòte lavi. Founisman nan dlo, pwodiksyon sereyal, enègi, tè ki ka kiltive yo, forè yo, biyodivèsite, chanjman klima a, maladi yo, moun k'ap vin rete nan vil yo, lojman, edikasyon, travay ak konfli anndan osinon ant peyi yo, konte pami 19 domèn preyokipasyon k'ap menase n' (Brown, Gardner, et Halweil 1999).

Metòd ansyen pou touye yo ka redwi moun k'ap fèl tankou lagè, jenosid, enfantisid, avtòan, men jan ak grangou ak laprès, tankou bagay nou pa remen, defi pou syans politik pa touye ou se ta kontribiye pou jwenn ak fè itilize solisyon ki p'ap touye. Sa mande pou n' respekte lavi moun ak yon environman ki bon pou l' viv nan ke teyori ak pratik nan rezoud anpil pwoblèm ekonomik.

Kèk lidè militè nan mond lan ki pi selèb, ki pwofwasyonèl nan touye, dwe fè yon gwo prèv nan sa ki gen pou wè ak nesosite pou retire zafè ekonomik anba kontwòl militè. Youn nan jeneral 2èm gè mondyal la ki te vini prezidan Etazini, Dwight D. Eisenhower (1953 – 1961). Okenn pasifis pat ale pi lwen tankou l' nan analiz toukout ak pwisan nexus fè ant angajman pou touye ak vyolans estriktirèl ekonomik.

Chak fizi yo fè, chak bato lagè yo inogire, chak rokèt yo tire, vle di, nan yon sans final yon vòl ak tout sa yo ki grangou epi ki pa jwenn manje ak tou sa yo ki frèt ki pa jwenn rad. Mond zam sa pa depanse Sèlman lajan. Yo itilize fòs travay yo yo sèvi ak swè travayè yo, gen zòm syans yo, espwa timoun yo... se pa ditou yon fason pou n' viv nan yon kwa en fè (Adrès Sosyete Amerikèn nan Newspaper Editors, 16 avril 1953).

Youn nan rezon ki fè limanite « ap pote yon kwa » se « vòl » nan kantite lajan ki depanse nan zam nikleyè nan peyi Etazini sòti nan lane 1940 pou rive nan lane 1996 kalkile an 5.821 trilyon dola Schawrtz 1998). Se la yon egzanzp « gwo gaspiyay » nan depans militè mondyal, nan lane 1990, ki te represante pou pipiti « plis pase \$ 500 milya » chak ane (Sivard 1996 : 7). Syans politik ki chita sou san fè vyolans mande pou aksepte anpechman ekonomi yo ki kenbe anba men militè nan mond lan. Yo dwe

aksepte pou konstwi yon angajman pou libere mond lan anba « kwa fè sa a » pou fini ak « olokos » povrete.

Dwa epi responsabilite ki p'ap touye moun

Deklarasyon inivèsèl dwa moun an nan lane 1948 ak konvansyon sivik ak politik, sosyal ak ekonomi, aplikasyon aprè, lance yon defi ki explike engajeman poun ka rezoud pwoblèm yo. Tout politològ ta dwe konnen mamman tèks la ak tout sitwayen anjeneral. Sa depann jan yo defini dwa moun ki fè anpil deba nan sa ou wè ak inivèsalite ak opozisyon espesifik nan zafè kiltirèl, ak syans politik ki pa kwè nan touye yo angaje pou di ak defann mwayen san vyolans yo. Pi byen ankò, li tabli bi pou jwenn rekonesans inivèsèl dwa pou n' pa touye ak responsabilite pou n' pa touye lòt yo, epi fè aplike dwa sa yo. Yon mannyè pou n'rive se ta chèche mete nan deklarasyon inivèsèl la ak nan pratik mondyal dispozisyon sa yo :

Atik 3 (2) chak moun gen dwa pou pa touye epi responsabilite pou pa touye lòt

Syans politik ki chita sou pa touye a gen yon defi pou l' angaje resous li yo nan rechèch, fòmasyon, konsiltasyon ak aksyon pou apiye endividi ak òganizasyon yo k'ap chèche pwoteksyon ak fè mache dwa moun nan tout nivo. Tankou pwogram pou mete fen sou tout fòm vyolans kont fanm ak tifi fè nan konferans fanm yo nan Beijing nan lane 1995 prezante yon ajanda ki gen anpil fòs pou angajman nan aplikasyon n' (Nasyonzini 1996).

Defans san vyolans dwa moun, nan kad amnesty entènasyonal ki fèt nan lane 1961, se yon lòt defi pou angajman syans politik yo. Travay òganizasyon sa chita sou prensip deklarasyon inivèsèl dwa moun tankou « pèsòn pa gen dwa maltrete okenn moun ak yon tretman osinon pinisyon kriyèl, envivab osinon degrade l' » (atik 5) ; « ou pa ka arete pèsòn moun, ni mete l' nan prison oswa fèl pran egzil san prèv » (atik 9) ; ak « tout moun gen dwa pou yo pale san pwoblèm ak chèche jwenn epi kominike enfòmasyon ak ide yo nan nenpòt peyi » (atik 18). Amnesty entènasyonal ap chèche pou l' aboli nan nivo modyal pen lanmò ak maltrete moun, jijman jis pou tout moun, ak liberasyon rapid tout prizonye ki pat angaje yo nan vyolans ni k'ap di tou pou fèl. Metòd sa yo mande tout fom aksyon politik san vyolans.

Travay organizasyon nasyon ak pèp ki pa reprezante yo (un represented nations and peoples organizasyon – ONPO), fonde nan lane 1991, ta dwe jwenn apwi engajeman syans politik yo, ant lòt demach nan zafè dwa moun. UNPO ap chèche senkant lòt pèp endigèn nan senk kontinan an. Mamb ki siyen yon an yon kovansyon UNPO an anvizaje « pwomosyon san vyolans ak jete zafè teyoris lan tankou enstriman politik » UNPO mande ak tout « gouvènman, òganizasyon entènasyonal, ONG ak lidè politik yo responsabilite pou yo adopte politik ki klè ak prensip pou diminye nivo moun k'ap fè vyolans ». Sa dwe mete ladann Rekonèt ak respekte dwa tout pèp yo epi minorite yo, sann pa teni kont de dimasyon yo, kilti yo oswa relijyon, konsidere seryezman bezwen yo epi fason pèp yo panse ak sa ki pipiti ki pa reprezante yo. Fè konnen epi kondane tout zak vyolans ki pa pwovoke ; ak gwo vyolasyon dwa moun ki fèt kont pèp ak pipiti ki pa reprezante yo ; rekonèt lejitimite mouvman oswa gouvènman ki itilize mwayen pasifik ak demokratik pou abouti ak objektif yo angaje n' nan dyalòg ouvèt epi sensè ak tout mouvman sa yo ak gouvènman yo epi rekopanse yo pou patisipasyon nan san vyolans ; enkouraje ak bay

sipò aktif nan rezoud konfli nan lapè nan mitan gouvènman eta yo ak nasyon yo, pèp ak sa ki pipiti yo sou sa yo kwè yo gen otorite.

Pi byen ankò, UNPO mande ak koporasyon ak enstitisyon k'ap finance pou mete fen nan explatasyon vyolant resous pèp yo bezwen pou yo viv; ak pou sispan nan bay vyoans an jarèt nan vann zam ak vann vylans lan nan laprès ak nan pwodwi l' yo. (9) angajman nan politik san vyolans pou pèp ki te sibi jenosid, etnosid ak ekosid ; poze yo gwo defi pou syans politik ki pa nan touye nan bay sipo l' len gade kantite pèp endigèn yo epi minorite nan mond lane pi bezwen yon an zafè identite kantite manb UNPO yo kapab depase eta manb nasyozini yo.

Pa touye ak dirabilite ekolojik

Syans politik ki chita sou pa touye moun an nan konba pou l' libere limanite nan kondisyon lanmò ekolojik. N'ap touye anvironman an epi anvironman ap touye nou tou. Pou nou gen yon sosyete kote moun p'ap touye moun, fòk nou gen yon anvironman kote moun ka viv.

Fen 20èm syèk la te make ak yon menas ki t'ap developpe pou montre kòman lòm ap detri kapasite pati ekòs terès la ak atmosfè ki la pou sipòte lavi. Endistriyalizasyon ak atak vyolan sou planèt la nan tan lagè patisipe nan devastasyon l'. Lwa fondamantal mond lan pou lanati ; 111 asanble jeneral Loni te adopte 28 oktòb 1982 a di ; « yo dwe sekirize lanati kont devastasyon lagè ak lot aktivite k'ap detri lanati a lakòz » (at. 1, seksyon 5). Pami tout lòt vyolasyon trajik yo : pwovokasyon chimik Etazini sou forè yo nan moman lagè vyetnam nan ; gwo dife Irak mete ak tout volonte yo sou min petròl yo pandan lagè nan Golf la. Syans politik k'ap travay pou anpeche moun touye moun nan dwe leve defi Barry Commoner manifeste a « si pou fè lapè ak planèt la, fòk nou travay pou gen lapè nan mitan tout moun k'ap viv ladan l' yo » (Commoner 1990 : 243).

Yon lòt defi Maurice F Strong, sekretè jeneral gran konferans nasyonzini sou anvironman ak developman ki te fèt Rio de Janeiro nan lane 1992 la, mande pou gen yon « eko-revolisyon ki la pou mete mond lan sou yon lòt chimen pou gen yon avni pi sèten, k'ap dire plis e moun ka fè plis konfyans » « lagè detri devlopman dirab » (prensip 24) epi « lapè, devlopman ak pwoteksyon anvironman depann yonn ak lòt epi pa kapab divize » (prensip 25). Anpil rèl nan aksyon pou rezoud pwoblèm yo al jwenn eta yo, gouvènman yo, sitwayen yo, fanm yo, jèn yo, ak tout pep endijen yo. Ladan yo nou kapab ajoute lame yo endistri milite yo, tout pwofesyonèl ki nan menm aktivite yo ; sendika travayè yo ak politilòg yo.

Menm jan ak tout lòt menas pou kontinye egziste e pou viv byen pwoblèm ekolojik yo konsène plizyè disiplin yo se pwoblèm tout mond lan. Resous syans politik genyen pou ede nan fè ak mete sou pye politik piblik yo dwe aplike nan lide pou pa touye. Obligasyon syantifik la gen pou wè ki menas anvironman yo li konprann trè byen epi mande yon aksyon rapid, pwoblèm ki mande rechèch ijan, kiyès ki pi ijan nan yo, e ki mwayen ki pi bon pou fè antre konesans syantifik yo lè y'ap pran desizyon pou pran chaj bezwen sosyete a. Gen yon modèl apwòch akademi Wayal Swedwaz syans yo (Academie Royale Suedoise des sciences) te prezante (1983 ; Sebek 1983).

Syans politik k'ap defann moun touye moun nan rantr nan swiv epi bay yon api espesyal ak endividi yo, òganizasyon yo ak mouveman sosyal ki rantr nan aksyon san vyolans pou rezoud pwoblèm anviwonmantal yo. Mouvman ekolojik k'ap fè pale deyo jounen joudi a ale nan mouvman Chipko nan vilajwa fanm yo « sove pye bwa yo » nan

peyi Lend (Weber 1989 ; Nautiyal 1996), yon mouvman anviwonmantal ak pati politik ekolojik parèt an almay, Die Grunen pase nan efò aksyon dirèk Green peace yo pou chanje politik piblik ak prive yo (Stephenson 1997).

Eritaj petra Karin Kelly a (1947-1992), youn nan moun ki te fonde pati elektoral, Die Grunen, prezantasyon syans politik ki baze sou anpeche moun touye moun nan yon ajanda pou rezoud pwoblèm pou 21èm syèk la. Aksyon l'ap mande pou yo poze a kouvri tout pwen kritik yo, dezameman nan koperasyon tout mond lan pou sove planèt la pase nan ekonomi ak nan dwa tout moun. Li mande pou yon « kilti mondyal nan responsabilite ekolojik la, e li apiye sou etablisman « prensip angajman ki gen ladan l' relasyon ekolojik ant tout peyi yo » Kelly, 1992 ; 76). Ansanm ak Tolstoï, Gandhi, Abdul Ghaffar Khan, ak Martin Luther King Jr, (Petra Kelly merite pou yo te konnen l' kounye a). Tout moun ta dwe konn Petra Kelly e nan tan k'ap vini yo y'ap vin konnen l' kòm yonn nan moun prensipal ki te kontribiyè nan konba pou gen yon mond ki pa gen vyolans nan 20èm syèk la epi lwen toujou (Kelly 1989 ; 1992 ; 1994 ; parkin 1994).

Pa touye moun ak tèt ansanm pou rezoud pwoblèm

Pote kole nan mouvman pou rezoud pwoblèm dwa tout moun, menm si se patisipasyon chak moun nan fason pa yo oswa patisipasyon tout kominote nan mond lan. Nou p'ap kapab rive jwenn ni sekirite, ni yon ekonomi pwospè, ni respè dwa moun, ni devlopman ekonomi, lòt kondisyon valab pou pwoteje vi moun si pa gen tèt ansanm nan respekte lavi nan mitan tout moun ki bezwen èd yo. Sa pa vle di syans politik la ap rive jwenn solisyon tout pwoblèm yo, l'ap kapab rive pran responsabilite pou ede nan mouvman tèt kole pou rezoud pwoblèm yo. Sa pa sou responsabilite rejim politik ki gen tout pouvwa anba men yo, menm moun ki pa vle mache nan menm lojik respekte solidarite libete yo. Apwòch pou defann moun touye moun patisipe nan fè moun divòse ak politik ki rete sou konfli ak konpetisyon pou gen non nan yon vyolans evidan oswa ki kache pou fè dènye jijman. Politik ki fonde sou s'ak pa gen rapò touye moun nan angaje l' pou kontinye louvri pòt rezolisyon pwoblèm nan tèt kole nan respè youn pou lòt pou fete souveni lavi. Nan yon moman kote vyolans ap domine epi divize, san vyolans ap travay ansanm. Se kòm sa syans politik ki fonde nan prensip pou anpeche moun touye moun nan ap chèche tabli relasyon trè pwòch ant gason ak fanm na relijyon, nan sivilizasyon, nan ras, etnisite, nan klas, nan kominote, nan eta, nan òganizasyon nasyonal ak transnasyonal ak nan gouvènman mondyal yo. Objektif la se pou rive rezoud pwoblèm san touye moun, san fè menas lanmò, pou tout moun ka rive byen. Retou entere ant disiplin ak disiplin, ak pwofesyon nan teyori ak pratik pou rezoud konfli nan chèche solisyon san pa gen moun ki pèdi, nan dyalòg, bay tout resous pou rann tach yo pi fasil. (Fisher et Ury 1981 ; Burton 1996).

Sou rechèch k'ap fèt yo, syans politik ki chita sou pa touye nan fè wout pou rive nan sosyete kote moun p'ap touye moun nan anpil eta ak nan sosyete sivil chita sou vyolans. Li rekonèt tout sa istwa montre sou devlopman demokrasi ki anndan sistèm politik modèn yo, men l'ap chèche tou solisyon pou pwoblèm vyolans nan konpòtman ak estrikti politik libral ak ekonomi mache a p'ap kapab jwenn solisyon pwoblèm yo yo menm sèl. Syans politik ki kwè nan anpeche san koule a rekonèt valè konstitisyon sitwayen yo tabli pou limite pouvwa k'ap toupi moun ; dispozisyon lwa ki regle keksyon dwa pou asire libète sitwayen ; itilite sistèm entitisyonèl pou mete nan menm nivo pouvwa egzekitif la, legislatif ak jidisyè detache yo ; ranplase lagè sivil ak

konpetisyon elektoral anndan pati yo ; ranplase sevis fonksyonè pwofesyonèl yo ; libete relijyon, libète pou moun di s'ak nan panse yo, ak nan laprès ; dwa pou moun vote yo dwe devlope menm jan pou tout moun (Finer 1997 ; Goldman 1990). Anplis, li idantifye epi fè chwa ant sitiyasyon ki posib anndan pouvwa militè ak polisye vyolan ki fè fondman sistèm yo epi ki kontribiye jan sa te konn fèt nan etablisman yo.

Yon apwòch pou anpeche moun touye moun fe wè kèk siy ki pa nòmal nan fonksyonmman ki fonde sou fòm sistèm pou pa satisfè bezwen moun, ki soti nan vyolans estriktirèl ak fizik menm nan demokrasi ki pi « avanse » yo. N'ap souliye kèk sousi kounyeya pandan n'ap pran egzanp lèzetazini : vyolans ak omisid nan mitan fanmiy ak nan lekòl ; dezespwa jen yo ki vin vizib anndan gang vyolan yo nan dwòg, ak nan swisid ; nan gere dwa politik ki la sèlman pou fè mal ; mefyans kit politik ak gouvenman ; ki sòti anpati yon kantite elektè ki p'ap pwodwi ; yo klas k'ap viv anba lòt pandan lontan nan mizè, gen pou piti (20%) popilasyon an, ki fè diferans nan move kalite nitrisyon, nan sante, kote yo rete (ladann l' nou jwenn moun sanabri yo) ; nan edikasyon, ak kote fanmiy yo pa entegre ; vòl ak zam, krim ki soti nan rankin ; diskriminasyon seksyèl ak rasyal ; yon klas siperyè ki alèz anpil te fèt yon lot fwa anko ak (20%) popilasyon an, ki fe plis riches, e ki vin asosye ak klas mwayen nan lide pou jwenn sekirite anba men lapolis pou evite prizon, pou evite gwo penalite, ak fòs militè, tout bagay sa yo akonpanye eritaj kiltirèl yon sosyete vyolan.

Peyi kote trè karakteristik yo pa two sanble ki pwòp ak yon eta e ak yon sosyete demokratik modèn yo sibi kèk fòm vyolans rapid ki fè yon sèl ak rèy ki gen anpil moun mouri san pran souf ak nan privasyon ekonomik ki sòti nan aksyon kriminèl fizik ak nan estrikti ki pa gen non. Nan tout sa yo nontre yo nou jwenn rezime tèks yo, vyolans fizik yo fè moun sibi, asasinan ki fèt sou elektè, jenosid etnosid, ak fòs oswa ak riz lame, teyoris, revolisyon lame ak kote mou nap mouri pa pil nan mankman ekonomik ki jwenn sipò leta.

Soti nan sipozisyon ki pran vyolans tankou fen ak mwayen pou rezoud pwoblèm ; pou syans politik ki la pou anpeche moun touye moun gen pou devwa pote kole pou amelyore dewoulman pou satisfè bezwen tout moun anndan ak ant sosyete ki pli zoomwen demokratik yo. Defi sou plan syantifik ak sou s'ak gen rapò ak moun yo pa piti. Men kounye ya li trè klè anpil kontribisyon pou chanjman enfòmasyon sou kapasite moun ; ki p'ap touye moun, alimentasyon ak nouvèl teknik lidè ak sitwayen demokratik yo sou s'ak gen rapò ak lanmò, rann pi fasil devlopman lòt enstitisyon ki la pou ede nan chanjman sa yo, syans politik la dwe pran trè klè angajman pou anpeche moun touye moun kòm premye pa nan sevis sosyete a. Li dwe mete zorèy li touprè pou tande bezwen tout moun ki pa satisfè yo, soti nan moun ki nan rejim mondyal la pase nan fanmiy lan.

Chapit 5

Konsekans travay enstitisyon yo

Sa nou rele enstitisyon nesesè yo se souvan enstitisyon nou abitye avèk yo, epi...nan zafè konstitisyon sosyal posiblite pi gran pase sa moun kap viv nan sosyete sa yo prè pou reyalize

Alexis de Tocqueville

Pwoblèm kap menase vi sou tè a te pwodwi ansanm, yo te afekte nou ansanm, fòk nou aji ansanm poun chanje yo

Petra K. Kelly

Ki travay enstitisyon ka'p evolye anndan syans politik la nan tabli yon sosyete kote moun pap touye. Kisa sa vle di pou moun ki angaje yo nan travay sa-a, pou oganizasyon ka'p evolye anndan disiplin sa-a, pou relasyon avek lot syans yo, ansanm ak tout enstitisyon ka'p goumen pou mete chita sosyete kote moun pap touye moun, soti nan kominote lokal jouk rive touché tout moun?

Enstitisyon yo se figi ki reprezante ansanm relasyon sosyal yo.

Istwa sivilizasyon se istwa kreyasyon enstitisyon. Kwayans bay gwoup anndan tanp, sinagog, legliz, ak moske. Nesesite patisipasyon politik bay pati politik, eleksyon, epitou palman. Nesesite kontwol sosyal, kreye la polis, tribinal epi prison. Lide fè la gè bay mwayen teknolojik pou batay nan lespas, nan lanmè ak sou tè. Nesesite rasanble kob pou lame ak fonksyonè leta bay biwokrasi (Finer 1997: 16-17, 20-21). Fabrike yon bonb atomic rasanble anpil resous nan yon pwojè Manatan. Pou rive dekouvri lòt espas se mobilizasyon lespri, syans, teknoloji, konpetans ak richès, tankou vwayaj navigatè Prens Amy nan 15è syèk ak pwjè Apolo sou lalin nan 20è syèk la.

Ki kalite chanjman anndan enstitisyon yo ki kapab kontribye nan syans politik yo pou taabli sosyete kote moun pap touye? Mete chita prensip pa touye lakay moun, mande chanjman nan enstitisyon yo menm jan teknoloji, komikasyon ak enfòmasyon pwopaje toupatou. Yon vizyon pa touye kapab kenbe oubyen entegre ansyen estrikti, tankou: jèfò pou entegre demokrasi patisipativ, group ki sanble, ras, klas, kesyon ki gen rapò ak anviwonman an nan tout domèn syans politik yo. Pou abouti ak kreasyon epi lòt estrikti nan enstitisyon tou nèt nan lide tabli sosyete moun pap touye.

Nou kwè li posib pou nou rive nan yon sosyete kote moun pap touye. Sa mande travay enstitisyon yon an domèn rechèch syantifik ak sosyal sou kesyon pa touye, san vyolans. Demokrasi fèt pou moun ki aprann fè l', ki ka dirije, epi motive pou fè sa. Konsa sosyete ak enstitisyon pa touye yo, se sosyete ki fèt ak moun ki pap touye. Sa

valab pou syans politik ki chita sou pa touye. Chak sosyete ap itilize estrateji pa yo, nan reveye konsyans pa touye lakay sitwayèn yo. Nesans, desten, entelijans, tromatis, konpasyon, similasyon ak meditasyon se bonjan wout pou rive nan yon sosyete kote pa gen touye.

Depatman pa touye nan syans politik

Menmsi espri pa touye dwe antre nan chak espesyalizasyon, brancha k asosyasyon ki deja egziste nan syans politik, sa pa anpeche, pou mete soup ye, yon nouvo depatman pa touye kòm prototip pou pote yon lòt estrikti ak sa kite deja la-a, epi kreye lòt branch nan inivèsite k'ap enèji nan mond lan.

Depatman an t'ap demare ak yon sèl vizyon: elimine touye ak menas pou touye ak tout lòt eleman ki mache ak touye, nan lavi sou tè a sa ap distenge l ak lòt branch an favè demokrasi liberal ki baze sou vyolans, sosyalis syantifik ki baze sou vyolans, oubyen lòd otorite ki baze sou vyolans. Depatman pa touye t'ap genyen menm vale yo tout. Se t'ap tou senpleman yon vale ki diferan.

Si nou derape ak aprantisaj nou genyen yo, sòti nan entrodiksyon pou rive jouk nan etid doktora, depatman ap chache klèman nouri karaktè, ak konpetans nesèsè yo pou rive nan sosyete ki pap touye yo epi rive gade yo.

Kat(4) domèn konpetans enpòtan: pou rechèch yo, pou edikasyon ak fòmasyon, pou aksyon ak pou refleksyon kritik ki esprime nan medya yo ak nan lavi chak jou. Etidyan debitan yo konfronte ak eritaj lanmò nan istwa moun epi envite pou leve defi elimine touye nan kondisyon moun, kòm politològ pwofesyonèl oubyen lidè k'ap sèvi sitwayen yo. Y'ap ba yo aprè konpreyansyon kapasite moun nan zafè kreyativite (Boorstin 1983; 1992; 1998), pou inovasyon politik (Finer 1997) ak pou vi yo nan sèvis lapè pou avansman diyite moun nan tout sektè nan lavi sosyal la. (Josephson 1985)

Lòt etap la se rive revize prensipaldefi epòk n'ap viv la, pou angaji nan rezolisyon pwoblèm yo (vyolans, ekonomi, dwa moun, anviwonman, koperasyon), enstitisyon politik yo ak pwosesis pou rezoud pwoblèm nan epòk nou an (nan nivo lokal, nasyonal, entènasyonal, mondyal) ak konesans ki fèt parèt yo, nan lojik ak prensip aksyon pa touye ki kapab kontribiye nan desizyon kounye a yo, pou kapab rive nan sosyete pa touye yon jou.

Yon lòt etap se rive ofri etidyan yo opòtinite pou etidye yon ansanm altènativ, men ki lye ak mòd angajman nan rezolisyon pwoblèm yo ak sèvis komite k'ap pèmèt teste ak mete ansanm enterè ak talan yo. Fòk yo mete konpetans pou rechèch yo, edikasyon fòmasyon, aksyon lidè sitwayen yo, ak evalyasyon politik kritik.

Sa pa nye egzistans pou ta gen lòt enterè ak konpetans. Men sa rekonèt tou lè 4 mòd angajman yo dwe pouswiv nòmalman, pou rive fasilite transfòmasyon sosyal san vyolans. Rekonesans ak koperasyon ant konpetans k'ap soutni youn lòt, modèl atizan nan vil ak ekip nan chanpiona. Avèk preparasyon sa-a prochèn etap la se ap antreprann projè endividyèl yo oubyen gwoup pou angaje konpetans ki apropiye nan rechèch yo, edikasyon, aksyon ak refleksyon kritik pou kreye lòt altènativ ak vyolans fizik, vyolans estriktirèl, vyolans dwa moun, degradasyon anviwonman ak antagonis ki derape ak vyolans ki anpeche koperasyon pou rezoud pwoblèm yo. Pwojè sa yo kapab vize kondisyon lokal yo, nasyonl yo, entènasyonal yo, oubyen mondyalyo. Rezilta projè sa yo, ap prezante sou fòm tèz gradiasyon, sezi nan yon bank memwa depatmantal epi pibliye sou w.w.w pou kapab ede pran desizyon nan nivo endividyèl ak sosyetal.

Diplôme yo ap fè karyè nan fonksyon piblik oubyen nan sosyete sivil (wè enstitisyon ki anba yo ki gen rapò), yo kapab chache yon fòmasyon avanse nan syans politik ki baze sou sa ki pap touye. Nan program metriz ak doktora ki gen rapò ak li, antre nan filyè investigasyon nan syans politik (Apendis B,C) oubyen enterese ak lòt disiplin ak vokasyon.

Depatman ki pap touye a, li klèman oryante pa sèvis ak vokasyon. Karakteristik yo se avansman k'ap kapte konesans ak konpetans sòti nan etid entrodiksyon avanse nan doktora. Kandida yo ki enskri nan diplòm ak fakilte yo se mòd tounèf nan tout nivo ki reprezante enterè ki pa sanble nan chèche fason pou fè angajman pase nan reyalize mwayen pou rezoud pwoblèm.

Depatman fasilite relasyon nan bay bourad youn lòt anrapò ak dekouvèt konesans tounèf, jan pou sèvi avèk yon an edikasyon ak fòmasyon, epi fason pou aplike yon an rezoud pwoblèm sosyete. Diskou ak modèl rezolisyon konfli depatman kenbe miltipye egzanp sou karakteristik sosyete pa touye. Dispozisyon pran pou fè rapèl san rele pandan tout karyè gradye yo,sa pèmèt mezire nivo bezwen epi idantifye yo nan rechèch, epi kontribye nan fòm etidyan yo fè fas ak enprevi.Lidè kominotè ki gen eksperyans ak kòlèg yon nan lòt disiplin pran randevou ansanm pou mete kreyativite kolejyal la.Konesans ak konpetans yo sou kesyon pou touye inivèsèl;depatman an chache talan toupatou,patisipasyon dirèk, atravè sistèm kominikasyon enfòmatic, elatriye.Kominote local se kontèks fonksyonèl kote pwoblèm ki ap frappe tout moun kapab jwenn solisyon.

Shanti Sena(Kò Lapè)Inivèsitè

Antre nan sosyete pa touye yo mande kreyasyon yon kò sèvis san vyolan nan kominote etidyan yo menm jan ak fòmasyon militè yo bay oubyen yo egzije nan plizie inivèsite ak fakilte nan mond la.Reskonsablite lidèchip la ta kapab kenbe pa yon depatman syans politik,men manm yo ta dwe sòti nan tout disiplin yo.

Shanti Sena a,oubyen nenpòt non ou ta bali,se yon fòs ki gen disiplin, ki kapab idantifye,kote manm yo jwenn fòmasyon pou rezoud konfli san vyolans, pou rekonsilyasyon sekirite kominotè ak defans sivil,....,sekou nan dezast ak sèvis pou reponn ak bezwen kominotè yo.Patisipasyon an vini pou konplete travay akademik kap alimante karaktè ak konpetans lidèchip yo.Li konstwi avèk enspirasyon selebrasyon vi tout konfasyon relijyez yo,mizik,espò,ak satisfasyon sèvis pou lòt. Shanti Sena a kapab la pou sèvi nan tan ki gen kriz nan kanpis ak deyò,li kapab sèvi kòm talan lidèchip pou lòt enstitisyon sosyal.Li kapab tou resevwa finansman ak api ki pa fin twò kòrèk menm jan ak sa ki sèvi kòm fòmasyon nan sèvis militè.Li kapab tou adapte pou edisyon pre inivèsitè.Travay pwofesè N.Radhakrishnan 1997 a 1997b) Se you sous valab kòm eksperyans pratik pou òganize yon Shanti-Sena nan enstitisyon edikatif yo. Ou kapab ajoute sou sa,prensip ak pratik fòmasyon ki sòti nan Khudai khidmatgars(Sèvitè Bondye vyolan liberasyon peyi Lend kòmanse nan ane 1930 pou rive nan ane 1947 (Banerju 2000 : 73-102),ak mouvman Kin pou chanjman sivil san vyolan (Lafayette ak Jehnsen 1995 ; 1996), ak lòt eksperyans fòmasyon san vyolan (Lig Rezistan ak Lagè,1989).

Inivèsite ki pap touye

Pou rive nan sosyete ki pap touye yo sa mande pou fè revolusyon nan kesyon konesans ak konpetans yo,sa depase yon disiplin oubyen yon branch nan

inivèsite. Konsa trasnfòmasyon ki dwe mennen nan syans politik ki chita sou pa touye ,syans politik yo vle di, an menm tan, mande epi satisfè kontribisyon tout syans sosyal, syans natirèl. Fòk gen inivèsite kap travay pou tabli sosyete pa touye anndan kominote lokal, nasyonal, entènasyonal ak mondyal yo.

Gen prèv inivèsite yo ka mobilize tout resous entèlektyèl ak imèn nan kondisyon lanmò nan tan la gè. Nan yon deklarasyon prezidan inivèsite Havard la, James B. Constant, nan dat 18 jen 1942. Li di : <<N ap mobilize kounya resous ansyen sosyete akademisyen yo pou rive pi vit kote pisans aks yo ap tonbe san kondisyon>>. Depi lè sa a yo rekonèt Havard sou non <<Arsenal de Conant>> nan sans kore la gè a fè parèt yon nouvel fòm lavi nan enstitisyon an. Jenn etidyan nan syans fizik Avad jwenn djòb pou kolabore sou projè ant disiplin tòp sekre bonm atomik las alamos la, nan <<Nouvo Meksik>>. Jan yon moun te repete sa, se kòm si, <<Se tankou yon itopi syantifik... Yon sosyete ki mete chita ansanm tout gwo sèvo l yo pou chanje lide san patipri, sang ad sou laj ni pozisyon akademik ni sou sa yo te fè anvan >> (Harvard Magazine sept.-oct. 1995, kouvèti ; 32,43) konsa nap mande èske inivèsite ansyen ak nouvo yo pa dwe foute men yo nan travay san pèdi tan tan pou elimine lagè ak tout kondisyon lanmò ki menase lavi ak byenèt moun ? Atitid inivèsite yo pou mete sou kote kou, pwogram osinon branch <<Nan etid lapè>> osinon mete <<San vyolans>> Kòm tèm santral nan pwogram inivèsite ki finanse avèk anpil milyon dola nan pwogram sou <<etik >> osinon <<Valè>> yo – Fòmè yon baz pou mezire pwogrènan lavni pou pa touye nan ansèyman siperyè.

Pati politik ki pa pouye

Syans politik aplike ki chita sou pa touye, mande pou gen pati politik ki pa pou touye pou bay solisyon pwoblèm kap debouche sou byenèt tout moun. Tèm referans pou deziye pati sa yo, se pati politik Ahimsa Sarvodaya (Ahimsa, san vyolans, sarvodaya byenèt tout moun). Pati politik sa yo kap orijinal nan non, konsèp, nan òganizasyon kap pran nesans nan kondisyon soyo kiltirèl espesifik.

Travay pati politik yo se rive nan sosyete san touye, sou plan loka lak mondyal, yo pa sanble ditou ak pati nan tan anvan yo. Yo diferan ak ansyen pati yo paske yo pa chita sou klas sosyal men chache pito mete ansanm epi ekspri enterè tout moun. Konsa chak mou nap benefisye absans kondisyon lanmò ak tout sa ki mache avèk li yo, ak prezans kondisyon libète la jistis, epi byenèt materyèl nan lide pou pa touye. Nou ka atann ak pati prezans, pliziè pati ki nan konpetisyon nan zafè pa touye.

Patisipasyon nap tann nan pati ki pap touye yo.

Nan konpetisyon elektoral, fòmasyon politik piblik elatriye ak lòt aktivite yo, pran distans ak sa Gandhi entèdi nan patisipasyon politik dirèk. Dènye konsèy bay travayè ki pa vyolan yo nan mwa desanm 1947 se te paf è politik paske politik konwonpi (è v konplè, 90 :233-4) Si la yo ki travay pou yon sosyete san vyolans ta dwe angaje nan mitan sosyete sivil la pami moun kote bezwen yo pi enpòtan, kap enfliyanse pou lòt kote politisyen ak politik yo.

Lòt moun vin konwonpi epi pran anpil desizyon ki konsène taks plizyè milya dola, anpil milyon moun, ak tout aspè nan lavi sosyal la gen la dan l. La gè, sekirite, manje, rad, kay, sante edikasyon ekonomi, kilti, ak anviwonman-pandan aktivis non vyolan ak patizan l yo chache enfliyanse konwonpi yo ak sipòtèl yo pou yo fè byen. Sepandan fòk nou bay vizyon Gandhi a valè piske li te bay li te bay avètisman nan patisipasyon anvan lè l : <<Men sa ka rive yon moman kote Moun yo menm kapab santi epi di yo vle se

noua k pèsonn lòt moun ki pou egzèse pouvwa. Konsa kesyon an ta kapab anvizaje.>>(223).

Pati politik ki pap touye yo se enstitisyon ki la pou ede rive nan transfòmasyon sosyal pou rive nan pa touye.Natirèlman bon kondisyon ki pou fè enstitisyon sa yo monte pral chanje anpil.Sa pap okenn kote menm kote pati ak antite yo dakò ak yo nan sosyete a.Pati politik ki pa touye yo kapab patisipe nan sa ki mennen nan sakrifis pou kontribye ak pwosesis epi politik ki reponn ak bezwen tout moun Nap site kòm egzanzp kèk sijè kifè aktyalite, sa ki fè parèt misyon ak anpil degou,pou konbine nouvo konesans,nouvo konpetans, nouvo fòm òganizasyon ak nouvo politik pou rezoud vrèman pwoblèm yo: kèk ladan yo: avòtman, gwo pinisyon konskripsyon, la gè, revolusyon ak zam, teworis, jenosid,kriminalite,vyolans sosyal,vyolans kiltirèl, dezamemam ak demilitarizasyon ekonomik. Sepandan, nou kapab fè pwogre nan kreyativite kouraj, solidarite mondyal ak anpil pwosesis aprantisaj sosyal.

Yon Depatman San vyolans nan fonksyon piblik

Anpil departman san vyolans gen reskonsablite ministeryèl nesèsè nan tout nivo nan fonksyon piblik,travay yo genyen se pou fè monitorin kondisyon kominotè ki mare ak lojik nan analiz politik pa touye,pou sipòte fòmasyon pwofesyonèl pou anpeche ak reyalizasyon transfòmasyonèl aprè kondisyon lanmò,epi konseye sou politik piblik ki pral fasilite byenèt komite moun pa touye moun.Piske vyolans afekte yon fason negatif kalite lavi nan yon kominote,atansyon li bay ak fonksyon piblik merite yon nivo angajman egal ak atansyon li bay ak eliminasyon dechè oswa aprovizionman dlo potab.Yon departman san vyolans pral asosye estatistik sou vyolans ak rekòmansyon nan aksyon pou elimine vyolans ki sòti nan tou sous piblik ak prive.L ap prezante rapò peryodik sou sityasyon an,ak rekòmandasyon sou politik pa touye moun bay moun kap deside nan gouvènman ak manm nan sosyete sivil la kap jwe yon wòl ki sanble ak pa ajans endepandan k ap fè odit.Domèn ki mande pou byen chita sou yo se :omisid ak swisid, vyolans nan fanmi(Timoun,fanm,moun marye,granmoun) ;vyolans nan lekòl,vyolans kote moun ap travay,vyolans nan lapolis,vyolans nan prizon,vyolans nan laprès,vyolans nan domèn espò,vyolans nan ekonomi,vyolans militè,paramilitè ak geriya ;epi konsekans estrès tromatik aprè kondisyon lanmò sou asasen yo ak fanmi yo,fanmi viktim yo,sou kondisyon sosyete anjeneral.Rapò yo fè parèt klè pwen fò al pwen fèb kapasite sou transfòme san vyolans yo epi poze bon jan aksyon pou rezoud pwoblèm yo.Pwogre yo dwe parèt klè ak sa yo akòde nan monte desann ki gen nan bous la.nan rezilta espò oswa meteyo.

Enstitisyon pa touye yo pou sekirite tout moun

Pou pase nan sosyete pa touye,fòk gen anpil fòs sekirite tout moun kap garanti sekirite san touye,ki sanble lame ak lapolis tradisyonèl,pou operasyon proteksyon ak sèvis imanità anlè,nan lame ak sou tè.Fòs sa yo fòme pou mennen aksyon prevantif,bay repons ak kriz epi fè restorasyon-epi pou evalye efikasite aksyon yo.Lidèchip la ap sòti nan akademi non-vyolan ki egziste nan lame ak nan lapolis tradisyonèl oubyen nan nouvo akademi non-vyolan yo,ou jwenn fòmasyon ki vize entegrasyon tout moun epi yon espesyalizasyon pou tach espesifik yo.Shanti Sena inivèsite yo ap gen yon sous lidèchip.

Vizyon pou devlope fòs san vyolans yo pou sekirite tout moun, pa ta dwe pran avèk neglijan, lèn konsidere tandans aktyèl yo nan kèk kan militè ak lapolis nan sa ki gen rapò ak prevansyon vyolans, angajman operasyon pou gen lapè ak èd imanité akonpanye ak zam ki pa fèt pou lagè.

Itilite etid zam ki pa pou lanmò yo ak bon reyaksyon pou fòmasyon nan metòd san vyolans, pou rezoud konfli yo. Sekirite san vyolans pou tout moun mande angajman tout popilasyon yonan nivo lokal, nasyonal ak entènasyonal. Oganizasyon k'ap etidye nonvyolans ak Shanti Sena sivik ki santre kay moun yo, nan leòl yo, nan zòn ki gen kilt ak kote ki gen travay dwe fasilite sa pi plis sou kominote, sekirite tout moun, san touye, ki fèt nan rezo elektronik. Anpil modèl ki kapab adapte pou òganizasyon lokal sitwayen egziste deja nhan plizyè domèn. Serikite san vyolans mande tou anpil konsèy sekirite ak ajans entelijans ki pa vyolan ki menm nan nivo nasyonal ak transnasyonal, ansanm ak atache kiltirèl ki pa vyolan nan lokal diplomatik yo. Konsèy sekirite ki menm yo nesèsè nan repons ak politik pou leta nasyon ki gen tandans vyolan ak tout sa ki sanble kondisyon lanmò. Yon konsèy mondyal sekirite san vyolans nan nivo nasyonzini, pa egzanp ta kapab fòme avèk nasyon ki klase pami sa ki gen pi fèb endikatè kondisyon lanmò: pa gen zam nikleyè, pa gen lame, pa gen gwo pinisyon, ki gen pa anpil omisid, pa gen anpil trafik zam, elatriye. Fòk genyen ajans entelijans san vyolan kòtakòt avèk medya mas k'ap alète sitwayen yo pou detekte tout fòm kondisyon lanmò ak idantiye kapasite aksyon piblik kou prive yo nan transfòmasyon pou fè ekilib. Anpil espesyalis sanvyolans yo nan lokal diplomatik yo, yo nesèsè tou menm jan ak atache militè oubyen responsab relasyon ekonomik ki chita sou akò. Atache kiltirèl sanvyolans yo chache tabli pon pou dekouvri ak aprann youn lòt epi nan koperasyon ant tout sous byennèt sanvyolans ki egziste nan peyi orijin yo ak peyi kap akeyi yo. Kapasite entènèt nan nivo mondyal, promèt yon pataj ant sitwayen nan tout mond la nan zafè enfòmasyon sou sekirite ki gen kapasite pwodui aksyon san vyolans ki depann ak definisyon ki chita sou akò sityasyon ki nan gouvènman yo, kòporasyon yo oubyen laprès.

Ranfòsman konpetans pou fonksyon kote moun pa touye moun nan mitan òganizasyon gouvènmantral ak prive yo rele enstitisyon nan menm domèn yo pou fòmasyon sanvyolans. Petèt pou kòmanse tankou ak lòt konpozan epi ak sa ki probab pou fè bonjan ranplasman enstitisyon, fòmasyon nan sanvyolans nesèsè tankou lòt solisyon nan prepasyon lagè. Inivèsite defans nasyonal, akademi sèvis militè, akademi polis ak lekòl administrasyon piblik ansanm ak lòt lekòl fòmasyon pwofesyonèl nan sosyete sivil la ki asepte vyolans.

Enstitisyon pa touye nan mitan sosyete sivil

Posibilite sosyete sivil la genyen pou kontribiye nan kenbe ak kreyativite pa touye moun nan pa gen bout. Plizyè enstitisyon ki travay nan pa touye deja egziste. Nou bezwen kreye lòt enstitisyon patikilye kap evolye nan lòt domèn yo.

Konsèy espirityèl pa touye

Pou chak aspè nan sosyete a fòk gen konsèy espirityèl pou afime san pwoblèm respè lavi depi ou fèt jiskake ou mouri. Konsèy ant kwayans relijyon sa yo, ta dwe genyen konferansye relijye ak imanis nan tout kwayans yo epi filozofi ki tonbe dakò nan kontèks sa, ki ak anpil ankouraj kapab proklame epi mete ansanm pisans verite

tradisyon pa yo nan zafè pa touye. Konsèy sa yo tannkou lòt solisyon apolojis relijye ak layik vyolans, ofri yon sipò ki sòti jefò piblik ak prive-lokal nasyonal ak mondyal pou elimine lanmò nan kondisyon moun nan pran lide nan tout sous enspirasyon yo, konsèy espirityèl pa touye moun ka pote anpil kontribisyon nan ranfòsman konsyans pa touye moun nan limanite, nan fè apèl ak sitiyasyon cka moun ak chak sosyete.

Group konsiltasyon sou pa touye

Proup sa yo pran anpil ide nan resous mond lan. Group konsiltasyon yo epi konsèy pa touye moun nan nesèsè pou eden' jwenn lòt solisyon pou rezoud pwoblèm nan mitan ak nan chak sosyete.

Group sa yo dirèkteman oswa endirèkteman, bay tan yo pou ede tout sila yo kap chache anpeche san koule, sipann masak kap fèt yo epi kreye kondisyon estab pou rekonstriksyon ak rekonsilyasyon. Operasyon ekip konsiltasyon sa yo sou pa touye moun nan diferan ak pa nan negosyatè ki chita sou akò, ki jwenn sipò fòs lanmò oswa sanksyon ekonomik- oswa pa vwa inik konsyans moral- paske yo mete ansanm angajman nan kondisyon pou pa touye moun, anpil konpetans ak endepandans nan zafè kontwole leta vyolan ak tout sa ki ka bay lanmò yo. Enstitisyon sektè prive a finanse yo kapab ofri sèvis konsiltatif nan mete ansanm eksperyans yo, epi nan amelyore efikasite, nesèsè. Sèvis imanità ak rezoud konfli Quakers yo ofri yo, menm jan ak ajan relijyez ak sekou imanità bay premye egzanp pou yon tan ki pa twò lonn sou sa ki nesèsè.

Konsòsyòm pou rezoud pwoblèm ki travèse nasyon yo

Lè nou ajoute nan sa nou kapab rele enstitisyon politik pa touye moun nan anwo pou rive anba « tankou pati yo, depatman fonksyon piblik yo, epi enstitisyon sekirite pou tout moun ». Fòk gen konsòsyòm « anba tankou anwo » bay lòt fòs pisan pou n rive nan pa touye moun. Oganizasyon nasyon ak pèp ki pa reprezante yo se yon egzanp, (UNPO), yon pakèt pèp ki pa gen menm idantite angaje nan aksyon san vyolans pou rive enfluyans nasyonzini yo, gouvènman ak lòt enstitisyon pou rekonèt dwa tout moun. Amnesty international, GreenPeace ak internatinal FellowShip of Reconciliation (asosyasyon entènasyonal pou rekonsilyasyon) se lòt egzanp. Patisipan yo nan konsòsyòm pou pa touye moun nan pa oblije toujou dakò sou tout pozisyon manm yo ap defann, eksepte pou sa ki gen rapò ak eliminasyon pa touye nan kondisyon mond lan. Konsòsyòm sa yo dwe devlope andan antenwa pa touye a ak nan prensipal domèn pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak vyolans, ekonomi, dwa moun, anviwonman ak koperasyon. Yon pisan konsòsyòm mondyal sitwayen pou yon moun pa touye, yon patenarya fanm ak gason ta kapab parèt kòm fòs kap travay pou byenèt tout moun.

Enstitisyon fòmasyon pa touye

Plis gen konsyans kap pran nan sa ki konsène menas vyolan ak konstwi solisyon san vyolans, demand la ap ogmante pou fòmasyon nan teknik lidèchip san vyolans pou rezolisyon konfli san vyolans, ak chanjman sosyal san vyolans kenjièn, gandièn, boudis, kreytyèn ak layik. Bezwen yo ale kote mouvman sitwayen pou pwoblèm jistis sosyal, kote enstitisyon tankou lekòl yo, milye travay yo, lapolis, ak prizon yo. Fòk gen

enstitisyon nan sosyete sivil la pou ofri sitwayen yo yon fòmasyon sou non-vyolans, tankou pou tout lòt konpetans ak pou fòm epi sètifye fòmatede pwofesyonèl.

Sant k'ap etidye ak revitalize lidèchip pa touye

Fòk gen enstitisyon ki kapab adrese yo a lidè òganizasyon yo epi mouvman san vyolans nan peryòd revitalizasyon, refleksyon, ekriti, ak pataje eksperyans. Nan moman prizon oubyen ospitalizasyon se sèl poz, souvan yon lidè ki angaje kapab pran nan mouvman danjere pou lavi epi plen estrès pou rive nan chanjman sosyal san vyolans . Fòk gen yon ekivalans fonksyonèl volontè. Lè lidè yo te maltrete, koperasyon ak sant kap repare viktim yo enpòtan. Mete nan tout monn la, sant pou lidèchip san vyolans ki kapab ofri opòtinite nan zafè revitalizasyon espirityèl ak fizik, refleksyon otobiografik ak etid, dialòg yo nan diferan peyi ki eksperimante epi ki angaje yo nan prensip pa touye, ak refleksyon sou lòt etap kap vini. Sant sa yo kapab benefisye api sektè prive a tankou enstitisyon endepandan oubyen enstitisyon wot ki angaje yo nan transfòmasyon sosyal pa touye adopte yo.

Sant pou kreyativite ki gen rapò nan pa touye nan da yo

Fòk gen enstitisyon pou ankouraje kreyativite ki gen rapò pa touye nan A. Tankou nan sitasyon Tolstoi a, kote ekriyen swis Romain

Rolland reprann : <<A dwe elimine vyolans epi se sèl A ki kapab fèl>> (Rolland 1911 :203). Nan yon etid sou san vyolans nan pwezi Sherley, Art young, obsève: <<San vyolans plis pase yon sistèm panse politik :li se fondman pwezi ak lavi>>(1975 :165). Pandan n ap raple enpòtan mizik militè pou moral lame, yon maksim nan tradisyon kenjièn afime : <<Si ou pa yon chason ou gen mouvman>>(Young 1996 :161-184.)

Yon modèl enstitisyonèl ki sòti nan sant prive kap sipòte kominote kreyatif yo nan 7 A oubyen pami pent, poète ak ekriyen. se ofri opòtinite bay atis nan tout enspirasyon rasanble pou selebre kreyativite kap transfòme pa touye nan repons ak kondisyon lanmò. Pami A yo kote defi kreyativite kap transfòme pa touye kapab lanse, ou jwenn literati, poezi, penti, eskilti, mizik, dans, teyat, sinema, televizyon, fotografi, achitekti, kouti, ak A komèsyal media mas yo. Jwenn fason pou elimine vyolans se yon defi pou tout A . Yon lòt solisyon ki chita sou akò konvansyonèl pa touye kapab petèt kreye anpil detektif san vyolans k ap avèti, avèk mwayen konpetan, touye yo ak sisid anvan yo pi anrasinen. Fòs kreyativite nan A yo kapab remonte moral ak ensiste imajinasyon moun pou rive nan gwo angajman kap tann nou.

Pou rekonesans mondyal, mesèn yo ta dwe etabli pri pou kontribisyon pa touye nan A, ki te kap pi enpòtan pase ankourajman yap bay nan diferan pri nobèl yo.

Enstiti rechèch yo ak analiz politik pa touye. Menm jan enstiti prive yo etabli pou konseye gouvènman yo ak piblik anjeneral nan pwen politik entènasyonal, sekirite ak tout zafè nan vi politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl, enstiti politik pa touye yo nesèsè pou enfòmasyon ak analiz ki vize nan ede pran desizyon pou òganize yon nouvo òd sosyal. Yo kapab ogmante nivo angajman pou rezoud problèm syans politik pa touye yo nan domèn vyolans, ekonomik, dwa moun, anviwonman ak koperasyon. Yo kapab apiye efò, mete konsèy pati, enstiti sekirite pou tout moun, group konsiltasyon pa touye ak lòt enstitisyon pa touye nan sosyete sivil, ak founi enfòmasyon bay sitwayen yo.

Medya kominikasyon pa touye moun

Fòk medya kominikasyon pa touye moun nan bay enfòmasyon ak nouvèl epi fè kòmataè pou ede pran desizyon endividyèl nan nivo politik piblik. Sa pa vle di prèz la bliye kapasite moun genyen pou touye, men sa pral pi lwen ak mesaj prèz yo kote lide pa touye ap vin inevitab, souvan yo ka fè louanj oubyen kenbe l' pou l' pa febli. Desizyon editoryal prèz pa touye yo nan moman pasaj ki kapab reflekte lojik analiz politik pa touye. Sa vle di, mesaj yo ap plonje nan reyalyite vyolans yo; l'ap pote moun pran konsyans nan reyalyite non vyolan yo; prezante repòtaj sou pwosesis kap transfòme sikse yo ak rèv yo, ekspri aspirasyon pa touye yo nan A yo, syans limanite yo pwofesyon yo ak vokasyon lavi chak jou. Apròch sa genyen menm valè ak sa prèz ap kesyone sou lide kondisyon lanmò kap pèsiste epi kontribye san limit klè oubyen pa fin twò klè nan gade lespri nou fèmen nan yon pesimis vyolan. Yon prèz kap bay repons nesèsè nan journal ak magazin yo, radyo ak televizyon, nan fim yo, nan rezo enfòmatis enfòmasyon mond la. Politològ pa touye yo kapab mete yon sous komantè ak analiz.

Moniman pa touye moun

Pou rekeyi ak selebre eritaj pa touye nan sivilizasyon, fòk yo konstwi nan respè nan tout sosyete yo, moniman nan memwa endividi, gwoup yo, òganizasyon yo, ewo ak ewoyin ki pa rekonèt ak evennman yo. Memwa tout moun ki refize touye epi ki kontribye ak yon mach long nan sivilizasyon mondyal pa touye moun nan dwe onore. Sa pa vle di retire estati ak omniman mètriye venkè ak sa ki pa venkè yo nan listwa ki enstale toupatou sou planèt la- kòm yo raple kondisyon lanmò istorik. Men fòk gen moniman pa touye moun pou raple nou, toujou gen moun ki pwopoze lòt solisyon san vyolans ki vin yon obligasyon kounye a pou pèmèt limanit viv byen. Memwa figi relijyez yo, mati yo ki te di verite sou pouvwa vyolan, rezistan gè yo, eklèrè konsyans yo, opozan pèn lanmò yo poèt lapè yo, pil fanm ak pil gason ki pa rekonèt yo ki te opoze san vyolans ak enjistis nan prn risk prizon, maltrete ak lanmò dwe onore.

Zòn lapè san touye moun

Zòn lapè moun yo fè pati enstitisyon nan sosyete sivil enplike yo, ale nan òganizasyon nan kominote riral ak ibèn yo, akò nasyonal ak entènasyonal. Tant relijye yo, zòn lapè deklare- vilaj viktim yo pran ant revolisyone ame ak fòs kont revolisyone, zòn ekstansib lapè yo, mouvman pou sosyete san zam yo, efò sitwayen yopou reprann zòn rezidansyèlki te okipe ak gang epi kriminèl, ak trete entènasyonal pou tabli zòn san zam nikleyè, se siy kap anonse. Idanfikasyon, mete rezo ak entwodiksyon enstitisyon kap apiye pa touye nan zòn lapè yo pou api youn ak lòt ak difizyon poze yon gwo defi nan devlopman enstitisyonèl pa touye moun.

Antrepriz ekonomik pa touye moun

Si antrepriz gè yo ak kilti vyolans yo pwofitab pou kèk moun, menmsi yo pa fin nòmal pou anpil lòt, antrepriz pou byennèt pa touyeta dwe vin pi pwofitab pu tout moun. Avèk yon pèspektiv pa touye, avèk yon pèspektiv demann anvan pou materyèl ak byen sèvis rekreyasyon. Ak lòt solisyon rekreyativ, materyèl ak kilti ki pa vyolan yo, opòtinite antreprenarya pa touye yo pa gen limit. Youn nan fason pou kòmanse idanfye lòt solisyon yo se pwosede ak yon ivantè nan antrepriz yo kap sèvi vyolans, epi

anvizaje sa ki pa nan touye moun se ranplase jwèt gè yo pa jwèt lapè yo, kondisyon lanmò jwèt nideo yo avèk rapidite san vyolans ki egziste, endistri zam pa endistri dezameman, nouvèl ki sansib ka bay nan laprès yo sou evenman vyolan yo pa kreyasyon dramatik A pa touye yo, epi travay pou detwi pa travay pou amelyore kalite lavi. Anpil egzanp konvèsyon ekonomik pou ale nan san vyolans kap akonpye peryod kap demilitarize se yon eksperyans. Men pi lwen senp ranvèsman ekonomik, se chache idanfye bezwen reyèl moun yo nan pase nan sosyete pa touye yo, nan kontèk mondyal yo, ak kreye sèvis satisfè bezwen sa yo.

Sant pou san vyolans mondyal

Vizyon mond pa touye mande egzistans enstitisyon ki kapab fasilite pasj nan lepri pou entegre yo nòmalman, enstitisyon sa yo dwe gen rasin pwofon. Yo nan aspè pa touye nan tradisyon espirityèl ak kiltirèl mond lan, epi kapab ensite yon fason pou kreye resous syantifik mondyal yo, teknik yo, atistik yo ak enstitisyonèl yo pou ede limanite wè wout san vyolans pou libere l' ak kondisyon lanmò epi konsekans yo. Nan langaj enfòmasyon modèn yo, sant sa yo ta ka la pou ensite lespri kreyatif yo <<Soft Ware>> San vyolans ki kapab sèvi bezwen moun yo, sòti nan sèvis <<hard ware>> nan gouvènman ak enstitisyon sosyete sivil la. Sant sa yo, kapab efikas, dwe jwi yon endepandans maksimòm gouvènman ki mande vuyolans ak kontwòl avèk enterè prive mete sou kote. Yo dwe benefisyè mete sibstans ki kapab kenbe mesèn ki kapab kenbe mesèn ki visyon, nan kontribye ak mas yo ak lot mwayen yo. Yon sant pou san vyolans mondyal nan tout mond la gen pou pran pou objektif dekouvri ak ensite kreyativite moun, nan domèn tankou : san vyolans nan tradisyon espirityèl ak filozofik yo bio-newosyans ak san vyolans ; kominikasyon ak san vyolans ; ekonomi ak san vyolans ; syans yo teknoloji ak san vyolans ; san vyolans ak anviwonman ; voksyon yo ak san vyolans ; edisyon ak san vyolans ; san vyolans ak A yo ; san vyolans aki espò ; wòl lame ak polis nan chanjman san vyolan ; lidèchip san vyolan ak avni san vyolan moun.

Fè yon envantè resous kiltirèl san vyolan mondyal sou baz investigasyon ki santre nan nivo lokal nan chak peyi ak nan chak rejyon, se gwo tach istorik. Fòk gen pou sa yon investigasyon sou tradisyon istorik pa touye manifestasyon aktyèl pa touye ak pèspektiv kap vini. Agreje nan nivo mondyal, dekouvèt sa yo ap pèmèt moun konprann nan tout sans li, pou premye fwa, kisa ki kapasite moun pa touye, avèk ou kapab mezire pwogrè kap vini.

Sant pou san vyon vyolans mondyal yo ta dwe okipe ak yon sal sitiyasyon mondyal ladan l' reyalyte aktyèl yo nan zafè touye, menas touye, ak privasyon yo kapab lye ak resous kap transfòme pa touye ak fòs disponib pou limanite. Pandan nap konfwonte avèk fòs defi kondisyon lanmò, sant sa yo avèk pwogrè kap kreye konesans tankou yo montre l' pi wo yo, yo kapab pwopoze konbinezon resous espirityèl yo, syantifik yo, teknik, atistik, ak enstitisyonèl pou ede nan tach politik piblik, rechèch, ekadisyon ak fòmasyon ki reyalize pou transfòme tout moun nan lide pou kenbe lavi ak byenèt moun.

Enstitisyon pa touye moun yo nesèsè

Syans politik ki angaje nan travay pou rive ak sosyete pa touye se edike, envante aksyon ak enstitisyon ki sanble yo, pandan yap kòmanse avèk yo fòk gen enstitisyon pou afimasyon espirityèl ki respekte lavi pou ou rive dekouvri, entegrasyon ak pataj

konesans yo. Pou pran desizyon nan nivo politik piblik. Pou sekirite tout moun san vyolans. Pou byenèt ekonomik, ak pou selebre lavi nan tout A ak vokasyon.

Travay pou pasaj sa a, mande sant pou san vyolans global kap ede konprann ak fasilite repons nan bezwen pa touye pou tout moun. Fòs enstitisyon pa touye moun yo ap posib avèk moun kap sipòte youn lòt. Chak politològ ak chak moun, kapab yon sant pou san vyolans global pou pasaj nan yon sosyete pa touye.

Chapit 6

Syans politik global ki chita sou pa touye

Nap viv nan yon lòt epòk ansyen yo ak solisyon yo pa sifi ankò fòk nou gen lòt panse, lòt ide, lòt konsèp! Fòk nou debarase nou ak kamizòl fòs pase a.

Général Douglas McArthur.

Yon moun dwe genyen ase bon sans epi tou yon estrateji pou kraze chenn vyolans ak destriksiyon nan listwa.

Martin Luther king Junior

Tout eksperyans istorik konfime sètènman verite a – moun pa tap ka rive nan posib san yo pat gen epi ankò chache rive nan enposib.

Max Weber

Cak jou nou temwen fenomèn enposib yè ki transfòm an posib jodi a.

Mohandas K. Gandhi

Pou elimine kondisyon lanmò

Chache rezoud pwoblèm touye moun anndan sosyete yo se priyorite nou jodi a. nou pa dwe touye moun tankou kondisyon nou blije sibi. touye moun youn pa youn, pa pakèt, vin tounen yon maleng, kap detwi pwòp sosyete a. Yo te imajine touye ap libere, pwoteje epi fè gran nèg vin pi rich men li pote pito ensekirite, mizè ak chans pou efase la vi tout moun sou tè a. Craig Comstock rele kondisyon ki karakterize sosyete yo « maladi defann tèt » paske olye yo defann se touye moun se touye pwòp tèt yo (1971). Zam ki la pou pwoteje nan fwaye yo touye menm manm fanmi yo ankò, gad di kò touye menm prezidan yo ankò, lame yo rann pwòp pèp pa yo pi pòv epi vyole dwo yo, gwo zam nikleyè yo kreye pou menese pwòp envantè yo ak moun ki posede yo. Yon deklarasyon endepandans sou pa touye moun nan vyolans ki nan nou menm ak nan mitan sosyete nou yo nesèsè.

Pou rive konkretize rèv tout moun nan epòk kounye ki chita nan masakre moun, retire byen moun epi tromatis sykisosyal nou pa rive kalkile, ki parèt nan chak jenerasyon. Espwa limanite ya pandan de denye syèk la enskri nan blazon yo sou lwa revolisyon fransèz la – « libète, egalite, fratènite ». Touye pou libète se te eritaj revolisyon ameriken. Touye pou rann moun egal ego se te eritaj Ris ak Chinwa. Touye pou lapè se eritaj de syèk lagè, revolisyon ak kont revolisyon. Leson pou nou tire, nou pa ka rive nan libète tout bon vre, egalite, ak fratènite, lapè san nou pa retire tout sa ki

ka kreye lanmò. Kantite moun yo te sakrifye pou pi bon ak pou pi mal fè nou aprann leson sa a pi rapid.

Sa vle di bay piga ak chanje lide ki fè kwè disiplin akademik mondyal ki sòti nan syans politik, touye moun se yon bagay nou pa kchanje epi ki bon pou byenèt limanite. Sa vle di poze kesyon sou sa epi ranvèse youn nan gwo pisans sajès ki la lontan ak sa moun kwè nan politik kounye a. reasblans sa nou jwenn li nan ranvèse teori « plis louab » nan istwa medsin nan. Pandan anviron 17 siek anseyman filozòf Grèk Galien (130-200), ki te fè pale de li fè kwè pus ki te fèt bò kote gwo blese se te mwayen la nati te prevwa pou bay sante. Lister te poze kesyon nan yon dokiman seminal lansèt, « prensip antiseptik nan pratik chiriji » ki te abouti avek anpil pwoblèm, nan envisyon ak adopsyon antiseptik yo (Ackerknecht 19825 :77 ; Garrison 1929 : 116 ;589-90). Kwayans kif è kwè touye natirèl epi se pi bon zouti pou politik la se « teori pus louab » syans politik yo.

Si politològ yo, akademisyen k'ap reflechi sou fonksyon pouvwa politik andan fanmi rive nan batay ki mete dozado plizyè nasyon pa krante rasin istorik lide ki chita sou kondisyon lanmò, konsa poukisa nou ta dwe antann nou lidè politik y ak sitwayen yo kapab fè l'? sependan pandan tout istwa, pandan n'ap avanse nan epòk kounye a lidè ak sitwayen ki parèt san èd syans politik pou eseye klèman rive nan kondisyon libète, egalite ak lapè san moun pa touye moun. “destriksyon anpil zam “ 7000 peyizan doukhobors pasifis ki tap dfè rezistans lè yo tap rele moun pou fè sèvis militè nan peyi Risi nan lane 1895 te fè. (Rarasoff 1995:8-10), se yon egzantp.

Gen yon gwo diferans ant syans politik ki dakò lanmò ak politik tou nèf ki rejte lanmò. Nan 20èm syèk la eritaj Tolstoï Gandhi, Abdul Ghaffar, Khan, Martin Luther King jr ak Petra Kelly – ak anpil kouraj adopte presnip lidè tankou Dalai Lama, Aung San Suu Kyi ak Desmond Tutu – enspire epi jwenn sipò ero ak eroyin yo pat konnen ki rann posib lidèchep san vyolans ak sèvis li – se premye gwo siy pisans politik san touye pou lavni.

Eske politològ yo ap rete endiferan fas ak bon resilta sakrifis moun ak movman popilè yo – moun sa yo fèt nan vyolans, yo sibi soufrans rejim gwo ponyèt epi yon lè fòs kontrè yo leve kanpe debarase yo? Eske y'ap tann pou selebre ansanm ak tout moun demokrasi san pa gen touye oubyen tankou syans la medsin yo fè sa, eske syans politik yo ap konsantre yo nan trete maladi kondisyon lanmò nan sosyete yo, nan chache medikaman pou pote gerizon epi chanje la vi moun.

Tèz sou pouvwa prensip pa touye moun

Tèz liv sa devlope rekonèt enpòtans chanjman nan disiplin akademik syans politik yo ak nan wòl yo jwe nan sosyete yo pou rive konstwi sosyete mondyal pa touye yo. Nou sètan mete kanpe sosyete sa yo pase nan 7 prensip fondamantal. Pifò moun sou tè a pa touye moun. Eritaj espiyrityèl limanite lage nou an gen ladann kondisyon pa touye. Syans yo pale sou kapasite moun genyen pou pa touye. Politik piblik ka mennen nan pa touye tankou abolisyon pèn lanmò ak rekonèt konsyans moun pou refize fè sèvis militè, fè pati konstisyon tout peyi, menm sa ki kreye nan vyolans. Anpil enstitisyon sosyal ki chita sou prensip pa touye moun egziste, nan mete ansanm, konstitye gwo pa pou rive nan sosyete kote moun pap touye moun. Ranplase kondisyon lanmò revolusyon yo. Tradisyon yo chaje ak enspirasyon, eksperyans ki chita sou prensip pa touye nan tout monn sa a. finalman gason ak fanm tout koulè, tout kalite bay vi yo paske yo kwè nan posibilite klè ki genyen pou nou viv san rasin pa plante nan vyolans.

Enplikasyon pou Syans politik yo

Yo kwè tout moun biolojikman epi nan kondisyonman yo kapab touye olye pou yo pa touye. Obsèvasyon montre pifò moun pa janm touye epi gen tou divès enstitisyon sosyal ki chita sou prensip pa touye moun yo deja kreye, ki kapab sèvi tankou prototip sosyete kote moun pap touye moun, pi byen ankò, progrè syantifik kounye a ak sa y'ap tann bay anpil konesans pou elimine koz lanmò, pou ranfòse kòz pa touye moun, epi etabli bon kondisyon kote moun pap touye moun. Lè n' gade obsèvasyon sa yo lide ki fè kwè nou pa ka evite kondisyon lanmò nan disiplin akademik ki chita sou li an ak prensipal eleman nou dwe mete ansanm pou transfòmasyon poun rive nan pa touye moun parèt byen klè. Lespri(S1), bon jan anagajman pou pa touye ki sòti epi tout kwayans relijyez ak filozofik. Syans(S2), konesans nan tout A yo, syans ak pwofesyon ki gen rapò ak kòz touye epi transfòmasyon pou nou rive nan pa touye moun. Konpetans (S3), metòd endividyèl ak gwoup pou fè parèt lespri epi syans yo nan aksyon pou transfòme. Chanson (S4), enspirasyon mizik ak tout A ki nan syans yo ak pratik politik ki chita sou pa touye moun pa janm disparèt men tounen yon gwo pisans pou selebre lavi. Fòk nou mete ansanm ak rann pi efikas 4 eleman sa yo, nan sèvis pa yo : lidèchip(L) Konpetans sitwayen yo(C) monte enstitisyon yo (I) epi resous (R) ki bay sipò.

Nou ka rezime konbinezon sa yo konsa : S4XLCIR= Transfòmasyon mondyal poun rive nan pa touye moun. Lespri syans yo, konpetans ak chanson mete ansanm yon manyè kreyatif ak pwosesis kap satisfè bezwen lidèchip ak ranfòse povwa demokratik sitwayen, rann efikas ekspresyon enstitisyon ak angajman resous yo ki kapab ede n rive nan mond san touye.

Tewori ak rechèch

La perèz nan kondisyon touye moun mande dekouvèt syans politik nan yon lojik kat pati analiz politik ki kapab pote konesans nesèsè pou avèti fòs ki sòti nan touye moun sòti nan omisid jis pou rive nan destriksyon nikleyè vil nan pase nan jenosid jis pou etenn nèt lavi sou tout tè a ! Nan konsyans anpil syans politik touye moun dwe pase nan espas pou dakò ak vyolans nan mitan analiz yo ak nan rezoud pwoblèm yo. Sa mande poun konsantre tout efò nou yo sou konpreyansyon kòz touye moun ; kòz pa touye ; kòz chanjman touye pou rive nan pa touye moun epi vise vèsa ; ak karakteristik sosyete kote pa gen touye di tou. Konesans sa yo nesèsè pou ede nou idantifye lòt solisyon ak aksyon transfòmatif pa touye moun epi nan zòn antenwa ki chita nan kondisyon lanmò zòn newobiolojik estriktirèl kiltirèl sosyalizasyon ak touye moun.

Edikasyon ak fòmasyon

Reyalize tach rechèch konesans sa yo ak transfòmasyon mande bonjan kondisyon nan zafè edisyon ak fòmasyon politològ yo, nan estrikti kourikoula yo nan òganizasyon branch akademik syans politik nan relasyon ak lòt disiplin yo ak nan wòl rechèch edikasyon aksyon syans politik nan sosyete a.

